# OQILMAGAN XAT



Книга должна быть возвращена не позже указанного здесь срока

Количество предыдущих выдач

| | |
|---|---|
| 30.01.17 | 358 |
| 20.03.17 | 745 |
| 23.03.18 | 85 |
| 3.04.17 | 741 |
| 29.01.19 | 1962 |
| 10.08.19 | 145 |

Узб. отд. РППО «Союз» б/ф. 99-1-90 тир. 4.700.00 Г П Зак. Б-22

В 84(5Qar)
X-98

BAHADÍR XUDAYBERGENOV

# OQÍLMAǴAN XAT

RESPUBLIKALÍQ MAĞLÍWMAT-RESURS WORAYÍ
INV №

NÓKIS
«BILIM»
2016

UOK 821. 512. 121-31
KBK 5 Qar
X-98

**Bahadır Xudaybergenov. Oqılmagan xat.** Nókis, «Bilim» baspası, 2016-jıl. 116 bet.

**UOK 821. 512. 121-31**
**KBK 5 Qar**
**X-98**

Jazıwshı Bahadır Xudaybergenov Ámiwdárya rayonınıń Qılıshbay awılında tuwılgan. Tashkent politexnika institutında tálim algan. Diplom boyınsha qánigeligi basqa taraw bolsa da, ol ádebiyatqa ıqlas qoyǵan. Házirge shekem onıń «Soǵinch» qosıqlar toplamı, «Oqibat» povesti, «Asiralgan oltin», «Taqdir o'yini», «Oy nurlari so'nmaydi», «Ko'nglimdagi qotil», «Ayol armoni», «Lavz», «Pushaymon», «Avlodlar o'yini» sıyaqlı romanları óz aldına kitap bolıp shıqqan.

Qolıńızdaǵı kitap avtordıń qaraqalpaq tilinde jarıq kórgen dáslepki shıǵarmaları bolıp tabıladı.

Qaraqalpaq tiline awdarǵan:

**Muratbay Nızanov**

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 87736

ISBN 978-9943-4435-2-5

© **B. Xudaybergenov, 2016.**
*Qaraqalpaqshaǵa awdarma*
© **«Bilim» baspası, 2016.**

T1P

# OQİLMAĠAN XAT

*Povest*

Qaysı kún jaqsı, qaysı kún jaman, aldın ala boljap bolmaydı desedi. Lekin, men aytıw múmkin dep oylayman. Máselen, men ushın eń jaqsı kún — maydıń aqırǵı kúni. Sebebi, bul kún oqıwshılardıń eń úlken bayramı — jazǵı dem alıs baslanadı. Eń jaman kún bolsa, qalǵan aylardıń aqırǵı shembisi. Nege deseńiz, áne sol kúnleri bizde ata-analar jıynalısı boladı. Jıynalıstan keyin bolsa aǵam meniń bir aylıq «esabatımdı» tıńlap, meniń menen jaqsılap «sóylesip» aladı. Bul sóylesiwde men de, aǵam da illa dep awız ashpaymız, tek aǵamnıń belindegi teletin qayıs ǵana «sóyleydi». So, qayıs degen nárseni kim oylap tapqan? Onıń menen sabalawdı she?!

Negizinde shawqımnıń úlkeni juma kúni keshte baslanadı. Men keshte awqattan aldın áste barıp apama (aǵama emes) sıbırlayman.

—Erteń ata-analar jıynalısı, klass basshımız Qaharman aǵa aytıp edi...

—Bar, aǵańa ayt.

—Ózińiz aytıń. Men sizge ayttım ǵo.

Apam maǵan oqırayıp bir qaraydı, men biraq onı «sezbey» ana bólmege kirip ketemen.

Awqat salınıp, hámme dasturqan basına otıradı. Jep bolǵannan keyin úkem Dilbar dasturqandı jıynastıra baslaydı, apam usı waqıtta áste gáp baslaydı.

—Erteń ata-analar jıynalısı eken, balańızǵa aytıp jiberipti.

—Jaqsı boptı, ózin baraber balań menen.
—Nege men barıwım kerek eken?
— Onda kim barıwı kerek, kempir me?
(Kempir — menin kempir apam, ağamnıń anası
Dárwazağa deyin zorğa bara aladı).
— Nege kempir deyseń?! —dep shıtnaydı apam. — Ózin ne?!
— Raxmet! — Ağam jasalmalıq penen qolın kóksine qoyıp minnetdarshılıq bildiredi. — Raxmet! Ótken sapar sabaqqa keshikken baladay tikke turıp, májilis dawamına esitetuğınımdı esittim. Sol jetip atır. Bul ret seniń gezegiń
— O-o, — dep basın ırğaydı apam. — Men Dilbardıń jıynalısına baraman. Erkindikine óziń barasań.
Ağamnıń qabağı úyilip qaladı.
— Nege bárhá Dilbardıń jıynalısına sen bara beresen! Maqtaw sağan, gáp esitiw mağan, solay ma?!
Báribir apam jeńislik bermeydi.
— Ne, Dilbardı tek sen tárbiyalap atırsań ba?
— Ne deseń-ám qız bala anasına, ul bala ákesine tartadı. Ul balağa ákeniń qattı qolı kerek.
Solay etip, uzaq tartısıwdan keyin hárqashangıday apam jeńiske erisedi.
— Máyli, — deydi aqırında ağam uzaq gúrsinip. — Lekin, bul aqırğısı. Keyingilerine óziń barasań!
— Yaqshı, yaqshı, — dep apam ańsat ğana razılıq bildiredi. — Házirgisine barıp kele ber. Keyingisine ele bir ay bar. Oğan deyin esabı bolar.
Apam ornınan turıp asxanağa kirip ketedi. Ağam bolsa házir ğana moynına qoyılğan awır wazıypadan bası qatıp, kóp waqqa deyin úndemey qaladı. Men-ám otırğan jerimnen tapjılmay, túpirigimdi jutıwğa da batına almay otıraman.
— Qáne, mağan aytshı, usı ayda qanday óner kórsettiń?! — deydi ağam únsizlikti buzıp. — Jasırmay óziń ayt. Báribir erteń jıynalısta betime basadı. Sonıń ushın óz awzıńnan esitkenim maqul.
Men basımdı salbıratıp, tap kinolardağı antına sadıq áskerdey «dushpan»ğa sır aldırmay tura beremen.

— Máyli, bar jayıńa, — deydi aǵam mennen gáp ala ımaytuǵının bilgennen keyin. — Erteń óziń búlbúl bolıp ayrap bereseń.

Men áste ornımnan turaman. Aǵam da túrgelip, úy-engen ádeti boyınsha beldemesin bir kóterip qoyadı. Sonda eldemeni uslap turǵan qayıs kóziúe túsip ketedi de, ishim-en qayısqa nálet aytıp qoyaman.

Mektepten keliwden papkamdı úydiń bir múeshine qoy-ıım da, (búgin onı ılaqtırıwǵa bolmaydı), shayǵa da qara-may, shappattay nan sındırıp aldım da, apamnıń kóziniń asasın alıp kóshege zıttım.

Kóshede tap qarańǵı túskenshe balalar menen oynadım, op teptim. Lekin, búgingi oyınnıń onsha mazası bolmadı. Sebebi, ishim áley-túley, úyde meni ata-analar jıynalısınan «waqtı xosh bolıp kelgen» aǵam kútip otır.

Úyge jaqınlaǵanımda dárwazamızdıń aldında qońsımız Dilaram apa shıǵıp qaldı. «Dilaram apaǵa dus keliw, bul jaqsılıqtıń nıshanı emes» dep oylap qoydım ishimnen. Ol shet tiller institutında oqıǵanı ushın ba, kiyiniwleri, gáp sózleri bir túrli, ózgeshe. Áytewir, maǵan jaqpaydı.

Ol meni kóriwden, ádetdegidey ızǵarlı túrde shaǵıp aldı.

— Kir, Erkin. Seni kútip turıptı. Bul aqsham «Vorfolomeyskiy noch» boladı, xi-xi-xi. «Him» dedim ishimnen ǵázeplenip, soń onı aylanıp ótip kettim. «Vorfolomeyskiy» emish! Sen-ám jambasıńa aǵamnıń qayısınan bir-eki dúrre alsań kórereń qanday «noch» bolatuǵının!

Men áste, bildirmey ózimniń jayıma ótip ketpekshi edim, apam kórip qoydı.

— Qayaqta júripseń, qańǵımay iyttey sandalıp? —Apam usınday «álpayım» sózler menen kútip aldı. — Bar, ákeńniń aldına! Qashshannan beri kútip otırıptı.

Men dım úndemey aǵamnıń jayına qaray júrdim.

Esikti ashsam aǵam kresloda gazeta oqıp otır eken. Gazetadan basın alıp qaramadı da. Men-ám sılt etpesten qapınıń aldında tura berdim. Bir waqları aǵam gazetanı stoldıń ústine qoyıp, maǵan tiklenip qaradı.

— He, keldiń be?

Mende ses joq.

— Qáne, mınayaqqa otır, — dedi qarsı aldındağı orınlıqtı kórsetip. Men orınlıqqa jaqınladım da úndemey tikke tura berdim.

— Otır! — dep birden jekirindi ağam. Lekin, men bul jımıyıwdan miyrim-sháпáát kútpedim.

— Otırğanıń maqul, sebebi, ekewmizdiń sáwbetimizden keyin bir-eki hápte otıra almay júreseń!

Sonı aytıp, belindegi náletiy qayıstı bir kórsetip qoydı.

— A-al, qaysısınan baslaymız?

Men basımdı iyip, aqıllı baladay ádep saqlap turman.

— Máyli, aynanı kim sındırdı?

— Men emes.

— Onda kim?

— Men qayaqtan bileyin...

— Yaqshı-ı... Ráwshan qassaptıń balasın ólesi qılıp sabağan da sen emes pe?

— Men emes.

— Yaqshı. Yaqshı, demek tariyx muğallimi Badalovtıń kóz áynegin de sen jasırğan joqsań ğo.

— Yaq, — dedim men, lekin dawısım sonday áste shıqtı, hátte ózim de esitpey qaldım. Lekin, ağam tájiriybesi arqalı ernimniń qıbırlawınan ne dep atırğanımdı túsinip aldı.

— Yaqshı, sabaqtıń yarımınan keyin ishim awırdı dep rus tili muğállimi Bekovtı aldap sırtqa shıqqannan keyin, tánepiske qońıraw shalıp jibergen-ám sen emes pe?

— Men emes.

— Onda kim?

— Bilmedim.

— Demek, muğallimlerińniń bári ótirikshi, jalaxor, tek sen ádepli hám aqıllı ekenseń dá, solay ma?

Men awzıma taqan toltırıp alğan adamday úndemey tura berdim.

— Sóyle!

Mennen ún shıqpadı.

Ağam ornınan turıp, stoldıń tartpasınan kúndeligimdi aldı.

— Tur ornıńnan! — dedi soń kúndeligimdi stoldıń ústine ılap. — Seni tek mınaw adam qıladı.
Men ornımnan turdım.
Haqıyqattan da, aǵam menen sol kúngi «sóylesiw»den keyin birneshe kún otıra almay júrdim. Endi men «Kavkaz tutqını» filmindegi bir qaharmannıń sud qararın tikke turıp esitkenindey, sabaqlardı da tik turıp tıńlar edim.
— Nege qassapxanaǵa baratuǵın buǵaday ayaǵıńdı súyrep basıp baratırsań?
Men bul dawıstan shorshıp basımdı kóterdim. Qasımda ońsı meshit qáwimdegi mennen eki klass joqarı oqıytuǵın Shavkat degen bala tur eken.
— Hesh, ózim, — dedim ashılıspay. Irasında da tap házir meniń kewlimniń xoshı joq edi. Nege eń bolmasa úsh-tórt sabaqtan jaqsı oqıp, qayıs jegenniń ornına maqtaw esitkende bolmay ma?!
Shavkat shıq-pıǵına taqap qoymaǵan soń ırasın ayttım.
— Á-áy, soǵan-ám qapa bolasań ba? — dep qolın bir sermedi ol. — Qayılsań ba, seni bir háptenin ishinde klasstaǵı eń bilimli oqıwshı etip tayarlayman.
Men quwanıp qoya berdim.
— Járdem et, Shavkat!
— Boptı, — dep qayılshılıq bildirdi ol. Shavkat úyge kelgende men sabaq tayarlaytuǵın bólmeniń oyaq-buyaǵın jıynastırıp, sál tazalańqırap qoyǵan edim.
Ol qaltasınan qolın shıǵarmastan, bólmeniń ishin kózi menen sholıp ótti.
— Baslaymız ba?
— Baslaymız.
Ol stolǵa jaqınladı.
— Otır, — dedi jazıw stolına bir qolı menen tayanıp.
— Yaq, men tik turıp tıńlay beremen.
— Nege? — dedi hayran bolıp Shavkat.
— Keshe ata-analar jıynalısı bolıp edi...
Shavkat jımıyıp kúldi.
— He-e, túsinikli.
— Óziń biymálel otırıp sabaqtı baslayber. Men tik turıp tıńlay beremen. Mektepte de házir sabaqtı tikke turıp tıńlap

júrippen, — dedim men-ám kúlimsirep. — Ózíń biymál otıraber.

— Yaq, — dedi Shavkat mağan bir túrli qaras qılıp. — Men-ám túrgelip turıp túsindirgendi jaqsı kóremen.

Ekewmiz de otırmadıq.

— Al, qaysı sabaqtan baslaymız? — dedi ol kitap shkafqa arqasın súyep.

Men hesh oylanıp otırmay kózim túsken kitaptı ayta saldım.

— Fizikadan.

— Yaqshı-ı, — dedi Shavkat saldamlı, tap fizika muğállimim Zayniddin Zayırovqa uqsap. — Fizikadan bolsa fizikadan. Mağan barabar. Fizikadan ba, fizkulturadan ba, parqı joq, baslayberemiz. Qáne, kitaptı al.

Men kitaplardıń arasınan eń semiz kitaptı alıp, oğan usındım. Shavkat kitaptı aldı da, lekin, ashpadı.

— Oqıwshının bilimi ápiwayı sawallar menen tekserip kóriledi, — dedi ol tájiriybeli muğallimler qusap. — Men sağan qıyın sawallar bermeymen, ele hámmesi aldında.

Ol bir zaman tınıp qaldı da, soń kózime tesip jiberetuğınday tigilip, sawal berdi.

— Kitap neshinshi betten baslanadı?

Men albırağanımnan lal bolıp qaldım. Neshinshi betten bolatuğın edi, birinshi betten dá! Bunı aqmaqtan sorasań da aytıp beredi, aljaspay.

Keyin qiráát penen juwap berdim.

— Kitap birinshi betten baslanadı!

Lekin, aqırğı sózim awzımnan shığar-shıqpastan sol semiz kitap mańlayıma tiydi. Kózlerimnen ot shığıp keteyin dedi.

Shavkat kitaptı ashtı da:

— Qara, — dedi. — Kitap úshinshi betten baslanadı. Men basım zırqırap awırıp turıp oylap qoydım: «bunıń kitap penen uratuğının bilgenimde «Úlke tariyxı»nan basla degen bolar edim. Qolıńdağı dápterden sál ğaw bul kitap penen qansha ursa da mıńq etpewge boladı».

Lekin, endi kesh, biz fizikanı baslap jiberdik. Shavkat ne birneshe márte ápiwayı sawallar menen bilimimdi nağannan» keyin, ózi de zerigip esney basladı.

— Má, dawısındı shığarıp oqı, — dedi ol bir temanı rsetip.

Men kitaptı alıp, dawısımdı shığarıp oqıy basladım...

Oqıp bolıp áste basımdı kóterip qarasam, Shavkat kitap kafqa súyeniwi menen qurıldığa keteyin dep tur.

Men onı oyatıp jibermew ushın dem almastan tura berim. Usılayınsha uzaq waqıt turdıq.

Bir waqıtları Shavkat shorshıp kózin ashtı. Men kitaptıń ishine kirip kettim» ol oyaq-buyağına bir qarap aldı da nağan:

— Oqıp boldıń ba? — dedi.

— Boldım.

— Bolsań, — dep ol meniń qolımnan kitaptı alıp, stoldıń hetine qoydı. — Búgingi sabağımız tamamlandı. Eger fizikadan hár kúni usı quraqım tayarlansań demde Nyuton bolasań.

Men endi onnan gúmanlana basladım:

— Shavkat, sen hámme sabaqlardan tórt-beske oqıysań ba?

— Kim ayttı?

— Hesh kim. Tek ózim...

— Irasın aytayın ba? — dep Shavkat oylanıp qaldı.

— Ayt.

— Aytsam, tek geografiyadan zorğa «tórt» alaman. Basqasınıń bári «eki». Geografiyadan «tórt» alatuğınımnıń sebebi, ol muğallimniń qoyları dawıllı kúni shólde adasıp qalğanda men tawıp ákelip berip edim. Sonıń ushın ol mağan «eki» qoya almaydı.

— Onda, — dep hayran bolıp qaldım men. — Sizlerde ata-analar jıynalısı bolmay ma?

— Nege bolmaydı, boladı.

Men ele hayran bolıp turğanımda ol shkaftan beri shığıp, shalbarın jambasına túsirdi.

— Kórdiń be?

— Kórdim.

Kórdim de olarda hár aydıń shembisinde emes, há háptenіń shembisinde ata-analar jıynalısı bolsa kerek de oylap qoydım.

— Búginshe usı tayarlanǵanımız jetedi, — dedi Shavka shalbarın kiyip. — Endi sayǵa barıp shomılıp, bas shamallatıwımız kerek. Keyin jáne miy tazalaǵan soń sa baqqa otıramız.

— Yaqshı, — dep quwjıńlap oǵan ere bergenim, o baqırıp jiberdi.

— Awmasań ba, qolıńa bir kitap alsesh! Apań «qayaqqa baratırsız?» dese ne deyseń? «Sabaqtıń qalǵanın soyaqta tayarlaymız» demeymiz be?

Men dárhál «Úlke tariyxı»n qoltıǵıma qıstım.

Biz shomılıp, quyashta qumǵa awnap jatsaq. Shavka birden «wa-ha-ha»lap kúlip jiberdi.

— He? — dedim men qum dastıqtan basımdı kóterip. — Nege kúlip atırsań?

Shavkat qarnın uslap kúle berdi.

— Joraqul qassaptıń qızın qatırıp bapladım.

— Qáytip?

— «Jaqsı kóremen» dep xat jazıp edim, isenipti biyshara. Quwanǵanınan jılap jiberdi.

Men dárhál janlanıp, qumǵa shıǵanaqlap, gewdemdi tikledim.

— Anıq isendirdiń be?

Ol basın iyzep maqulladı.

— Jorajan, maǵan-ám sonday bir xat jazıp ber, — dep jalına basladım.

— Kimge?

— Oyaǵın aytpayman.

— Aytpasań jazbayman. Aqırı, atı bolmasa kimge dep jazaman?

— Qálegen atıńdı qoyıp jazaber, keyin kóshirip atırǵanda atın qoyıp alaman.

— Bolmaydı, — dedi Shavkat.

Men oǵan qansha jalınǵan menen paydası bolmadı.

— Heshkimge aytpaysań ba? — dedim aqırı kózlerine tik [q]arap.

— Heshkimge, — dedi ol.

— Sóz ber!

Shavkat sóz bergennen keyin ayttım.

— Sayramǵa.

Biz otırıp alıp meniń atımnan Sayramǵa xat jazdıq. Zor [xa]t boldı ózi de! Qosıǵın aytpaysań ba? Men onı qayta-[qa]yta kóshirip papkime, ana tili kitabımnıń arasına salıp [q]oydım.

Erteńine ana tili muǵallimimiz Ráwshan aǵa Akramov [k]lassqa kirdi de, oqıwshılar menen sálemlesip bolǵannan [k]eyin:

— Búgin diktant jazamız, — dedi.

Bizler kitap-dápterdi jıynastırıp, partanıń shetine qoydıq [d]a, diktant jazıwǵa tayarlandıq.

Ráwshan aǵa hár sózin sádde-sádde qılıp aytar, biz ıqlas [m]enen jazar edik.

— Sayram, — dep áste aldıńǵı qatarda otırǵan Sayramdı [t]úrttim. — Má, saǵan iz betten berip jiberdi.

Sayram qayrılıp, qaǵazdı aldı.

— Mansurova! — dedi muǵállim. — Jaz!

Men kózimniń qırı menen Sayramdı gúzetip turdım, ol xattı dárhál dápteriniń arasına saldı da jazıwǵa kiristi.

«Qudaǵa shúkir, — dep qoydım súysinip. — Tánepiste oqıydı. Men bul waqta klasstan ókshemdi kótergen bolaman».

Qulaǵıma heshnárse kirmeydi, tek jazıp otırman.

Tánepis bolıwı menen ózimdi esikke urdım. Házir eger birew «qaysı temada diktant jazdıń» dese ollager, awzımdı asha almayman.

Uzın dálizdegi áynekjayǵa súyenip turǵanımda klasstan Sayram shıqtı da, oyaq-buyaqqa alańlap, meni kórip, beri qaray júre basladı.

Ayaq qolım qaltırap ketti. «Tamam». Aynaǵa qaltıraǵan qollarım menen jabıstım.

Sayram kelip qarsı aldımda irkildi.

— Saǵan ne boldı, ózi?
— Heshnárse...
— Túriń appaq bolıp ketipti?
— Basım awırıńqırap...
— Erkin, — dedi keyin ol. — Xatta ne jazılǵan edi?
— Bilmeymen.
— Kim berdi saǵan?
— Art betten jiberdi, kim ekenin bilmeymen.
— Men onı keyin oqırman dep diktant dápterimniń ishine salıp qoyıp edim, umıtıp berip jiberippen.
— A?! — Men tilimdi tislew menen qaldım. Sonıń menen sáwbetimiz tamam boldı.
Sońǵı qońıraw sıńǵarlawdan kelisim boyınsha mekteptiń arqasına qaray juwırdım. Ol jerde taldıń astında Shavkat meni kútip otırǵan edi. Men-ám papkamdı onıń papkasınıń janına qoyıp otırdım.
— Bir saattan beri kútip otırman, — dedi Shavkat tońqıldańqırap.
— Qayaqta bir saat? Sabaq jańa tamam boldı ǵo!
— Meni keyingi sabaqtan shıǵarıp jiberdi.
— Nege?
— Quwdı dá!
— He-e...
Mektep sharbaǵında sabaq tamamlanıp, qaytıp baratırǵan balalardıń ǵawırlısı esitilip turdı.
— Bileseń be, búgin ne isleymiz? — dep tosattan sawal berdi Shavkat.
— Qaydan bileyin?
— Qoyan urlaymız!
— Yaǵá-ay! — Men otırǵan ornımnan ırǵıp turıp kettim.
— Otır! — dep jekirindi Shavkat. Keyin kesetip qoydı. — Qorqaq!
Men usı jerden anadaydan kórinip turǵan qoyanxanaǵa qaradım. Qoyanlarǵa mekteptiń qarawılı Amanqul ata qáwenderlik eter, oǵan mekteptegi «jas qoyanbaǵıwshılar» dógeregi járdem eter edi.
— Qorqaq! — Shavkat jáne bir márte maǵan usılay gina taqtı da, teris burılıp aldı.

Biraz kegirdeklespeden keyin men sırtta qarawıllap atuǵın, Shavkat ishten qoyan alıp shıǵatuǵın boldı... Len, júregim, xanasına sıymay dúrsildep baratır.

Mektep sharbaǵındaǵı ǵawırlı tıńǵannan keyin Shavkat ewmiz áste ornımızdan turdıq ta, qoyanxana taman jol dıq. Átirapta hesh kim kórinbeydi.

Há demey Shavkat eki qoyandı qulaǵınan uslap alıp ıqtı. Ol diywaldan sekirip túskennen keyin juwırıwımız enen mekteptiń arqa betine shıqtıq.

— Meniń papkamdaǵı kitap-dápterlerdi ózińdikine sal. ol tez! — dep ol entigip, meni asıqtırdı. Keyin bosaǵan apkaǵa eki qoyandı jaylastırdı da, maǵan uslattı. — Abayap kóter! Bul saǵan kitap-dápter emes, qálegeninshe ıńǵıtatuǵın.

Men papkanı júrgende ayaǵıma tiymesin dep, qoltıǵıma ldım.

— Buwaz qoyanlar ma deymen, — dedi Shavkat awzınıń uwı qurıp — Endi buǵan uya soǵıw kerek. Jaqında balaasa, oh-ho, hámme jaqtı qoyan basıp ketedi. Keyin birden ańı ushıp, meni túrtti.

Qarasam, qarsı aldımızda matematika muǵallimimiz Isaq aǵa Saidov kiyatır. Meniń de dizem qaltırap ketti. Isaq aǵa qasımızdan ótip baratırǵanda ekewmiz jabırlasıp sálem berdik. Ol sálemimizdi álik alıp, jımıyıp kúldi.

— Erkinbay, nege papkańdı júdá abaylap kóterip kiyatırsań?

Ornımda qalsha toqtadım.

Shavkat «endi» dep gibirtiklenip baslap edi, qoyanlar tıpırshılap jiberdi de, papka qolımnan túsip ketti.

— Haw, ne bar bunıń ishinde? Isaq aǵa papkam ashıp kórdi de, keyin bizge qaradı — Bul ne?

Biz moynımız salbırap, demimizdi ishimizge jutıp turmız.

Isaq aǵa bizdi muǵallimler bólmesine alıp kirdi. Óyerde uzaq sawal-juwap, pándiw-násiyatlardan keyin, eger biz oqıwımızdı hám minez-qulqımızdı jaqsılasaq, hesh kimge aytpawǵa sóz berdi.

Ekewmiz teńine jabırlastıq!

— Dúzetemiz! Jaqsılaymız!

— Onda, — dedi Isaq ağa kewillenip, — Endi bu qoyanlardı Amanqul ağağa tapsırıń. Shığıp ketken eken uslap aldıq dep.

Amanqul ata qoyanlardı kórip, hayran boldı.

— Qalay shığıp ketti eken?

— Bilmedik, — dedi Shavkat sır bermey. — Isaq mugallim úshewmiz quwalap, zorğa usladıq.

Men awzım ashılıp Shavkatqa qarap turman. Amanqul ata qoyanlardı torğa salmaqshı bolıp baratır edi, Shavkat qoyanlardı ayağan boldı.

— Ózi de buwaz qoyanlar ma deymen...

— Qayaqtıń buwazı? — dedi Amanqul ata gúnkildep. — Erkek qoyanlar ğo... Góshke bağıp qoyıp edik. Ájeli jaqınlağanın sezgen dá, jániwarlar.

— Hámmesi sennen boldı, — dedim Shavkatğa jolda kiyatırıp. — Sennen shıqtı usı pikir. «Hámme jaqtı qoyan basıp ketedi» emish! Erkek qoyanlar eken ğo!

— Men qaydan bileyin, — dep aqlandı ol. — Úlkenligine qarap buwaz shığar dep edim. Eger sen-ám basqalar qusap «Jas qoyanbağıwshılar» dógeregine ağza bolğanıńda qaysıları góshke bağılıp atır, qaysıları buwaz biler ediń. Aljaspas edik sonda. Ayıp ózińde!

— Sende gúná joq á?!

— Qoy endi, olardıń erkek-buwazınan, bir-birimizge tońqıldağannan payda joq. Boları boldı.

Biz úndemey júre berdik. Meniń kewlim alğaw-dalğaw edi.

— Sen ózińdi bir túrli sezip kiyatırsań ğo?

Mende ún joq. Shavkat bir zaman únsiz qaldı da, keyin:

— Bunıń ilajı bar, — dedi.

Men oğan sawal názeri menen qaradım, lekin, úndemedim.

— Sigaret sheksen, kewliń ornına túsedi. Kel, shegemiz.

— Yaq, — dedim men ğázebim kelip, — Men shekpeymen.

— Oy, tırjıq, shekpeydimish! — dedi ol mazaq etip.
— Ózi saǵan eremen dep basım ǵawǵadan shıqpay qaldı. ...yramǵa jazǵan xatımızdı da ol diktant dápter menen ...sıp muǵallimge tapsırıp jiberipti.
— Ne? — dep shorshıp tústi Shavkat. — Awısh eken ǵo, ...i!
— Óziń awısh! Sayram xattı oqıp kórmegen. Diktant ...ıp atırǵan waqıtta berip edim.
Sayram keyin oqıyman dep dápterdiń ishine salıp ...yǵan. Keyin umıtıp, dápter menen qosıp berip jibergen.
— Oqımaǵan bolsa hesh gáp, — dep meni tınıshlandır-... — Eger oqıǵanda bunnan beter tumsıǵıń salbırap keter ...di. Júr, shegeyik, hámmesi esińnen shıǵıp ketedi.
Shavkattıń másláháti menen «shegiw zonası»na — hájet-...anaǵa kirip alıp, sigaret shege basladıq. Tútinge qaqalıp ...aldım.
— Ásterek, awma! — dep jekirindi Shavkat maǵan, jáne ...il menen qosıp qoydı. — Láttepám, tútindi-ám durıslap ...artalmaysań, jáne hámmesin mennen kóreseń-aw. «Basım ...awǵadan shıqpay qaldı» emish! Lámser!
Temeki shegiwdiń qızıǵına berilip ketkenimiz sonshelli, ...asımızda mekteptiń sipsekeshi Saliyma apanıń qalay payda ...olıp qalǵanın sezbeppiz.
— Há, ońbaǵırlar! —dedi Saliyma apa. — Mushtay bolıp ...izlerge sigaret shegiwdi kim qoyıptı!
Salima apa qolındaǵı sipsesin qılıshtay oynatıp, dápinip kele basladı.
Shavkat búyerde de sipseden qaymıǵıp qashıp ketti. Lekin, qaymıǵıwdı men kelistire almadım. Esikke jetip ulgermey-aq, sol iplas sipse moynıma sharp ete qaldı. Men eskekten ayrılǵan kemedey bir shayqaldım biraq jıǵılmadım. Juwırıp Shavkatqa jetip aldım da, Salima apanıń «muǵallimleriñe aytıp, ádebińizdi bergizbesem bar ma?!» degen baqırısın da artta qaldırıp, sesten tez ushatuǵın samolyottay alǵa ushtıq.

Házirgi baylanıs quralларınıń tez isleytuǵını sonshe men ata-analar jıynalısına jetpey-aq, aǵamnıń aldıı «esabat beriwge» otırdım.

— Sen adam bolmaysań, — dedi aǵam aqırıno — Seni jaqsısı Fazıl aqsaqtıń qasına aparıp qos kerek, birge shoshqa baǵasań. Yamasa seni onıń ózi tapsırıw kerek, qırıq shoshqasına qırıq birinshi etip qo baqsın, tárbiyalasın. Qullası, búginnen baslap úkeń men birge sabaq tayarlaysań. Endi seniń menen durıslańqır shuǵıllanbasa bolmaytuǵın qusaydı.

Men awırıwdıń zarpınan bet-awzım búrisip, kitap búkke túsip úńiler ekenmen, bulardıń hámmesine úke Dilbar ayıplı dep oyladım. Eger ol-ám mendey bolǵa muǵállimler onı maqtap, meni jamanlamaǵan bolar e Keyin tayaq ta meniń bir ózimniń jelkemde sınbas edi.

Men úkeme oqırayıp qarap:

— Seni hámme maqtaydı, aǵlashı deydi... Lekin, m saǵan ápiwayı sawallar beremen. Juwap bere almaysań dedim.

Dilbar «sawalıńdı ayt» degendey basın kóterip qara Men bir jótelip aldım da, birinshi sawalımdı berdim.

— Kitap neshinshi betten baslanadı:

Hám men ol «birinshi betten» dewi máttal, júzine sha ettiriw ushın kitaptı qolaylap uslap aldım. Lekin, úke maǵan kózlerin súzip qaradı da, «barshı» dep sabaq qunıǵıp ketti. Sóytip onnan óshimdi ala almadım. Qalǵ ápiwayı sawallar da ishimde qalıp ketti.

Búgin aqırǵı sabaq ana tili edi.

Men búgin pútkil sabaq dawamında júregim ulı dú sirli bolıp Ráwshan muǵállimnen kóz úzbedim. Lekin, o maǵan itibar bermedi, hátte men tárepke burılıp qarama da. Sonnan keyin ózime keleyin dedim: «demek, Sayram bergen xatımdı dápterinen tawıp almaǵan, oqımaǵan, bol masa... »

Muǵallim sabaqtıń sońında diktanttıń bahaları menen tanıstırdı. Meniń bahamdı esitip, hámme hayran qaldı, sebebi, usı waqqa deyin birinshi márte «bes» alıwım edi.

Sabaqtan keyin Ráwshan aǵa hámmemizge juwap berip, ...er Sayram ekewmizdi alıp qaldı.

Ol dápterden keshegi qaǵazdı alǵan waqıtta ayaq-qolıma ...ıratpa tiydi. Sayram bolsa heshnárseden xabarsız, tek ...wshan aǵaǵa tańlanıp qarap otır.

Ráwshan aǵa men oylaǵanday násiyat ta aytpadı, ...ldırmadı da, baqırmadı da, tek:

— Bunday nárseni dus kelgen jerge qoyabermeydi, —dedi xattı áste stol ústine qoyıp, jurnallardı aldı da, klasstan ...ǵıp ketti.

Sayram bolsa ele hayran, birese maǵan, birese stol ...indegi xatqa tigiledi. Xattıń bolsa janı joq, men bolsam ...zıqtay qatıp qaldım.

Ol qaǵazdı aldı da, oqıy basladı. Men kózimniń qırı ...enen ol xattı oqıǵan sayın ráńki ózgerip baratırǵanın ...qlap turman.

Sayram oqıp bolıp, xattı qolınan túsirip jiberdi. Maǵan ...nday tesilip qaradı deyseń, júregim toqtap qalayın dedi. ...eyin xatqa ma, ya partanıń bir jerine tigildi me, meni de ...mıtıp qıyalǵa shúmdi.

Biz sol taqlette biraz otırdıq.

Bir waqta ol ornınan áste turdı da, papkasın da umıtıp, ...oynı salbırawı menen klasstan shıǵıp kete basladı. Men ...nıń papkasın bir qolıma alıp, izine ere berdim.

— Sayram.

Ol toqtamadı.

— Sayram.

Heshnárse demey kete berdi.

— Sayram.

Ol qayrılıp ta qaramastan júrisin dawam etti.

— Sayram?

— Sóyleme... onıń dawısı áste hám sharshańqı esitildi.

Biz endi ekewmiz de tım-tırıs jolımızdı dawam ettik. Ádettegidey awılǵa qarap emes, say boyına qaray barar edik.

Sayram say boyındaǵı qurǵaq ajırıqqa eki dizesin qushaqlawı menen suwǵa tigilip oyshań otırdı. Men de papkalardı áste jerge qoyıp, janına otırdım.



RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 87736

Say lepirip, jaǵaǵa urıp-qaytıp aǵıp tur.

— Sayram... keshir meni...

— Nege meni masqara qıldıń, Erkin?

— Sayram, men... Ollager, hesh... masqara qılǵ
joq... Irasında da seni... men... Sayram...

Sayram maǵan sulıw kózlerin tigip qaradı.

— Endi mekteptegi hámme balalar meniń ústimnen
ledi, masqara qıladı.

— Kim ayttı? — dawısım qattıraq shıǵıp ke
— Heshkim seni masqara qılmaydı! Men seni jaqsı...
seni hesh kimge aytpayman. Ant ishemen, Sayram! Ira
da men... men seni...

— Aytpa...

Keyin biz saydaǵı aǵıstı, jaǵadaǵı may topıraqtıń
penen jemirilip túsiwlerin, maysalardıń aǵıs penen qo
tebireniwlerin uzaq waqıt tamashalap otırdıq.

— Erkin, — dedi bir waqta Sayram, onıń dawısında k
menengi oyshańlıq hám ǵamgúnlikten iz de qalmaǵan
— Kel, endi bárqulla birge sabaq tayarlaymız.

## JETI ÍQLÍM ÍSHQÍSÍ

*(Ádebiy scenariy)*

Aytbay máykisheńlenip jer awdarıp atır edi. Jumıs penen ...mbıl bolıp qońsı qızdıń páskeltek diywal arqalı oǵan ...rap turǵanın abaylamadı. Qız onı bir zaman kúlimsirep ...zetip turdı da birden pırq etip kúldi. Aytbay jalt qaradı.

— Haw, Gúlchehra!

— Harmań, Aytbay aǵa! Assalawma áleykum!

Aytbay kútilmegen sálemlesiwden bir zaman albıranqırap ...ldı.

— Waleykum... kel, Gúlchehra, kel!

Gúlchehra keldi.

— Keldik.

— Keshirersiz, — Aytbay sonda ǵana barıp onıń aldına ...lıǵıw kerekligi esine túsip, diywalǵa qaray júrdi. Sálemlesti.

— Jaqsımısız?

— Raxmet. Xızmetler jaqsı ótti me, Aytbay aǵa?

— Jaman emes... Jigit qońsı qızdıń janıp turǵan kózlerine názer salar eken, awzına durıslıraq sóz túspedi. — Ózińiz qalaysız? Oqıwlarıńız?

— Jaman emes, — dep kúldi qız oǵan juwap iretinde. — Arasında názer-ám salmaysız, qońsı úyde bir qarındasım bar edi dep. — Qız jigitke naz qaras qıldı.

— Qońsı qızdıń ózi de sorastırıp qoysa jaman bolmas edi, — dedi jigit. Ol endi biraz ózin basıp alǵan edi.

— Soradım, — dep jadırap kúldi qız. — Rayonǵa ketken ekensiz, voenkomatqa. Aytqanday, bir gáp esittim, ras pa? Tashkentke baratırǵan qusaysız.

— Awa, sondayıraq, — dep jımıydı jigit. — Tek siziń razılıǵıńız kerek bolıp turıptı.

— Way-way-way! — dep átirapqa qorıqqanday bolıp alaqlap qaradı qız. — Aytatuǵınına qarań!

— He, ne boptı? — dep qızdıń kózlerine hóktem tigildi — Razımısız?

— Ózgerip kettińiz be, deymen — dep qız ókpeli qarap qoydı.

— Ózińizge de bir qarań!

— Maǵan ne bolıptı?

Jigit qızdıń oynaqı kózlerine tik baǵa almay názerin alıp qashtı.

— Júdá basqasha bolıp... shıraylanıp ketipsiz.

— Heshqandayda!... Irası, qashan ketejaqsız, Aytbay aǵa?- qız mulayımsıp, miyirmanlıq penen soradı.

Bul mulayımlıqtan jigit tolqınlanıp ketti.

— Bir-eki kúnnen keyin, dedi áste. — Úydegilerdiń diydarına toyıp alayın. Buyaqtan keliń...

Usı waqıtları dárwaza betten dawıs shıqtı.

— Aytbay? Há Aytbay?!

— Shaqırıp atır, — dedi qız. — Barıń.

— Aylanıp keliń, yaqshı ma?

Aytbay «házir» dewi menen kóylegin iynine taslap háwli tárepke júrdi.

Dárwazanıń aldında Aytbaydıń uzaǵıraq aǵayinleri Rasul aǵa kútip turǵan edi.

— Haw, Aytbay, aman keldiń be, qosshım?

Olar qushaqlasıp kóristi.

— Qara, dırday jigit bolıpsań? Áskerlik birden erjettirip jiberipti! Isenseń, házir tuwrı sapardan kiyatırman. Mine, qolımda sumkam da bar. Mashinada kiyatırıp esitip qaldım. Sóyttim de, «Mineyerde meniń bir inim bar, kórip shıqpasam bolmaydı» dedim.

— Raxmet, Rasul aǵa, úyge kiriń...!

— Qáne, qáne, basla!...

Olar háwliniń bir shetindegi tapshanǵa otırdı.

— Qáne, awmiyin! Alǵaysań, aldırmaǵaysań! ...

— Wáy, inim-áy, áskerlikti de tamam qılıp keldim de!

— Pitti. Óziniz qalaysız? Úkelerim...

— Úkeleriń úlkeyip atır. Nasırdı oqıwǵa jaylastırdım, avtoslesar boladı. Óz halına jiberseń, esi-dárti bazar. Aldı-sattı menen shuǵıllanajaq. «He, amanlıq pa» desem, házir bazar siyasatı» deydi. «Biykar aytıpsań, dedim, sen aytqan aldı-sattınıń siyasatqa baylanısı joq» dedim. Sen óner úyreneseń, úndemeseń eki-úsh jorası menen Xiywa menen Xanqanıń ortasında bardı-keldi qılıp júrejaq. Qaytardım. Jaqsı boldı, áp-ánedey oqıp atır. Qolı da úyrenisip kiyatır, mashınnıń óyer-búyerin shuqlaydı... Apa, qalaysız, azamat kelip qaldı!

Aytbaydıń apası shay alıp keldi. Kórisip, hal-awhal sorasqannan keyin asxanaǵa qaray ketti.

Al, endi óziń haqqında ayt, ne qılmaqshısań?

— Tashkentke barıp, oqımaqshıman.

— Durıs onıń. Qanday tarawda oqıysań?

— Aviaciya boyınsha.

— Aviaciya? — Rasul aǵa iseninkiremey qarap qoydı.

— Áskerlikte aviaciyada xızmet qıldım. Soǵan bola...

— Onda jaqsı eken, ǵayrat salaber! Al, endi bizge ruxsat, — dedi Rasul aǵa kesadaǵı shayın sırqıp iship, dasturqannıń shetine tóńkerdi de. — Qáne, awmiyin!

— Azıraq otırmaysız ba?

— Kelemen jáne! Awmiyin, alǵaysań, aldırmaǵaysań! Allaku akvar!

Asxanadan hayal shıǵadı.

— Rasul, palaw asıp atırman.

— Sapardan kiyatırman. Mine, sumkam ele qolımda júr. Palawdı Aytbaydıń toyında jeymiz.

— Ilayım, aytqanıńız kelsin, — dedi hayal pátiya etip.

Aytbay miymandı shıǵarıp salıp, bir zaman oyǵa shúmdi. Kóz aldında qaǵazdan samolyot islep kósheni basına kóterip júrgen balalar elesledi.

Tapshanda ana-bala birgelikte shay iship atır.

— Gúlchehra áp-ánedey qız bolǵan eken,—dedi apası oylamaǵan jerden.

— Qaysı Gúlchehra? — dedi Aytbay jalt qarap, soń eki beti qızarıp ketip, jerge qaradı.

Ózimizdiń Gúlchehra dá! Sen oyaqta júrgeninde kúnde sorap turatuǵın edi, Aytbay aǵam xat jazıp tur ma, awhalları jaqsı ma eken dep.

— Mázi kewil ushın soraǵan shıǵar dá!

— Ádepli qız, balam, — Tashkentke barsań, tez-tez xabar alıp tur. Qız bala zerigip qalmasın, qońsıshılıq. Aǵa-qarındas bolıp óskensiz. Yaqshı ma balam?

Aytbay biliner-bilinbes basın iyzep qoydı.

— Ájep emes, duz-nesip qosıp júre me...

— Apa, qoyıń sonday gáplerdi. — Aytbay anasın onnan arı sóyletpedi. — Ádep oqıwlar bir jaqlı bolıp alsın! ele jumıslar kóp islenetuǵın!

— Bilemen jumıslarıńdı! Qıyalıń ál-aspanda! Meni de oylamaysań ba? Maǵan bir kelin ákelip berip, kewildi jámlep, keyin ayǵa ushsań da usha bermeyseń be?!

— He-e! — Aytbay kúlip jiberdi. — Ayǵa ushıwdı ańsat dep oylaysań ba?! Ápiwayı bir ushıwshı bolıw ushın qansha miynet kerek, qansha mashaqat...

— Niyetiń tuwrı bolsa áste-aqırın hámmesine erise beréseń, balam. Hámme gáp niyette! Áskerlikte de biraz nárse úyretken shıǵar?!

— Awa, dá!

Aytbaydıń qıyalınan aviaciyada xızmet qılǵan payıtları ótedi. Áskeriy hawa kúshleri, parashyuttan sekiriwler. Samolyotqa juwırıp barıwlar. Samolyotlardıń párwazı.

Eki jawıngerdiń ushıwshı bolıw haqqındaǵı sáwbeti.

Jawıngerlerdiń birewi Rustem, ekinshisi Aytbay.

— Oqıwǵa qashan barasań balam? — Aytbaydıń qıyalın anasınıń dawısı bólip jiberdi.

— Rustem kelsin, oylasıp kóremiz.

— Jaqsı dos tawıpsań. Shaqqan balaǵa usaydı. Ilayım kóz tiymesin!

Aytbay anasına qarap qoydı.

Aytbay tań azanda tambasınga shıǵıp, sıyırlarga ot taslap atır edi. Kóshede motociklin harıldatıp kiyatırǵan jigitke kózi tústi. Serlep qarasa xızmetles dostı Rustem eken. Dárhal tambasınan túsip, aldınan shıqtı.

— Aytbay, Tashkent kútip qaldı ǵo! — dedi Rustem.

— Qashan júremiz deseń men tayarman.

— Seni alıp ketiwge keldim. Ájaǵam mashinası menen shıǵarıp saladı.

— Júdá jaqsı. Onda sen bir kesa shay iship tur, men házir...

Aytbay jol ánjamın kórip atır edi:

Gúlchehra da sizler menen kete me? — dedi anası.

— Yaq, apa.

— Nege óytip atırsań? — dep hayran boldı Nargúl apa.

— Qız bala menen jetelesip júrgim kelmeydi.

— Birge ketseń járdemi tiyer edi dá, jay-pay izlewge...

— Bir ózim emespen ǵo, joram bar. Siz dım uwayımlamań, apa, hámmesi jaqsı boladı!

— Óziń bileseń dá, máyli aman barıńlar!

* * *

Úrgenish aeroportı.

Rawshan bilet alıp atır.

Aeroport zalına kirip kelgen Gúlchehra jigitlerge kózi túsip quwanıp ketti.

— Há qashaq! Jalǵanshılıǵıń azday...

— Aytbaydı men májbúrlep alıp kettim, — dedi Rustem házir juwaplıq penen.

— Jaqsımısız? oynap aytıp atırman-aw. Men-ám búgin qaytıp baratır edim. Bilet aldıńız ba?

Aytbay náwbette turǵanlardı kózi menen nusqadı.

— Rustemniń ájaǵası alıp atır.

— Men bolsam seni izlep apańnan sorap júrmen.

Kúlip turıp aytsa da, Gúlchehranıń ókpeli qarasınan Aytbay qısınıp ketti.

— Bul Rustem, — dedi ol óziniń qısınǵanın sezdirmew ushın. — Xızmetles dostım. Qońsı awıldan.

Gúlchehra Rustemge qolın sozdı.

— Gúlchehra! Aytbay aǵanıń qońsısıman.

Rustem Gúlchehranıń qolın jibermey turıp, házillesip qoyadı:

— O-ha! Qońsı qız deyseń-á!

— Qurılıs texnikumında oqıydı, Tashkentte!

— Zor ǵo! Bolajaq injener!

— Siz de aviaciyaǵa kirmekshimisiz? — dedi Gúlchehra.

— Shaması Aytbay kewlindegi hámme gápti sizge aytıp bergen be deymen!

— Awa dá! — dedi Gúlchehra kúlip.

— Aytbay qáyerde bolsa biz de sóyerdemiz, — dedi Rustem.

Aytbay menen Gúlchehra bir nárselerdi sóylesip alıw ushın shetirekke shıǵadı. Rustem olardıń izinen qarap qaladı. Gúlchehra oǵan da unap qalǵan sıyaqlı.

— Rustem menen ádepten kelisip qoyıp edik.

Aytbay Gúlchehraǵa da bilet alıw ushın Rustemniń ájaǵasına jaqınlaydı.

— Rawshan aǵa, jáne bir bilet qosıp alıń, mine pulı.

— Boladı, Úshewine, apay ... Tezirek jazıń, bolmasa házir tórtew boladı.

* * *

Tashkent aeroportı.

Olar trolleybus bándirgisine qaray júrdi. Gúlchehra keletuǵın trolleybustı kútti. Sonıń arasınsha trolleybus ta kórindi.

— Biz seni uzatıp qoyamız, — dedi Aytbay.

— Yaq, yaq, — dedi Gúlchehra qolaysızlanǵanday bolıp. —Onısız da sizlerge biraz táshwish boldım. Buyaǵına ańsat jetip alaman. Aytbay aǵa, endi siz de usı jerdesiz ǵo, kelip turıń, yaqshı ma?

Gúlchehra xoshlasıw ushın jigitlerge qol sozdı.

— Raxmet sizlerge. Mına qaǵazǵa ardeslerdi jazıp qoyıppan.

— Jaqsı barıń. Ornalasıp alǵannan keyin álbette baraman. — Aytbay qaǵazdı kóyleginiń tós qaltasına salıp qoydı.

Gúlchehra trolleybusqa minip, jigitlerge qol bılǵadı: «Kóriskenshe!»

Jigitler avtobuslar betke júrdi.

— Gúrlenlilerge sálem!

Jigitler dawıs shıqqan tárepke qaradı.

— Haw, Erkin aǵa ǵoy!

— Oqıwǵa kiyatırsız ba, deymen á?! Erkin aǵa olardıń qasına jetip kelip, qushaqlasıp kóristi.

— Awa, Erkin aǵa, búyerde neǵıp tursız? — dedi Rustem.

— Jurttıń mútájin pitireyin dep turmız dá!

Qoylıq, Chorsu, Chilanzar ... Parij dese de aparıp qoyamız!

— Parijde ne bar, Erkin aǵa, ózimizdiń Tashkentti aylanaberiń, — dedi Rustem. — Bizlerge sál jay tabıw qıyınıraq bolajaq.

— Tabamız! Qanday jay bolsın, háwli me, dom ba?

— Házir jay tańlap otıratuǵın waqıt pa? — dedi Aytbay. — Jaylasıp alsaq boldı dá!

—Mine degen jay bar! — dep bas barmaǵın shertildirip kórsetti. Erkin aǵa. — Qáne mashinaǵa otırıń!

Trolleybuslar qatarı artta qaldı. «Jiguli» on bes minutlar shaması júrip, kóshege burıldı. Azǵantay júrdi de, kók esiktiń aldında toqtadı. Erkin aǵa mashinadan túsip!

— Jigitler, jetip keldik! — dedi. Soń kisesinen gilt shıǵarıp, esikti ashtı.

— Ózińizdiki me? — dedi Aytbay hayran bolıp.

— Tánhá ózimdiki! Tartınbastan kireberiń!

Jigitler Erkin aǵanıń izine erdi.

— Meniń de sizler qatarı balam bar. Házir áskerlikte pitkerip keliwden oqıwǵa kirgizbekshimen. Sonıń ushın áwelden usı háwlini alıp qoydım, — dedi Erkin aǵa júrip kele berip. — Bir jılǵa deyin biymálel tura beriwińizge boladı.

— Júdá bir zor ne qıldıńız dá! — dedi Rustem quwanıshın ishine sıydıra almay. — Siz bolmaǵanda dalada qalar ma edik?

— Alla isimizdi ońǵaradı, — dep maqulladı Aytbay da. — Raxmet sizge, Erkin aǵa!

— Raxmetti keyin aytasız. Qáne, ishkerileń. Háwlige kóz-qulaq, bolıp tursańız boldı, — dedi Erkin aǵa. — Qońsılarım jaqsı. Jabbar degenniń minezi shataǵıraq. Sonnan abaylıraq bolıń.

— Maqul.

— Keyin kóresizler. Oqıwǵa kirip ketseńiz jataqxanalı bolarsız.

Jigitlerge kishkene, lekin sulıw, ápiwayı etip bezelgen bólme maqul tústi.

— Hámmesi aytqanıńızday boladı, joldas komandir! — Rustem oń qolın shekesine qoyıp qatıp turdı.

— Maqul. Úydi sizlerge, sizlerdi qudaǵa tapsırdım. Jaqsı otırıń. Kliyentler kútip qaldı.

Jigitler Erkin aǵanı esikke deyin shıǵarıp salıp, keyin úyden alıp shıqqan nárselerin jaylastıra basladı.

... Olar azanda erte turıp, shıraylı gúlzar ishindegi krannan bet-qolların juwdı. Rustemniń shaytanshılıǵı uslap, jorasınıń jaǵasınıń ishine suw quyıp jiberdi.

— Oy! ele solay ma? — Aytbay dárhal Rustemniń belinen uslap, suwǵa qaray iyterdi.

— Bul ne shawqım?! — degen dawıs keldi diywaldıń arjaǵınan. — Qáne, óshiriń!

Aytbay Erkin aǵanıń eskertkeni yadına túsip, Rustemdi qoyıp jiberdi.

— Jabbar aǵa!

Sálden keyin jigitler azangı xalqastıń hareketine kirisip atırǵanda, háwliniń sırtqı esiginen balıq kóz, jalpaq murın bir kisi tup-tuwrı kirip keldi.

Jigitler húrmet júzesinen orınlarınan turıp sálem berdi.

— Waleykum, him-m... Kvartirantsızlar ma? — qońsı olarǵa suqlanıp názer saldı.

— Abiturent! — dep Rustem tik qatıp juwap berdi. — Oqıwǵa keldik! Qáne, dasturqanǵa otırıń!

— Him-m... Oqıwǵa deyseń-á?! Jaqsı. Meniń atım Jabbar. Jan qońsıman. Shawqım súrendi jek kóremen. Sizler

jassız. Sonı umıtpańlar. Shay ishiwge kelgenim joq. Jaqsı bolsańız ózlerińizge payda. Keyin, jeńil ayaq qızlardı ertip kelip, araq-paraq iship, tansı-pansı oynap júrmeysiz! oqıwma-oqıw!

— Aytqanıńızday boladı, — dedi Aytbay saldamanlıq penen. —Raxmet aǵa!

Jabbar aǵa oǵan isenimsizlew názer salıp, shıǵıp ketti.

— Oqıwǵa kirip alayın, bir kún-ám turmayman bul úyde! — dedi Aytbay gúrsinip.

Aytbay menen Rustem oqıwǵa kiriw ushın tayarlıqtı baslap jiberdi.

Aytbay waqtı-waqtı Gúlchehradan xabar alıwǵa barǵanda biraz júrińkirep keler edi.

— Awa, jánanıńız benen júrip, waqıttıń ótkenin umıtıp kettińiz ǵo, — der edi Rustem.

— Qayaqtıń jánanı? Ele men Gúlchehraǵa qolımdı-ám tiygizip kórgenim joq.

— Iras aytıp tursań ba? — Rustemniń kózleri jaynap keter edi. — Onda usı waqıtqa deyin neǵıp júrsiz?

Aytbay kúledi:

— Adam bir-birin bilip, túsinisip alıw kerek ǵo...

— Qońsı bolsańız, bir mektepte oqısańız, elege deyin bir-birińizdi túsinbegenińizge hayranman.

— Ol waqıtları jas bala edik. Endi bolsa... túsindiriw qıyın dá. Bir qarasam mende kewli barday seziledi, bir waqları ... Yaq.

— Qıyın eken. — Rustem jambaslap jatıp, qıyalına bir pikir keldi de, ushıp turdı. — Onı bir jerge miráát et, muzqaymaqqa ma... Ekewmiz birge baramız.

— Qolaysız bolmay ma?

— Dım jaqsı boladı.

— Meyli.

* * *

Gúlchehra, Aytbay hám Rustem.
Aytbay tartınıp otırıptı.

Rustem annan-munnan gáp tabadı, Gúlchehranı kúldiredi.

Aytbay bolsa nederin bilmey, arasında qosılıp kúledi.

— Á-áy, bunı aspan degen jin urǵan! — deydi.

Rustem Aytbay haqqında sóylep. — Buǵan samolyot, aspan bolsa boldı, basqa nárse menen isi joq.

Gúlchehra állenárseden gúmanlanǵanday, kúle-kúle Aytbaydan soraydı.

— Sonday ma, Aytbay aǵa?!

— Júdá bórttirip jiberdi dá, Rustem!

— Onday emes de, yaqshı, onday emes dá! — Rustem sózin dálillemekshi bolıp shırpındı. — Hátte Gúlchehra menen ushırasıwǵa da seni ózim zorlap alıp keldim ǵo!

— Ótirik gápti qoysa!

— Gúlchehranı muzqaymaqqa mirát et degen kim?! Ne boptı?

— Áne-e, ras pa eken?

Gúlchehra ashıw menen ornınan turıp, sumkasın asınadı.

— Yaqshı, men kettim. Ádep ózleriniz kelisip alıń.

Aytbay shaqırdı.

Gúlchehra qaramay ketedi.

Aytbay Rustemge ókpeleydi:

— Ne keregi bar edi sonday gáplerdiń?!

— Ókpelep qayaqqa baratuǵın edi? Kewli bolsa báribir qaytıp keledi.

Aytbay onıń sózlerinen qapa bolıp, kewline tiyip almaw ushın ornınan turıp ketedi.

Rustem onıń izinen shaqıradı.

— Háy, Aytbay, qayaqqa? Jinlimiseń?!

* * *

Aytbay kóshede kútilmegende xızmetles jorası Qádiralini duslastırıp, ekewi qushaqlasıp kóristi.

— Wáy, Qádirali-áy! — dedi Aytbay quwanıshın jasıra almay.

— Haw, endi tek sizler oqıp qoya beresiz be?!

— Biz-ám baxtımızdı sınap kóreyik! — dedi Qádirali kewilli túrde dostınıń iyninen qaǵıp. —Politexnika institutına hújjet tapsırdım.

— Zor bolıptı! — dedi Aytbay.

— Turatuǵın jay taptıńız ba? — dedi Qádirali.

— Taptım, — dedi Aytbay. — Usı qatarda Rustem ekewimiz turamız.

— Qaysı, Rustem? — dedi Qádirali esine túsire almay.

— Biziń vzvodta xızmet qıldı ǵo?

— Orta boylı ya?

— Awa, awa.

— Sizlerdiń vzvodta... He, endi esime tústi. Xorezmli emes pe edi ol da?

— Awa, bir awıldanbız.

— Qashan keldińiz?

— Ótken ayda. Óziń she?

— Úsh kún boldı. Waqtınsha jataqxanadaman.

— Onda bizler betke keliń, — dedi Aytbay. — Birge turamız.

— Qoy, sizlerge júk bolmayın...

— Áy, Qádiráli! Qoysa sonday gápti! Qáne, júr.

Aytbay Qádiráliniń iynine qolın saldı. — Tap bir kazarmada turǵanday jasay beremiz.

Erkin aǵanıń háwlisin eki saat ishinde mintazday etip tazaladı. Keyin úshewi shıǵarıspaq etip pul jıynap, islegen bazarlıqların sıpaǵa qoyıp, palaw asıwǵa tayarlıq kóre basladı. Qádiráli «bunday jumıstıń pirimen» dep aspazlıqtı moynına aldı. Sherikleri oǵan geshir-piyaz tuwrawda járdemlesti. Gósh quwırılıp bola kelgende Rustemniń taqatı shıdamadı.

— Palaw tayar bolǵansha azımaz «iysin» shıǵarıp jibereyik, — dedi.

— Qatıp keter edi! — dedi Qádirali alaqanların ısqılap. —Qoydıń mayın aralastırıp, ústine piyaz tuwrap qoyıppan. Ash, Aytbay!

Úshewi oyın-kúlki menen kesalarǵa araq quyıp, oqıwǵa kirip ketiwi ushın iship aldı.

— Uh-hu! — dedi Qádirali zakuskadan awzına salıp atırıp. — Bunsha záhárin qáyterseń!

Ishimdi órtep jiberdi ǵo!

— Lekin, keypi mazalı dá! — dedi Rustem quwnaqlıq penen. — Dostıń ushın záhár ish degen!

Qádirali qalayı tabaqtı alıp sherte basladı.

Atlas kóylek ishinde wa-hay bala!
Búrge newe qıladı, wa-hay bala!
Jaslıǵıńda oynap qal, wa-hay bala!
Oylay berme gúnanı, wa-hay bala!

— Há, yo-osh! — Rustem kewillenip Xorezm lázgisine túsip ketti. Bir aylanıp kelip, Aytbaydı ortaǵa tarttı. — Qáne, yashullı, ortaǵa!

— Yaqshı, yaqshı, — dedi Aytbay qońsınıń diywalı betke qarap. — Qáytip oynasaqta ishte oynayıq.

—Tuwrı! — dedi Qádirali lapar aytıwdan toqtap. — Gúrish tayarma, Aytbay! Rustem, sen dógerekti jıynastır. Dasturqan tayar!

Palaw demlenemen degenshe jaslar shiysheni bosatıp, házil-dálkek penen háwlini basına kóterdi. Birazdan keyin Aytbay Qádiralige ımlap, palawdı salıw kerekligin esletti. Olar birgelikte sırtqa shıqtı. Usı payıtta háwliniń esigi tıqıldadı.

— Ki-im?—dedi Aytbay esiktiń awzına barıp.

— Ash esikti, Jabbarman! — Aytbay esikti ashıw menen balıq kóz qońsı dawrıqtı saldı. — Tınıshlıq beresiz be, joq pa? Házir miliciya shaqırıp berip jiberemen.

— Keshirersiz, aǵa...

— Neni keshiredi?! «Wa-hay bala, wa-hay bala» dep shıńǵırısıp, jáne keshirim soraysız á?!

— Armiyada birge bolǵan dostımızdı ushıratıp qaldım, — dep túsindiriwge urındı Aytbay.

Soǵan azǵantay bayram qılıp edik...

— Bayram emish!- Jabbar aǵa awzın qıysayttı. — Usınday dá, házirgi jaslar... Ata-anam pul jıynap, oqıwǵa jiberedi. Bular bolsa bayram qıladı. Há, bayramınnın...!

—Ishkerileń aǵa, palawdan awız tiyiń,—dedi Qádirali.

— Á-áy! — dep qolın sermedi Jabbar aǵa. — Palawıńızǵa óleyin dep turǵanım joq.

Ol shıǵıp ketedi.

— Oy, ánaǵar-áy, — dedi Qádirali iyni túsip palawdı salıp atırıp. — Kelgeniń ne, ketkeniń ne?! Kirip otırıp, mazalı-mazalı gáplerden aytıp, tórtewimiz waq-shaq bolmaymız ba?!

— Bizden qapa bolıp shıǵıp ketti, — dedi. Aytbay gósh tuwrap atırıp. — Endi awqattı tez-tez jeyik.

— Áy, barsın-á! Nesinen qorqamız so iyttey iyiskelenip júrgen kimseden! Biz ne, adam qusap kúlip-oynawǵa haqımız joq pa? Qádirali, ash ekinshi shiysheni!

— Bunı keyinirek isheyik. Jaqsılıq kútip bolmaydı bul adamnan! — dedi Aytbay.

— Kim boptı sol Jabbar degeniń?! Miliciya shaqıra ma? Shaqıra bersin! Xojeyin bolıp qaptı júdá...

— Meyli Aytbay ishpese ishpey-aq qoysın, — dedi Qádirali. Ol araqtı qolına alıp, endi eki kesaǵa quyayın dep atır edi, jáne sırtqı esik tıqıldadı. Rustem múlgiy basladı.

— Áne, ayttım ǵo, — dedi Aytbay sıbırlap. — Bizlerdi alıp ketiwge keldi.

—Aytbay, bizden kóre sabırlıraqsań, óziń sóyles,—dedi Qádirali.

— Yaqshı. Biraq, sizler tınısh turıń.

Aytbay esikti ashıp, sırtta turǵan eki miliciya xızmetkerin kórdi.

— Assalawma áleykum, xızmet?

— Usı háwlide iship alıp shawqım kóterip atırǵanlar bar eken, biz shaqırıw boyınsha keldik.

— Búyerde mennen basqa hesh kim joq.

— Siz úy iyesimisiz?

— Awa.

— Sizden araqtıń iyis shıǵıp tur ǵo!

— Házir toydan kelip edim. Úydegiler ele soyaqta. Qáne, ishkerileń, toydan nesiybeńiz bar eken.

— Raxmet. Xızmettemiz, — dedi tolıqlawdan kelgen jası úlkenlewi.

— Jalǵan shaqırıw bolıptı, — dedi janındaǵısı. — Qayttıq, Usman aǵa.

— Tınıshıńızdı alǵanımız ushın keshirersiz, — dedi jası úlkeni. — Qapa bolmaysız.

— Bir kesa shay...

— Ireti bolar... Yaqshı, aman bolıń.

Aytbay esikti támbilep, izge qayttı.

— Ne boldı? — dedi Qádirali.

— Ketti. Rustem uyqıladı ma?

«Tınshıp» qaldı.

— Kótere almaptı dá. Máyli, quday jarılqap aman qutıldıq. Oǵan da shúkir.

* * *

Keshqurın Rustem ózgeshe keyipte kirip keldi. Tamaq jep atırǵanda da qıyalı basqa jaqta edi.

— He? — dedi Aytbay. — Jabbar aǵanıń baqırısınan júregiń jarılıp qaldı ma deymen?

— Gáp onda emes, — dedi Rustem ózin zorlap jımıyıp.

— Onda nede? — dedi Qádirali.

— Qapa bolmań, — dedi Rustem Aytbayǵa. — Men hújjetlerimdi basqa jaqqa tapsırdım.

— Qayaqqa?

— Politexnika institutına, qurılıs fakultetine.

— Birge oqıydı ekenbiz, quda qálese, — dep qoydı Qádirali.

— Nege endi qurılıs fakultetine? — dep hayran bolıp soradı Aytbay. — Ekewimiz birge tapsıramız dep edik ǵo?!

— Keshirerseń, endi... — dedi Rustem ózinshe qolaysızlanıp. — Men sóyerden adam taptım.

— Qanday adam?

— Oqıwǵa kiriwge járdem beretuǵın.

— Ele oqıwǵa kiriwge adam da kerek pe? — dep ańı ushıp ketti Qádiralinin.

—Adamsız oqıwǵa kire alasań ba? — dedi Rustem ırjıyıp Aytbayǵa qarap. — Qáleseń seni de sol fakultetke sóylesip beremen. Aviaciyada ne bar? Armiyadaǵı jaǵday ótip ketti. Biziń jaǵdayımızda bul kásip onsha áhmiyetli emes. Qurılıs basqa. Bir avtobus bándirgisin salıwdıń esabınan óziń eki etajlı jay tiklep alasań.

— Sen oqıwǵa kirejaqsań ba ya urlıq úyreniwge me?— dedi Aytbay.

— Qanday urlıq?! Urlıǵıń ne? — dep qolların jayıp, Rustem bilgishlik kórsetti. — Házir hámme de sóytedi. Bunıń atı urlıq emes, isbilermenlik. Túsindiń be, isbilermenlik!

— Isbilermenlik deyseń be, basqa deyseń be, bunıń hesh qanday parqı joq,—dedi Aytbay ashıw menen. — Bul qıp-qızıl urlıq!

— Máyli, senińshe sonday-aq bolaǵoysın,—dedi Rustem zil menen. — Kóremiz, tuwrılıq penen qáyerge deyin barar ekensiz?

Qádirali ekewiniń jánjellesip qalıwınan qorqıp, aranı jumsartıw ushın qolına «dápti» alıp «wa-hay bala» nı baslap jiberdi.

* * *

Aytbay oqıwǵa kiriw ushın qızǵın tayarlıqtı baslap jiberdi. Aqshamları stol ústine lampa qoyıp hár qıylı sızılmalar sızadı, kitap oqıydı, Gúlchehranıń súwretine waqtı-waqtı qarap qoyadı da, barıp xabar alıwǵa waqtın qıymay, keyinge qaldıradı.

* * *

— Gúlchehra!

Gúlchehra bul dawıstan artına jalt burılıp qarap, Rustemdi kórip hayran boldı.

— Siz buyaqta neģıp júrsiz? — dedi sálemlesip.
— Sizdi kóriwge keldim.
— Meni kóriwge?!
— He, nege tań qalasań?
— Yaq, tań qalıp atırǵanım joq... Sonda da... Aytbay aǵa qayda?
— Á-áy, — dep qolın sermedi Rustem.
— Aytbaydıń seniń menen maǵan qıyǵanday waqtı joq.
— Siz benen de me?
— Awa, tek samolyot penen ózinen basqanı oylamaydı. «Júr, Gúlchehradan xabar alayıq» desem, «waqtım joq, óziń baraber» dedi.
Gúlchehranıń reńki solǵın tartıp ketti, biraq, úndemedi.
— Men-ám, siz benen kásiples bolatuǵın boldım,—dedi Rustem.
— Kásibińizge háwesim kelip, qurılıs fakultetine tapsırdım.
— Aviaciya ne boladı?
— Aynıdım.
— Dostıńızdan she? Dostıńızdan da aynımadıńız ba, áytewir?
Yaǵaw, dostan aynıwǵa bola ma, dos dos tá.
— Onda jaqsı eken. Yaqshı onda.
— Gúlchehra!
— Haw?
— Sál irkiliń?
— Ne edi?
— Shıǵarıp salayın.
Olar ketip baratır. Aytbay úshewi otırǵan jerde Rustem menen Gúlchehra. Rustem Gúlchehraǵa bir nárselerdi aytadı. Ol tınbay küledi.

* * *

Aviaciya bilim jurtı
Muǵallim Aytbaydan imtixan alıp bolıp, mázi onı-bunı sorap atır.

— Bilimińiz ayrıqsha, tek bir nárseni aytıń—aviaciyanı shın júrekten súyesiz be?

— Álbette!

— Elimizde bul tarawdıń keleshegi ele aldında. Sizdey bilimli jaslarǵa zárúrmiz. Biraq, azǵana qıyınshılıqqa dus keliwden taslap ketpewińiz kerek.

Ámeliyatımız Tashkent samolyot soǵıw zavodında, hawa jónelislerinde ótedi. Ilajı barınsha óz ústińizde erkin islewge, erkin pikirlewge, erkin háreket etiwge úyreniń. Áne, sonda hámmesi jaqsı boladı. Mine, bahańız bes, oqıwǵa kirgenińiz benen qutlıqlayman.

Aytbay raxmet aytıp shıǵıp ketti.

* * *

Aytbaydıń kóylek-shalbarın utyuglep atırǵanınıń ústine Qádirali kirip keldi.

— Sazlanıp-taranıp atırsań ba? Jol bolsın? — dedi Aytbay menen sálemlesip bolıp.

— Bir awıllasım usı jerde oqıydı, qız bala. Sonı kórip qaytajaqpan. Kóp waqıt boldı xabar almaǵanıma. Waqtıńız bolsa júriń, birge baramız.

— Yaq, óziń baraber. Úshinshi adam artıqmash, — dedi Qádirali kúlip. — Aytqanday, imtixanlar ne boldı?

— Zor!

— Qutlıqlayman, ushıwshı! Oylap edim-aw, búgin ózgeshe ǵoy dep. Bizge de seniń jolıńdı bersin! Endi bir ózim ishim pisiyip otıraman da. Rustem qayaqta?

— Bilmesem.

* * *

Sol kúni Gúlchehranı álleqanday ózgeshe keyipte kórgen bólmeles dostı:

— Búgin júdá basqashasız, sebebin bilsek bola ma?—dep sorap qaldı.

— Sharipa, maǵan xat jazıp turǵan awıllas jigit esińde me?

— Awa. Atı Aytbay shıǵar deymen.
— Sonday.
— Aytbay keldi me?
— Yaq, jorası keldi.
— Ne deydi?
— Kinoǵa mirát etip atır.
— Qızıq... Sen ne dediń?
— Ne derimdi bilmey turman.
Dostı biyparıq iynin qıstı.
— Barǵıń kelse bara beriń.
— Sen-ám birge júr.
— Yaǵáy, men ne qılaman?
Gúlchehra ekileniwi menen shıǵıp ketti.
Aytbay jataqxananıń esigin qaǵadı. Esik qıya ashılıp, Sháripanıń bası kórinedi.
— Gúlchehra bar ma? — dedi Aytbay.
— Yaq, — dedi Sharipa. Siz kim bolasız?
— Kurslasıman, —dep awzına túsken sózdi ayta saldı Aytbay.
Shárípa Gúlchehranıń bunday kurslası joq edi ǵoy, degendey oǵan kúlip qoydı da!
— Gúlchehra bir awıllas dostı menen kinoǵa ketti, — dedi.
— Kim menen? — dedi Aytbay hayran bolıp.
— Bir awıllas dostı menen, — dep Sharipa gápke túsinbeytuǵın qanday adam degendey nıqlap ayttı. —Onıń Aytbay degen bir dostı bar. Sol Aytbaydıń Rustem degen dostı bar. Tez-tez Gúlchehra menen ushırasıp turadı. Sol kelip kinoǵa alıp ketti. Maǵan-ám júr dep edi, men barmadım. Kim soradı deyin?
— Sol awıllasıńnıń ruwxı soradı deń... — dedi de Aytbay keyin qayttı.
— Way, mańlayı-ım!-Sháriypa uyattan qıp-qızıl bolıp ketti. Aytbaydıń ózi qusaydı ǵo. — Keyin áste ózine kele basladı. — Ruwxı shıǵar dá! Awa, ruwxı dep aytaman. Sorıma, ne islep qoydım men!

* * *

Aytbay ne islerin bilmey biraz tentirep júrdi. Keyin ashıw menen úyge keldi.

Qádirali bar eken.

— He, tez qaytıpsız ǵo? — dedi ol. — Kórdiń be awıllasıńdı?

— Yaq.

— Nege?

— Ólip qalıptı.

— Oy-bu, jap-jas jan-á? Ne boptı oǵan?

— Júregi irip-shirip ólipti.

— Wáy, biyshara-áy!

Aytbay zatların tez-tez jıynastıra basladı.

— He, qayaqqa? — dep soradı Qádirali.

— Ketemen.

Usı biymezgilde qayaqqa barasań?

— Bilmeymen. Tez, ana iplastıń turqın kórmesem boldı.

— Kimdi aytıp atırsań? Rustemdi me? Jorań emes pe ol?!

— Atın aytpań maǵan. Meniń onday joram joq.

Qádirali qanday hádiyse júz bergenin sezdi.

— Túsindirińkirep aytsa....

— Túsindire almayman.

— Ne boldı sonday?

Aytbay alaqanları menen betin basıp jılap jiberdi.

— Men oǵan isenip júrsem... Azǵırıptı ol.

— Kimdi azǵırıptı?

— Gúlchehranı.

— Yaǵ-áy?!

— Qurdası hámmesin aytıp berdi.

— Wáy, námárt-áy... Siz ketseńiz men-ám bul jerde bir minut qalmayman. Siz sebepli onıń menen sóylesip júr edim. Ya bet-awzın tegislep qoyayın ba?

— Kerek emes.

— Jataqxananıń giltin tapsırmaǵanımdı aytaber. Ekewimiz bizge baraǵoyayıq.

Háwliden shıǵıp baratırǵanda Qádirali:

— Negizinde bunıń ókshesin jaltıratıp jibergenimizde bolatuǵın edi ǵo, — dedi.

Aytbay:

— Túrin kórmeyin sonıń. Keteyik tezirek.

Olar ketip baratırǵanda Jabbar aǵa diywaldan moyın sozıp qarap tur edi.

— Astapıralla! Bular studentpe-student emes pe, kim ekenin de bile almadım. Birewi kiredi, birewi shıǵadı. Usı háwlini satıp alıwǵa qurbım kelmedi dá, qol qısqalıq etti. Endi naǵız kepterxananıń ózi bolıp qaldı.

* * *

Sharipa óksip-óksip jıladı.

— Men qaydan bileyin onıń Aytbay ekenin.

Gúlchehra alaqanları menen júzin basıp otıradı. Ses joq. Sháripa ózin aqlawǵa jáne baxana aqtaradı.

— Kurslasıman dedi... Oyımda joq edi onıń kele-tuǵını. Keyin bárin aytıp berdim.

— Qoy, jılama, — dedi. Gúlchehra awır gúrsinip. — Sen-de ayıp joq.

Ol sonday degen sayın Sharipa beter óksip, ayıplı ekenin moynına aladı.

— Yaq, bilip turıp hámmesin búldirip otırıppan dá. Ádep atın soramayman ba? Kim ekenin bilip almayman ba?!

— Boldı, jeter! — dep baqırıp jiberdi Gúlchehra.

Sháripa toqtap qaldı.

* * *

Aviaciya bilim jurtı.

Sabaq tıńlap otırǵan Aytbaydıń qıyalına Gúlchehra elesleydi. Onı qıyalınan shıǵarıwǵa háreket etedi. Berilip bir nárselerdi jazadı, oqıydı, ózin jubatadı.

* * *

Samolyot soğıw zavodı.

Studentler zavod cexları menen tanıspaqta. Aytbay hárbir detalğa qızığıwshılıq penen qaraydı.

* * *

Sol sapargı imtixan alğan muğallimniń qabıllawında.

— Bir ótinish penen kelip edim, — dedi Aytbay.

— Qanday ótinish?

— Bos waqıtlarım kóp bolıp tur. Oqıwdan qol úzbey zavodqa jumısqa kirsem dep edim.

Oqıtıwshınıń kózleri quwanıshtan jaynap ketti.

— Júdá jaqsı oylapsız. Kóziniz úyrenip, tez meńgerip alasız.

Telefon etedi.

— Axmed Aliyevich. Sizlerge jáne bir kadr jiberip atırmız. Uqıplı. Máyli, kishirek jumıstan baslasın. Ózi kózi menen kórsin. Tuwrı, tuwrı. Jaslarğa durıs bağdar beriwimiz kerek. Bul biziń minnetimiz.

— Tuwrı, Axmed Aliyevichtiń aldına barıń, — dedi trubkanı qoyıp. — Meniń jibergenimdi aytasań. Lekin, jumısqa qumğıp ketip, oqıwdı umıtıp ketpe. Yaqshı ma?

— Yaqshı.

— Baraber. Tabıs tileymen!

* * *

Aytbay jataqxanağa qağaz paketti toltırıp keldi. Kitap oqıp otırğan Qádirali hayran.

— Endi iship-jemegimiz mol boladı, — dedi. Aytbay. — Jumısqa kirdim.

Qádirali úndemedi. «Gúlchehranı umıtıw ushın bos waqıt qaldırmayjaq» dep oyladı.

— Bunsha ne ózińdi qıynay bereseń, dem alıwıń-ám kerek go, — dedi Qádirali.

— Dem alıwǵa úlgeremiz, — dedi Aytbay. — Adam biytalap bolsa basına paydasız túrli oylar kele beredi.

* * *

Samolyot soǵıw zavodı.

Aytbay jumıs ornında. Tayar bolǵan «Ózbekstan» sózi jazılǵan samolyottıń ushıp ketip atırǵanı.

Jumıstan sharshap kelgen Aytbay endi ǵana krovatqa qıysayǵan waqtı, esik taqıldaydı.

Aytbay ornınan turıp, esikti ashtı.

— Haw, baslıq kelipti ǵo! Qáne, ishke kir, bosaǵada turmayıq, inim. Qádirali, inim Kamiljan keldi!

Aǵalı-inili qushaqlasıp kóristi.

— Barmısań aǵa?

Aytbay oǵan tik qarap juwap beriwden uyaldı. Úyge barmaǵanına da biraz waqıt bolǵanın esledi.

— Raxmet! Úydegiler aman-esen júr me? Keyin házilge burdı. — Zamandı qarań, ini aǵanı izlep keletuǵın bolıptı. Bárekella! Quwanıp qaldım. Biz-ám bir kúnleri esesin qaytaramız.

— Úydegiler sálem aytıp jiberdi.

— Apam, hámmesi saw júr me. Máyli, ǵáp joq. Ayıp bizde. Qáne, shef, dasturqanga márhamat, — dep Aytbay tez-tez dasturqan jaydı. Bir-birin saǵınısıp qalǵan tuwısqanlardıń sáwbeti yarım aqshamǵa deyin sozıldı.

— Apama mennen sálem aytıń, — dedi azanda Aytbay inisi menen xoshlasıp atırıp. — Tez-tez kelip turıń.

Soń úyge jiberemen dep jıynap qoyǵan pulların oǵan berdi.

— Ózińizge kerek boladı ǵo, tura bersin.

— Alaberiń. Bul pullardı sizlerge bazarlıq etiw ushın jıynap qoyıp edim.

— Endigi izlep keliw náwbeti sizden, — dedi Kamiljan pullardı alıp atırıp.

— Maqul.

— Apamnıń tóbesi kókke jetip qaladı. Balam ushıwshı boladı dep eki adamnıń bası qosılǵan jerde awzınan tú-

sirmeydi, — dedi Kamiljan. — Úylendiriwdi de oylap qoyıptı. Aǵam ekewi sizdi Gúlchehraǵa úylendiriw niyetinde.

* * *

Aytbaydıń awıldaǵı háwlisi.

Keshke taman háwli ishi tolıp ketti. Qońsı-qobalar keldi. Aytbaydıń qáyerde islep atırǵanı onnan keyin ne qılmaqshı ekeni menen qızıqtı.

— Samolyot soǵaman dey me? — dep jaǵasın usladı, Allaqul mama. — Ya toba? Ańsat nárse emes shıǵar ózi?

— Bir ózim islemeymen, — dedi Aytbay. —Kópshilikpiz. Eki mıńǵa jaqın adam bar. Birew ana jumıstı islese, birew mına jumısta isleydi. Hárkimniń ózine ılayıq wazıypası bar.

— Óziń de ushıp kórdiń be?

— Yaq. Biz jerde isleymiz. Ushıwshılar basqa.

— Haw, seni samolyotta keldi dedi ǵo!

— Oy, apa-áy! Tuwrı, samolyotta keldim. Lekin, samolyottı ushıwshılar aydap keldi.

— Qalay ushtıńız?

— Bir saattan kóbirek.

— He, sonday de? Bizler at penen eshekten basqaǵa minip kórgenimiz joq. Nesiybeń bar eken balam.

* * *

Aytbay ushıwshılar toparında. Jergilikli reysler boyınsha párwazlar kórsetiledi.

* * *

Samolyot Tashkentke qondı.

Jolawshılar húrmet penen ushıwshılardıń túsiwin kútip turıptı. Ushıwshılar xoshlasıp túsip ketip atır. Eń izinde Aytbay. Aytbay aldında tik qadalıp turǵan styuardessa qızǵa:

— Kóriskenshe, Nargizaxan! — dedi

— Kóriskenshe, joldas Ergashev!

— Búgin teatrǵa baratuǵınımız esińizden shıqpasın!

— Álbette! Lekin óziñiz keshigip qalmań joldas Ergashev!
— Maqul.
Ushıp-qonıp atırǵan samolyotlar.

* * *

Milliy teatr.
Aytbay menen Nargiza sol jerde ushırasadı.
Puqara kiyiminde.
Olardı qurdası menen teatrǵa birge barǵan Sharipa kórip qaladı. Aytbay da onı tanıydı. Bir-biri menen názerleri duslasadı.
Teatrǵa kirip baratır.
Sol sebepli teatrdıń uluwma kórinisi kórinedi.
Qaharmanlardıń sáwbeti olar kórgen tamashaǵa qarap alıp barıladı.
Sharipanıń Aytbayǵa tez-tez názer taslawı.

* * *

Rustem háwlige basqa balalardı alıp kelgen magnitofon qoyıp, shawqım-súren etip otıradı.
Jabbar aǵa keledi.
Esikti qaǵadı.
Onı esitpeydi.
Jáne taqıldatadı.
Rustemniń dawısı:
— Ki-im?
Jabbar aǵa:
— Men, qońsıman!
Rustemniń dawısı:
— Newe? Ne kerek?
Jabbar aǵa:
—Háy, ne keregiń ne seniń?! Indemese pútkil meshit-qáwimge xojeyin bolıp alajaq dá, bular?! Házir kórsetip qoyaman ne kerekligin. — Meshit-qáwimde tártip-qaǵıyda ornatatuǵınlar bar ekenin bilmeytuǵın qusaydı ǵo.

* * *

Meshit-qáwim janınan shólkemlestirilgen tınıshlıqtı saqlaw bóliminiń saqshıları. Jabbar aǵa kirip baraman degenshe qandaydur bir tártipsizliklerdi doda-lap, kompyuterde bir-birine álle nárselerdi kórsetip otırǵan boladı.

Jabbar aǵa ashıwlı túrde kirip baradı. Bir nárselerdi kúyip-pisip túsindiredi. Rasmiyatshılıqtan soń olardan birewi Jabbar aǵa menen shıǵıp ketedi.

Meshit qáwimde.

* * *

Rustem hám onıń bir-eki aǵayinleri. Kayipleri bar. Kiyimleri ájeptáwir.

Tártip saqlaw xızmetkeri olardıń hújjetlerin kórip atır.

— Ne jumıs penen shuǵıllanasız?

— Bazarda qanday jumıs bolsa isley beremiz. Máselen, júk tasıw. Qaltamız kóteriwine qarap arzanıraq bolsa ol-bul alıp satamız, — dedi olardıń biri.

— Belgili-baslı talabıńız da joq eken dá! Tapqan pulıńızdı da bolmaǵır nárselerge jumsaydı ekensiz, solay ma? Onıń ústine qalada hesh qaysısıńız esaptan ótpegensiz. (Rustemge) — Siz oqıwdan usınday tártipsizligińiz ushın quwılǵan edińiz. Ádepki sapar eskertkenimizde keshirim sorap, oqıwımdı qayta tiklemekshimen dep máwlet aldıńız. Lekin, kewlińiz qálegen isti qılıp júrsiz. Aviaciyada isledi degen attıń ózi sizge haram. Maǵan qarań, búginniń ózinde awılıńızǵa qaytasız! Bolmasa... Túsindińiz be?

— Túsindim.

— Biz ne? — deydi jigitlerdiń biri.

— Sizlerdi keńsege alıp barıp, tiyisli maǵluwmatlardı anıqlaymız.

* * *

Sháriypa Gúlchehraǵa teatrda Aytbay menen duslasıp qalǵanın aytadı. Gúlchehra qılǵan islerine ókinip, jılap otırıptı.

— Ózimnen jerkenemen. Aytbaydıń obalına qaldım.

— Qoy, — deydi Sharipa.

— Námártke isenip, Aytbaydıń muhabbatın ayaq astı ettim. Aqmaqtıń júzegóy gáplerine isendim.

— Sol námártiń haqqında ele kóp nárselerdi bilmeymiz, — dedi Sharipa.

—Oqıwdan quwılǵanı azday, ijaraǵa turǵan jerinen de shıǵarıp jiberipti. Dım bolmasa bir awız aytıp-ám keteyin demeydi, — dedi Gúlchehra dimarsız.

* * *

Aytbay menen Nargiza teatrdan shıǵadı. Adamlar. Svetler janıp turǵan qıyabanda ekewi kiyatır.

— Spektakl unadı ma? — dep soradı Aytbay.

— Jaman emes, — dedi Nargiza. — Men biraq teması basqasha bolıwın qáler edim.

— Qanday basqasha?

— Basqasha dá.

— Qanday endi?

— Máselen, kórip otırǵan tamashagóy ózin saxnada kórse deymen.

— Hawada ushıp baratırǵanın ba? — dep házillespekshi boldı Aytbay.

— Ya-aq, óziniń ishki sezimleri me... Ádebiyatshılar aytadı ǵo, sonday dep...

— He-e.

— Sizge she?

— Men ózimdi kórdim.

— Yaǵá-áy!

— Awa. Biraq saxnada emes.

— Qızıq ǵo.

— Ózimdi ózim janımda kórip otırdım.

— Aytatuǵın gápin qara.

— Kózim saxnada, qıyalım...

— Aspanda ma edi?

— Aspanda edi. Ekewmizdiń bálent-bálentke ushıp baratırǵanımızda edi.

— Sizden bir nárse sorasam bola ma?

— Sora.

— Teatrda sizge bir qız uzaq tigilip qaradı, kórdińiz be?
— Kórdim.
— Kimligiń aytıń, sır bolmasa.
— Aytıp beremen, biraq házir emes.
— Negedur ol oyınnıń yarımınan keyin shıǵıp ketti.
— Kórdim.
Únsiz júrip keledi.
Aeroport.
Dispetcherdiń dawısı. Samolyotqa minip atırǵanlar. Aytbay menen Nargiza. Nargiza jolawshılarǵa samolyotta ushıwdıń tártip-qaǵıydaların túsindirmekte.

* * *

Aytbay yarmarkaǵa qaray jol aldı. Kiyim-kenshekler dúkanına kirip, anasına oramal tańlap atırǵanda kimdur qasında «pıq» etip kúlip jiberdi.
— Apama ma?
Aytbay tańlanıp, burılıp qaradı.
— Assalawma aleykum, Aytbay aǵa! Awılǵa baratırsız ba? — dedi onı shetten baqlap turǵan Nargiza.
— He-e, sizbisiz? — Aytbay kúlimsirep turǵan qızǵa esеńkirep qaradı. — Waleykum assalam. Úydegilerge ol-pul degendey...
Nargiza oramaldı qolına aldı.
— Jası úlken adamlarǵa qızıl oramal bolmaydı, —dedi ol onıń iynine basıp qoyıp. — Olarǵa qońır yaki kókshil reń bolǵanı maqul.
— Qarındasıńız tuwrı ayttı, — dedi satıwshı qız. — Áwelden anama alajaqpan demeyseń be?
— Zer qádirin zerger biledi, — dedi Aytbay. — Tawardıń jónin hayal-qızlar biledi. Bizge kóringenniń bári tawar.
— Aytbay aǵa, ho, ana oramal apama júdá túsedi. Toy-merekelerde tartsa da jarasadı. Áperip jiberiń.
— Basqa waqıtlarda jaraspay ma? — dedi. Aytbay quwlıq etip.
— Aǵa, qarındasıńız toyǵa tartsın dep atır, tuwrı ma? — dep satıwshı qız Nargizaǵa kózin qısıp qoydı.

— Há, máyli, toyǵa bolsa júdá jaqsı, orap beriń, —dedi Aytbay. — Birew emes, ekewin...

— Ekinshisi kimge?

— Bolajaq qáyneneme.

— Á-á, endi moyınladıń ba? Demek, toy jaqın. Bizlerge bildirmey úylenip alajaq ekensiz dá!

— Ne toy? Aldın qalıńlıqtı tawıp alayıq.

— He, aǵa, oylanıp qaldıńız ǵo! Oramaldı alasız ba, orap qoydım? — Satıwshı qız oǵan tigilip qaradı.

— Á, keshiresiz. Mine, pulı.

Aytbay Nargizanı tap endi kórip atırǵanday oǵan qarap qoydı.

— Aytbay aǵa, azǵana otırayıq, — dedi Nargiza aǵash orınlıqtı kórsetip.

* * *

Aytbaydıń bólmesi.

Keshki payıt. Stol ústinde lampa. Qaǵazlar. Diywallarda hár qıylı samolyotlardıń súwretleri, sızılmalar. Esik taqıldaydı.

Aytbay hayran. Kim boldı eken degendey, iynin qısıp, esikti ashadı.

Shırayı ońıp ketken Nargiza kórindi.

Aytbay dáslep ózin joǵaltıp ala jazlaydı.

Nargiza qolındaǵı Aytbay menen dúkannan alǵan qaǵazǵa orawlı oramaldı uslatadı.

Aytbay onı alıp, mánili jımıyadı keyin onıń kózlerinde sonday quwanısh payda boladı, bul quwanısh muhabbattan derek beredi.

Kóz qaraslar.

Kózler.

Kózlerdiń bir-birine ıntıq baǵıwları.

Gorizontqa tigilip, ol aspanǵa aylanadı hám samolyottıń ushıp ketiwi menen ayaqlanadı.

## ISBILERMEN TÁWIP

Izey basıp, diywalları unıray baslaǵan eski háwli. Úy aldındaǵı gújimniń sayasına qoyılǵan tapshanda jası qırqlardan asqan kishkene jigit kópshikke jambaslap, súyenip jatır. Ol kesadaǵı suwıq shaydı bir kóteriwde simirip ishti de, ájim basqan júzindegi terin súlgi menen sıpırıp, hárriyp turǵan murtın áste sıypap qoyıp, qıyal dáryasına shúmdi.

— He, bul ne jatıs, párwayıń pálek? — dep háwlidegi uzın boylı, sıqılsız bir hayal qolındaǵı bos qaltanı silkip, shawlay ketti. — Úyde un túwesildi. Erteń ballarıńız nan dese qayaqtan tawıp beremen? Seniń bolsa dárya tassa tobıǵıńa kelmeydi.

— Bajılday bermey Baxtiyardıń dúkanınan alıp qayt. Keyin ózim esaplasaman.

— Ana kúni ballarıńızǵa kiyim-kenshek alıp berdim. Ele onıń-ám pulın bermediń. Sonda Baxtiyar: «Xalimmatqa ayt, ótken ayda alǵan jeti shiyshe araǵınıń-ám pulın bermedi. Bul kiyimlerdi ballarıńa reyimim kelgennen berip atırman. Bunnan bılay qarızǵa zat bermeymen» dedi.

— Ol nan tepkenge ele kórsetip qoyaman. Neshe márte balıqqa barǵanımızda, balları jeytuǵın balıqtı mutqa bergenmen. Bunnan bılay «svejiy» balıqtı túsinde kóredi.

— Nan pispeytuǵın gápti qoy, onnansha un tabıwdıń háreketin et.

— Klaslasıń Shiyrinniń dúkanınan alıp tur.

— Ótken saparǵı qarızdı aqtaban qılıp qatnatıp zorǵa berdiń. Bul awılda saǵan qarızǵa zat bergendey adam qalmadı.

— Klasslasıń ǵo, jatıǵı menen túsindirip berseń, beredi.

Xalimattıń hayalı endi ózin basa almay, jılamsırap, awzına kelgenin aytpaǵa qaradı.

— Ne bolsa soǵan jılayberme! Bar, Jumamurattı shaqır, balıqqa baramız,-dedi Xalimmat.

Hayalı lám-lim demesten, kózinin jasın qolı menen sıpırıp, qonsı háwlige qaray júre berdi.

— Nadira-Nadira! — dep baqırdı Xalimat hayalınıń izinen. Hayalı «Jáne ne aytajaqsań» degendey toqtadı da úndemey turdı.

— Jumamuratqa ayt, awın alıp shıǵıwdı umıtpasın.

Nadira úndemesten júrisin dawam etti.

Xalimat hayalınıń bul ádetine kónligip ketkenlikten bolsa kerek, biymálel sháynektegi suwıq shaydan kesaǵa quyıp simirip ishti. «Bul-ám túspeytuǵın gúndedey, teginlikte kóneǵoymaydı. Ne qılsam da usı búgin Jumamurattı degenime kóndiriwim kerek» dep oylap qoydı.

Xalimat Jumamurat penen balıq awlawǵa bardı. Kanaldıń úsh metrdey biyiklikten quyıp turǵan jerindegi kerizge aw tasladı. Eki jaǵındaǵı qaǵıwlı temir qazıqqa hár sapardaǵıday awdıń eki ushın bayladı.

— Áne, endi jumıs pitti. Arqayın gújimniń sayasında otırıp dem alsaq boladı, — dedi Xalimat. Keyin Jumamurattıń «Zaporojec»ine ózi salǵan sumkanı aldı.

— Men gújimniń sayasın jaqsı kóremen. Átteń, bul daraq házir júdá azayıp ketti, — dep Xalimat, maldas qurınıp otırıp, sumkadan gazeta alıp dasturqan etti. Keyin oǵan nan, pomidor, bir shiyshe araq alıp qoydı.

— O-o, zor qıylı ǵo, — dedi Jumamurat shiysheni qolına alıp. — «Aleksandra» dep shiyshedegi jazıwdı oqıdı.

— Awa, dá! Eger meniń aytqanımdı tıńlasań, hámiyshe usınday zorınan isheseń!

— Bunıń ushın ne qılıwım kerek?

Xalimmat asıqpastan araqtı kesalarǵa quydı.

— Aldın mınanı alıp jiber, keyin ne qılıw kerekligin túsindiremen.

Rejesin ámelge asırıw ushın Jumamurattı kóndiriwin kóndirdi dá, biraq onnan pul alıw júdá qıyınǵa tústi.

— Seniń úyińde turǵan pulıń balalamaydı ǵo. Júz mıń jumsasań elli mıńın ózim tóleymen.

— Rejemiz ámelge aspay qalsa ne qılamız?

— Meniń aytqanlarımdı tolıq orınlasań ámelge asadı.

Shala más bolǵan Jumamurat tómen eńkeyip bir nárselerdiń esap-kitabın shıǵara basladı. Júz mıń jumsawǵa kóndiremen degenshe Xalimmattıń awzınıń qara qanı keldi. Lekin, ol báribir Jumamurattı kóndirdi. Asıǵı alshılaǵan Xalimmat «Jan qıynamay janana qayda, tawǵa shıqpasań dolana qayda» dep qıyalınan ótkerip qoydı.

Kelisim boyınsha Xalimmat úsh-tórt kún duz tatpay jattı. Jumamurat sol kúnlerdiń birinde hal-awhal soraw ushın onıń ústine keldi. Xalimmat oǵan bunnan buyaǵına ne islew kerekligin túsindirdi. Keyin bul sırdı hesh kimge, hátte hayalına da aytpaw kerekligin qayta-qayta uqtırdı.

Nadira kirip keliwi menen olardıń gápi bólinip qaldı.

— Xalimmat aǵama ne boldı, meniń menen de sóyleskisi kelmeydi, — dedi. — Keseli awırlaw ma deymen, dedi keyingi sózdi nıqlańqırap.

Bul gápti esitkende Nadiranıń júregi «shımm» ete qaldı.

— Aǵańnıń túsine bir appaq saqallı ǵarrı enip, eger táwipshilik penen shuǵıllanbasań, janıńdı alamız» depti. Sonnan beri awqat jewiniń-ám mazası joq. Túni menen sandıraqlap, birewlerdi emlep atadı. Árwaqlar menen sóyleseme-aw...

— Ya? ornıńnan tura almay atırsań ba? — dedi Xalimmat gápti bólip. — Qara qoy kerek. Ákeldiń be? Házir soyaman. Qan menen qaǵaman. Áne, endi boldı. Jaqsı boldıń ba? Ayttım ǵo saǵan «attay bolıp keteseń» dep.

Xalimmat tereń dem alıp, ıńırsadı.

— Qorqıp baratırman, — dedi Nadira kózine jas úyirilip. —Aǵańnan ayrılıp qalmasaq bolǵanı ǵo.

— Ózińizdi basıń, Nadira apa. Qudaqálese aǵam jaqsı bolıp ketedi.

— Aytqanıń kelsin, — dedi Nadira pırqıldap jılap turıp. Onıń bul ólimsirep aytqan sózin bólmedegiler esitpedi.

— Táwipshilik penen shuǵıllansa tezirek táwir bolıp keterme edi, — dedi Jumamurat sumlıǵı tutıp.

— Men-ám sonı aytaman dá. Appaq saqallı ǵarrı biykarǵa ayan bermegen shıǵar, desem, aǵań tıńlamaydı. Siz-ám bir aytıp kóriń, bálkim, sizdi tıńlar, — dedi Nadira keselliktiń emi tabılǵanday janlanıp.

Onıń jalınıshlı názerine shıdam bere almay, Jumamurat tómen qaradı.

Usı waqıyadan kóp ótpey Jumamurat bazardan sálle, shapan, mási-gewish hám táspi aldı. Sol kúni jas bir súwretshi balanı da ózi menen ertip, Xalimmattıń úyine keldi.

Xalimmat arnayı saqalın ósirip qoyǵan edi. Onı jaqsılap tártipke keltirgennen keyin iyeginde kishkene eshki saqal payda boldı.

Basına sálleni orap, shapan, mási-gewish kiyip, bir qolına táspi, bir qolına hasa uslap Xalimmat súwretke tústi. Bir buwat súwretlerdi qolına alǵan Jumamurat Tashkenttiń atshabar maydanına qaray jolǵa tústi. Jolǵa shıǵar aldınan Xalimmat oǵan «ózińe úsh-tórt márdikar jalla, ishinde bir-eki hayal bolsın, puldı ayama» dep túsindirdi.

Jumamurat atshabar maydanǵa kelip adam jalladı.

Jallanǵan adamlar puldıń haqısına avtobuslarǵa shıǵıp «Meniń tutanaq keselim bar edi, Xalimmat táwip emledi» dese, jáne biri: «Meniń basım awırıp, barmaǵan jerim qalmadı, Xalimmat táwipke bardım da, keselden qutıldım» dedi. Hayallar: «Biyperzentlikten xojalıǵım buzılıp keteyin dep tur edi, Xalimmat táwipke kórinip, perzentli boldım. Házir baxıtlı jasap atırman» dep Xalimmat táwip túsken súwretti tarqatar, súwrettiń artında bolsa táwiptiń mánzil-jayı jazılǵan edi. Olar jáne táwiptiń bunnan basqa da kóp kesellikl erdi emlegenin ayttı. Kóp uzamay Xalimmat táwiptiń úyine shıpa izlegenler aǵılıp kele basladı.

Bul táwip sonday anıq diagnoz qoyar edi, hátte jasawdan úmitin úzgenlerde de qaytadan jasaw úmitin oyatar edi.

Kóp uzamay táwiptiń unıraǵan eski jayınıń ornında jerden kógerip shıqqanday, eki qabat jay boy tikledi.

Háwliniń aldına bir qara «Neksiya» kelip toqtadı. Mashinadan qara kóz áynek taqqan, iri gewdeli jigit túsip, gewdesine jaraspaǵan tárizde mashinanıń artqı esigin ashtı. Onnan eki qız bir hayaldı qoltıqlap túsirdi. Qızlardan biri náwbet kútip turǵanlarǵa qarata:

— Ázizler! Anamızdıń awhalı awır. Náwbet kútip turıwǵa jaramaydı. Sizlerden ótinish, anamızdıń gezeksiz kiriwine ruxsat berseńiz, — dedi.

Gezegi kelip turǵan kelinshek naylaj:

— Máyli, kireǵoysın,-dedi.

Anasın qoltıqlap eki qız táwiptiń bólmesine kirdi.

Azada tutılǵan bólme tórinde úsh qabat kórpesheniń ústinde basına sálle oraǵan, iynine sarı shapan, ayaǵına mási gewish kiygen táwip sawlat tógip, bir qolındaǵı táspiniń tasların aylandırıp, bir nárselerdi oqıp otır.

Jumamurattıń eki balası hám táwiptiń bir qızı «awzınan gúllemew» shárti menen jumısqa jegildi.

Bul úsh balanıń jumısı gezek kútip turǵanlardıń ańgimesine qulaq túrip, olardıń keselliklerin anıqlawdan ibarat edi.

Hárbir keseldi qabıllap bolǵannan keyin táwip bes-altı minut árwaqlar menen sóylesedi. Árwaqlar menen sóylesip bolǵannan keyin ózine járdemshi qılıp alǵan qız gezektegi nawqastı shaqıradı. Áne, sonnan keyin ǵana gezekte turǵan nawqas táwiptiń aldına kire aladı. Bolmasa táwip penen sóylesip atırǵan árwaqlardıń kimdur tınıshın alsa árwaqlar ókpelep ketip qalarmısh, yaki tınıshın buzǵan adamlardı jazılmaytuǵın keselge shatarmısh degen mısh-mıshlar júrer edi, adamlar arasında.

Haqıyqatında bolsa, tınshılıq etip júrgen úsh bala ertip esikten táwiptiń aldına kirip, gezegi kelgen nawqastıń awırıwı tuwralı aytıp ketetuǵın edi.

Xalimmat penen Jumamurat balalarǵa: «Eger gezekte turǵanlar kópshilik bolsa, hárbiriń bes adamnıń keselin anıqlap alasızlar. Gezekte turǵanlar az bolsa eki keseldiń nawqasın bilip, artqı esikten maǵan xabar beresiz. Ózlerińizdi hesh kim gúman etpeytuǵın, mázi oynap júrgen balalarday kórsetiń», — dep úyretip qoydı.

Balalar kóp uzamay óz «kásipleriniń» mamanına aylandı. Jumamurat bolsa óziniń úyin kóriniwge kelgenlerge kireyge beriwdi, jáne bazardan alpıs-jetpis qoy, júz-júz elli tawıq satıp alıwdı óz moynına aldı.

Jumamurat tórt qoy, on tawıqtı sırtqı kórinisine qarap «aq» yaki «qara qoy», ya bolmasa «qap-qara júnli, mańlayında aq qasqası bar qoshqar», «qızıl qoraz», «aq tawıq»dep jazılǵan dizimdi keshqurın Xalimmatqa ákelip beredi. Xalimmat bul dizimdegi qoylar menen tawıqlardı kesellerge túske deyin buyırıp tawısıwı kerek. Keyin ol túslenip atırǵan waqıtta Jumamurattan jáne usınday jańa dizim aladı. Táwip kesellerdiń túr-túsine, kiyim-basına qaray kimge aq qoshqar, kimge qara, kimge tawıq degendey, qurbanlıq qılıwdı buyıradı. Ol hárbir keselge qurbanlıq qılınatuǵın qoy yaki tawıqtı sawdalaspastan, iyesi qansha dese sol pulǵa alıw kerekligin qayta-qayta eskertedi. «Eger sawdalasıp, iyesin qurttay da bolsa nariyza qılsańız, ol malıńız qabıl bolmaydı. Onnan sizge payda joq» deydi.

Kirey pul hám qurbanlıq qılatuǵın jániwarlardan túsetuǵın pul Jumamuratqa qaladı.

Hár qıylı iyisli shóplerden tayarlanǵan dáriler hám táwip haqısı Xalimmatqa tiyisli.

Bólmege kirgenler táwipke:

— Assalawma áleykum, molla, dep — sálem berdi. Táwip olardıń sálemin jaqtırıńqıramay alǵan boldı, soń olarǵa otırıwǵa orın kórsetti.

Qızlardıń biri sumkasınan bir buwat pul alıp, táwiptiń aldına qoydı. Táwiptiń járdemshisi bolmısh qız pullardı alıp, kórpesheniń astına jayladı.

Táwip nawqas hayaldıń qolınan uslap, tamır urıwın tekserdi. Soń kózlerin jumıp, keselliktiń túrin anıqlap atırǵanday bir zaman jım turıp qaldı.

Balalardıń bergen xabarı boyınsha bul hayal bir tırnaqqa zar edi.

— Oy-buw. Bir tırnaqtıń dártinen ózińizdi ózińiz jep bolıpsız ǵo! — dedi táwip qabaǵın ashpay.

— Ne dep atırsań? Meniń eki ulım, eki qızım bar ġo! — dedi kesel hayal.

Táwip ne aytarın bilmey, albırap qaldı.

* * *

Qap-qara qoy sorap, Jumamurattikine qarıydar keldi. «Eki qara qoy bar dep edim ġo, shala táwip nege úshinshi márte qara qoy soratıp atır, yaki «klient» aljastıma eken» dep qıyal etti Jumamurat.

— Sizge táwip, bir qulaġı qara, ózi aq júnli qoy aytpapba edi? — dep soradı ol klientten.

— Yaq, — dep qarıydar shıġıp ketti.

Jumamurat bul shala táwip bile tura islep otır dep, ishinen onı qaqıratıp sókti. Bunıń menen onıń kewli jayına túspedi. Kishkene balasın shaqırıp, oġan zinharladı: «Házir tuwrı Xalimmattikine barıp, artqı esikten kireseń. Men aytqan gáplerdi aytasań! Eger aldında basqa adam bolsa, ol shıġıp ketkenshe úndemey tur, yaqshı ma?» Balası «yaqshı» dep bas iyzedi hám tapsırma alıp táwiptiń úyine qaray shaptı.

* * *

Diagnoz qoyıwda aljasqan táwip ne islerin bilmey otırġan waqıtta sırtqı esikten kirgen Jumamurattıń balası «basqa adam bolmasa ayt» degen tapsırma esinen shıġıp, sawdıratıp qoya berdi.

— Sizge aġam úyde eki qara qoy bar dese, siz úsh qara qoyġa klient jiberipsiz. Klient basqa qoydı almay ketip qaldı. Endi aġamnıń zıyanın tólep beriwińiz kerek eken, — dep kúyip-pisip túsindire basladı.

— Únińdi óshir, aqmaq! Ne dep sandalap tursań?!

— Men aqmaq emespen, siz aqmaq ekensiz. Aġam ayttı. Sizge eki qara qoy bar dese, siz úsh qara qoyġa klient jiberipsiz.

Bala jáne bir nárselerdi aytıp, gójeni tókpege qaradı. Ǵázepten titrep ketken táwiptiń qulaǵına basqa gápleri esitilmedi. Ol otırǵan ornınan shaqqanlıq penen sekirip turıp, balanıń qulaq shekesine bir shappat urdı.

Bala ıshqırıp jıladı. Háwlini adamlardıń ǵawırlısı basıp ketti.

Kimdur «ótirik táwip, aqmaq, jalatay» dep baqırsa, jáne birewler bir awız tilge kirmesten ruwxı túsip, háwliden shıǵıp kete basladı.

Sol-sol eken, bul táwipti izlep keliwshiler kem-kemnen azayıp, bara-bara hesh kim kelmey qoydı.

Basına sálle oraǵan, sarı shapan, gewish mási kiygen bul táwip eki qabatlı sawlatlı jaydıń aldındaǵı gújimniń astına qoyılǵan tapshanda táspi sanap otırıp, óz-ózinen kúyiner edi. «Aqmaq Jumamurat, arzımaǵan pul ushın aǵıp turǵan dáryaǵa bóget bastı. Endi onday pullardı túsińde kóreseń. Táwip túskinlikke túskenlikten be, yaki ruwxıy keselikke shalındı ma, bul awhal hár kúni tákirarlanatuǵın bolıp qaldı.

## ÓMIR MAZMUNI

Jazdıń ot esken ıssı kúnleriniń biri. Uzın shubay atızlıq sheksiz shólistanlıqqa tutasıp ketken. Atız benen shóldi bir ǵana ayaq soqpaq bólip turıptı. Jol shetindegi orta dármiyan háwli úy muńayıp kórinedi. «Bul atızlar meniń qanshelli ómirimdi urlamadı deyseń» dep qıyal etti aywanda krovatta jatırǵan Ólmes kempir aynadan qarap.

Bul kishkene ǵana múújireygen qara kempirdiń ájim basqan júzlerinde ómir haqqındaǵı tereń, dártli pikir jámlengen edi. Kempir aynanı ashıp, keń dalaǵa kóz jiberip, biraz jattı. «Ómir. Usı bir sózdiń ózi ne degen sheksiz. Onıń húkimdarı bolǵan waqıt bolsa jılawlanbaytuǵın asawǵa megzeydi. Usınday qıyalǵa berilgen kempirdiń kóz aldında kishkene ǵana qızalaq payda boldı. Bul kórinis úzik-julıq kinolentalarınday dawam ete basladı. Qız jası jetip mektepke bardı, keyinirek ol atızda isledi. Boyjetip turmısqa shıqtı, lekin, ol jáne sol úyrenisken atızda islewin dawam etti.

Perzentli boldı. Jáne sol bayağı uzın-shubay atız. Endi onıń bir-birinen mazalı perzentleri kóbeydi. Keyin onıń ómirlik joldası dúnyadan ótti. Sóytip-sóytip bayağı kishkene qız mápilik kempirge aylandı.

— Apa, apa, dep úyge kirip kelgen darday jigit kempirdiń qıyalın párdey tozańğıtıp jiberdi.

Ólmes apa nursız kózlerin áste ashıp, balası menen sorasıw ushın ornınan turmaqshı bolıp edi, dimarı jetpedi. Ernin jıbırlatıp bir nárse degen boldı, lekin onıń dawısın balası esitpedi.

— Jata ber apa, — dep balası eńkeyip, apasınıń betinen súydi. — Jaqsı bolıp kettińiz be?

Ólmes apa bir nárse dep sıbırladı. Jigit oğan qulağın tuttı.

— Saw júrseń be, Ábiwbákir, — dedi kempir dimarsız.

— Qudayğa shúkir. Aqlıqlarıńnıń táshwishi menen shawıp júrmen.

— Aynanayınlar, aman bolsın. Meni bul kesel almay tınbaytuğın qusaydı.

— Qayaqtağını aytpań, apa. Ele isleytuğın isleriñiz kóp. Aqlıqlarıńdı oqıtıp adam etiwimiz kerek.

— Sen balamnıń úlkeni bolğan soń, hámme táshwishti meniń menen teń tartıp kiyatırsań. Men sebepli sizler-diń ya iship jep, ya otırıp-turıp bereketińiz joq. Quday-tala tezirek meni alağoysa bolar edi.

— Búgin tórtinshi kún duz tatbadı, — dedi tik ayaqqa turğan kelinshek kózine jas alıp. — Hámme menen ırza-lasıp atır.

— Balam, úkelerińniń hámmesin sırtqa jiber, sağan aytatuğın gáplerim bar, — dedi kempir.

— Bizdi jekke qaldırıń, — dedi Ábiwbákir átirapın orap alğan ini-qarındaslarına.

Kempir menen úlken balasınan basqanıń bári sırtqa shıqtı.

Atızlıqqa uzaq telmirip jatqan kempir áste sóz basladı.

— Ağań barda ağańa arqa súyedim. Quday onı men-nen tartıp alğannan keyin kórgen-bilgenim sizler bolıp

qaldıńız, balam. Quwanǵan kúnlerimde meniń menen birge quwandıńız, qayǵırǵan gezimde qoltıǵıma tıǵılıp, súyenish boldıńız. Raxmet sizlerge. Bul dúnyanıń ózi yalǵanshı eken. Keshe ǵana shapqılap júrgen qurttay qız edim. Búgin bolsa sol kishkene qız benen jetpis segiz jastaǵı kempirdiń aralıǵında bir minutlıq ta aralıq joqtay. ómir aqqan dárya eken, bir zamanda ótti-ketti. Usı qısqa waqıttıń ishinde birewdiń kewlin aldım, bilip-bilmey birewdiń zeynine tiydim. Qátelerimdi qudaydıń ózi keshirgey. Ne islesem sizler ushın isledim, balam. Sen-ám mennen razı bol.

— Ne dep atırsız apa, — dep balası gáp baslap kiyatır edi, kempir onıń sózin bóldi.

— Razılıqta gáp kóp, balam.

— Men razıman apa! — Ábiwbákirdiń kózinde jas dóńgelendi.

— Men-ám sennen razıman. Endi sennen ótinishim, úkelerińe kóz-qulaq bol. Ásirese, kishkentay qarındasıńnıń turmısınan alaǵadaman. Sonıń isi bir jónlesip ketkende, izime qaramay keter edim. Bunı maǵan quday rawa kórmegen qusaydı. Qızımdı qudayǵa, qalaberse saǵan tapsırdım. Endi úkeleriń menen aqlıqlarımdı shaqır.

Bir zamatta ul-qızları hám aqlıqları kempirdi orap aldı. Ólmes apa terezeden keń atızlıqqa biraz tigilip jattı, keyin balaları menen aqlıqlarına halı kelgenshe telmirip qaradı da, áste kózin jumdı.

Ol bendelikti bárjay etken edi.

## NAWRIZ JAMǴIRI

Mádemin Jumamuratov yarım aqshamda tosattan oyamp ketti. Biraz waqıtqa deyin nege oyanǵanın esley almay jattı. Burılıp qaptallap qaradı. Hayalı qannan qápersiz uyqılap atır. Keyin shıǵanaqlap jatıp múeshke qaradı: kishkene kátte bir yarım jasar qızı Malika pır-pır etip uyqılap atır.

Ol jáne dastıqqa bas qoydı. Lekin, endi uyqılay almadı. Kózlerin qarańǵılıqqa tigip jiberdi, kimdur balkonnıń aynasın áste shertkendey boldı. Birewdi shorshıtıp almawdan

seskengendey áste ǵana sherter edi aynanı, toqtawsız bir-eki, úsh-tórt, bes-altı...

Mádemin ornınan turıp, aywanǵa shıqtı. Sırtqa shı-ǵıwı menen jıllı jamǵır tamshıları júzine tiydi.

— Jawın! — dep júregi tolqıp ketti onıń. — Nawrız jamǵırı!

Mádemin alaqanların jamǵırǵa tuttı. Jıllı jamǵır tamshıları alaqanların juwar eken, júregine álle nárse saya salıp ketkendey boldı.

Nawrız jamǵırı oǵan bul úlken qaladan júzlegen shaqırım alıstaǵı awılı — Qılıshbaydı, onıń shańǵıtlı tar kóshesin hám kóshe menen táǵdirles bolǵan hám shiyrin, hám awır ótmishti esletti... hár saparı ...

* * *

Onıń awılı Qılıshbay mektepten júdá alısta, «dúnyanıń bir shetinde» jaylasqan, onıń ústine mektepke aparatuǵın joldıń hár jer hár jeri oylı-shuqır, ayaǵıń kómilip qalatuǵın orpań topıraq edi.

Bul joldan derlik mashina júrmeydi. Tek usı awıldaǵı Sáttar aǵanıń traktorı ǵana waqtı-waqtı tırıldap óter edi, bolǵanı.

Qısta bolsa kóshe oy bolǵanı ushın shamal hámme qardı usı jerge ákelip úyedi. Báhárde qarlar erip, kóshede dizden keletuǵın suw jatadı. Jazda qum... Qullası, bul joldan jıl on eki ayda bir márte de ráhátlenip júriw múmkin emes.

Mádemin mektepke mine usı joldan qatnap oqıydı. Ol waqtı-waqtı mektepke barmay qaladı. Bahana — usı jol. Bunday waqıtları muǵallimler de onsha baqıra bermeydi, sebebi, olar da Qılıshbaydıń jolın jaqsı biledi.

Mádemin ásirese qısta kóp sabaq qaldıradı. Suwıqtan sonnan-soǵa barıp qaytıw jaqpaydı oǵan.

... Sol jılı erte báhárde olardıń qońsısınikine qaladan aǵayinleri kóship keldi. Olardıń Malika degen Mádemin qatarlı qızı da bar edi. Birinshi kúnnen-aq olar tanısıp, doslasıp aldı. Mektepke birge barıp, birge qaytadı, bir partada otıradı. Úyde bolsa birge sabaq tayarlaydı, birge oynaydı.

Ol hár kúni azanda shayın shala-pula ishedi de, papkasın asınıp Malikalardikine baradı. Keyin ekewi birge mektepke jol aladı.

Mekteptegi hámme balalar oǵan qızıǵıp hám qızǵanıp qaraydı. Mádemin bolsa olarǵa itibar bermeydi.

Lekin, bul uzaq dawam etpedi...

Báhár ayı — Nawrızdıń qabatında túni menen quyǵan nóser jamǵır tań ata barıp tındı.

— Búgin mektepke barmay-aq ǵoy, — dedi apası. — Hámme jaq belsherińnen batpaq.

Lekin, Mádemin asıǵıp-úsigip shayhalqas qıldı da, papkasın kóterip kóshege shıqtı. Malikalardıń esiginiń aldına barıp, onı shaqırdı.

Olar jolda ketip baratırıp, shalshıq suwlardı aylanıp óter, ılayda tayıp jıǵılmaw ushın bir-biriniń qolınan uslap alǵan edi. Sonda da Malika waqtı-waqtı tayǵanap keter, Mádemin onı shaqqanlıq penen súyep qalar, sol payıtta ekewi de bir-birine jımıyıp kúlip, jolın dawam eter edi.

Olar mektepke shamalasqan jerde, jawınnan payda bolǵan jaylım úlken bir suwǵa kelip irkilip qaldı. Malika onnan keship óte almaytuǵın edi. Sonda Mádemin hesh ekilenbesten, qızdı kóterip alıp suwdan keship óte basladı.

Ol suwdıń ortasına kelgende qanday da bir shawqımnan, baqırıstan toqtap qalıp, basın kóterdi. Suwdıń arǵı júzinde klasslasları «Talib shayka» hám onıń «shaykası» bulardı mazaq etip kúlisip tur edi.

Mádemin qaqqan qazıqtay qatıp qaldı.

— Erli-zayıp! — dep baqırıstı jaǵadan.

— Tahir-Zuxra!

Jáne birewi izin qosıq qılıp jiberdi.

Tahir-Zuhra jarıl tas,
Aydı uyaldırǵan qas.

Mádeminniń dizesine deyin suw, ne islerin bilmey turıp qaldı. Qızdıń ayaǵın silkiniwi onı ózine keltirdi.

— Jiber!

Malika bir julqındı da, sıpqanap túsip, suwdı shambırlatıp keship óte basladı.

Solay etip olar birinshi márte klassqa dara-dara bolıp kirip bardı.

Mádemin klassqa kirgende Malika artqı partada betin basıp otır, balalar wahahalasıp kúlisip atır edi.

Ol taxtada qızdı kóterip alǵan balanıń súwretine kózi tústi de, rańki bózdey aǵarıp ketti. Talib shayka súwrettiń tómenine bir nárseler jazıp atır edi.

Mádemin ashıw menen bardı da, onıń jaǵasınan uslap, bet-awzına bir mush urdı. Talib shayka teńselip ketti. Lekin, ol iri deneli, Mádeminnen ádewir kúshli edi. Talib shayka ózine kelip alıp, Mádeminniń kewsirigine ildirdi. Klass ishi toz-topalań bolıp ketti.

Esik ashılıp, Abdulla muǵallim keldi de, hámme tım-tırıs bolıp orınlarına otırdı. Tek Mádemin menen Talib shayka ǵana doskanıń aldında turıp qaldı.

— Otırıń! — dedi muǵallim olarǵa alma-gezek názer salıp. — Sabaqtan keyin ekiwińiz de qalasız.

... Erteńine Malika mektepke barmadı. Baralmadı. Awırıp jatıp qaldı.

Mádemin mektepten kelgennen keyin Malikanı «Tez járdem» alıp ketkenin esitti de, qırǵa shıǵıp egitilip jıladı. Ol heshqashan búytip jılamaǵan edi.

Aradan kóp ótpey Malikanıń ata-anaları da kóship ketti. Mádemin Malikanı qaytıp kórmedi. Ol haqqında hesh nárse esitpedi. Lekin, umıta almadı da...

Jıllar ótti... Ol student bolıp birinshi kúni universitet partasına otırǵanda, eki parta arıda otırǵan Malikanı kórip, baqırıp jibereyin dep qaldı. Kózleri quwanıshtan jaynap, aldına jetip barǵanın bilmey-aq qaldı.

— Meni tanımadıń ba, Malika?

Qız aldın hayran bolıp turdı.

— Meniń ismim Mayram, — dedi keyin.

Mádeminniń bedenine tok urǵanday boldı.

— Keshirersiz...

— Zıyanı joq, — dep Mayram kúlimsiredi de qoydı.

... Sońǵı kurstı oqıp júrgende olardıń toyı boldı. Ol Mayramǵa kewil qoyıp úylendi. Qızı Malika tuwılǵannan keyin, olar bir-birin jáne de qattıraq súydi.

* * *

Mádemin áste gúrsindi. Aynanı ashıp, jamǵırǵa júzin tuttı. Nawrızdıń jaǵımlı jamǵırı onıń júzlerin juwıp, shashlarınıń arasınan sızılıp aǵar edi.

Mine, aradan sonsha jıllar ótse de, Mádemin Malikanı umıta almadı. Ayırım waqıtları sonday jamǵır quyǵanda Qılıshbay, sol kóshe yadına túsedi hám onıń ómirinde qandaydur áziz bir nárse jetispey atırǵanday túyiledi.

Endi bolsa Qılıshbaydıń jolına tas tógilip, asfalt basılǵan. Balalar qısta da, jazda da hesh qıylanbay mektepke barıp keledi. Heshqanday balaǵa qızdı kóterip alıp, suwdan keship ótiwge tuwra kelmeydi.

Jamǵır jiyiledi. Mádemin qolların shanshıp turǵan shep kókiregine bastı. Miyi aylanıp, kózi tına basladı. Jamǵır barǵan sayın kúsheydi, aqırı, sheleklep quydı. Áne, olardıń kóp qabatlı úyiniń aldında úlken shalshıq suw payda bolıp ol kem-kem tereńlese basladı.

Mine, birinshi qabat pútkilley suw astında qaldı.

Mine, suw shamalda tolqınlanıp, tolqın ekinshi qabattıń aynasına kelip urıla basladı.

Áne, úshinshi qabat ta suwǵa ǵarq boldı. Aqır ayaǵında onıń ayaǵı astına deyin jetip keldi... Dizesine deyin jetti... Esikti qulatıp, suw ishke japırıldı.

Kishkene Malika jatırǵan krovattı qattıraq qısımladı... Ózine kelip, áste kózin ashtı. Jamǵır biraz páseygen, erinip-erinip tamshılar, páste fonar jaqtırtıp turǵan asfalt trotuarda kishkene-kishkene shalshıq suwlar jaltırap kóriner edi.

Mádemin úyge kirip, svetti jaqtı. Jaydın ishi jarqırap ketti. Hayalı dastıqtan áste basın kóterip, uyqılı kózleri menen oǵan hayran bolıp qaradı.

— Jamǵır, — dedi Mádemin qandaydur ózinikine usamaǵan hawazda. — Nawrızdıń jamǵırı jawıp atır.

## SOL GOZANIŃ ASTINDA

«Paxtakor» xojalıǵınıń sport boyınsha instruktorı Jumabay palwan 16-brigadanıń atız sherteginen úyine qaytıp kiyatır. Bir payıtları Jumabay palwan qusap boksqa qızıǵıp, keyin murnı sınıp onnan waz keshken klasslası, brigadir onı tawıq sorpaǵa mirát etip, azıraq «tentek suw» menen de kewlin kóterip jibergen edi. Házir ol shaǵında. Jol boyı «yarım ketemen deydi-ya» ni ısqırıp kiyatır.

Izeykeshtiń boyındaǵı tut nálleri egilgen atızdı jaǵalap baratırıp, qız balanıń áste jılaǵan dawısın esitip, birden toqtadı. Moynın sozıp qaradı. Qarasa, putalardıń tasasında ózi bir waqıtları hayalına muhabbat aytqan jabayı gozanıń astında Nusiret artistiń balası menen Seyfulla arbakeshtiń qızın kórdi...

Jumabay palwan dáslep kózlerine isenbedi. Keyin kózlerin qattıraq ashıp qaradı. Iras. Qushaqlasıp turıptı.

— Óy, palapanlar-áy! — degen gáp Jumabay palwannıń awzınan shıǵıp ketti.

Nusiret artistiń balası qızǵa bir nárselerdi tınbay túsindirip atır. Qız bolsa alaqanları menen betin basıp alǵan, pırqıldap jılaydı, lekin, jılaǵanları shınnan emesligi sezilip turar edi.

Jumabay palwan dem almay turdı. Endi olardıń dawısları da esitile basladı.

— Masqara boldım, — dedi jılap turıp Seyfulla arbakeshtiń qızı. — Endi hámme meni mazaq qıladı.

— Hesh kim seni mazaq qılmaydı, — dep jubattı Nusiret artistiń balası. — Hesh kim kórgen joq go!

— Báribir, erteń awılda gúwlegen gáp boladı: «Izeykeshtiń boyındaǵı nál atızda Furqat Guliden posa alıptı» — dep Seyfulla arbakeshtiń qızı usını aytıp pırqıldadı.

— Wáy, zańǵardıń balası-áy, murınların arta almay júrip, jaqsı kóriwdi kim qoyıptı bularǵa. Posa aladı bir-birinen! Házirgi jaslar júdá buzılıp baratır dá! Bulardı Dáwran kinoshınıń hindshe kinoları menen, televizor buzıp atır...

— Hesh kimge aytpaysań ba? — dedi Seyfulla arbakeshtiń qızı qızarıp ketken kózlerin uwqalap.

— Hesh kimge! — dep sóz berdi Nusiret artistiń balası. — Eger tisimnen shıqsa til tartpay óleyin!

Seyfulla arbakeshtiń qızı bul gápten quwanıp ketti. Kózleri quwanıshtan jaynadı. Nusiret artistiń balası qızdıń qollarınan uslap, jáne posa almaqshı boldı, lekin qız onı iyterip jiberdi.

— Jillimiseń?!

Seyfulla arbakeshtiń qızı atızdan shıǵıp kete basladı. Bir payıt ol izine burılıp qarap, erip kiyatırǵan Nusiret artistiń balasına. — Sen azıraq irkilip tur, keyin shıǵasań. Lekin, bilip qoy, bunı birew esitse... Keyin men seniń menen ulıwma sóylespeymen — dedi.

Seyfulla arbakeshtiń qızınıń ketkenine biraz waqıt bolsa da, Nusiret artistiń balası ornınan qozǵalmadı. Ol qızdı qushaqlap, posa alǵanına júdá más bolsa kerek, ırjıyıp tura berdi.

— Háy, bala! — dedi sabırı shıdamaǵan Jumabay palwan. — Ómir boyı ırjıyıp jasawǵa bolmaydı, Nusiret artistiń balası!

Nusiret artistiń balası selk ete qaldı. Qarsı aldında turǵan Jumabay palwandı kórip, sárriyip qaldı. Qashıp ketpekshi boldı, lekin, ayaqları ornınan qozǵalmadı ma, qaqayıwı menen tura berdi.

«Kóregoydı ma eken» dep oyladı ol.

— Uyat emes pe? Ar-namıs degen nárse bar ma ózi sende?! Ele awzıńnan ana sútiń ayrılmay turıp, posa alasań! Sizlerge mektepte sonı úyrete me? Kim oqıttı ózi seni?! Sharap muǵallim be? Kórsem bolar onı! ózim bir jaqsılap sóylesip qoyayın, onıń menen! Bunı qaysı pánge qosıp oqıtadı eken? Ádebiyatqa ma? Tariyxqa ma?!

Ol jáne geografiyanı da aytpaqshı edi, aytpadı. Sebebi, geografiya muǵallimi Nurılla Qambarov onıń aǵayini. Onıń aǵayini bunday biybastaqlıqtı sabaqqa qospaydı.

Nusiret artisttiń balası saban tıǵılǵan qaptay, qolların tómen salbıratıp tura berdi.

— Ákeń Nusiret hayalın, yaǵnıy anańdı birinshi márte shımıldıqta kórgen. Sonda posa alıw bılay tursın, qolınan uslawǵa tartınǵan, shımıldıqtıń bir shetinen jeńgeleri qarap turma dep iybengen. Biziń waqtımızda uyat, abıray degen bar edi. Sizler de she?! Búgin úylenedi, eki aydan keyin balalı boladı!

Nusiret artistiń balası jım turıp tıńladı.

— Sen qaysı balasısań, úlkeni me, kishkentayı ma?-dedi aqırında Jumabay palwan.

— Kishkentayı.

— Bekimbet ǵarrınıń eshegin Jabbarqulǵa aparıp berip, haldan tayǵansha jumsatıp, keyin quyrıǵına teńge baylap jibergen-âm sen dá, onda?!

— Endi onday etpeymen, aǵa.

Ekewi de bir zaman únsiz qaldı.

— Bar, onda biziń júzimizdi tómen qaratpa, — dedi Jumabay palwan násiyat qılǵan bolıp.

Furqat ornınan zorǵa qozǵalıp baratırıp, esitiler-esitilmes qılıp jalbarındı.

— Aǵa, hesh kimge aytpań...

— Bar, bar! — dep baqırıp jiberdi Jumabay palwan. — Shekeńe shappat tiymesten burın qarańdı óshir búyerden! «Hesh kimge aytpań»emish! Uyattı bilseń jónińe júr!

Onı mısqıllap, mırsıldap kúldi.

... Jumabay usılardı qıyalınan ótkerip, qolın tayanıp, tósekti jambasladı.

Hayalı pıs-pıs etip uyqılap atır edi onı áste túrtti.

— He-e, — dedi de hayalı qayttan uyqıǵa ketti.

Jumabay palwan endi qattıraq túrtti. Hayalı oyanıp, kózlerin uwqalap oǵan qaradı, bólme ishi tas-túnek, kúyewi shıǵanaqlap jatır.

— Nege túrttiń?

— Ǵoza esińde me?

Hayalınıń ańı ushtı.

— Qanday ǵoza?

— Ǵoza — ǵoza dá?

Hayal ań-tań. Jumabay palwannıń oǵan ashıwı keldi.

— Izeykeshtiń boyındağı ğoza ne?!

— A-al, soğan ne boptı? — Hayalı beter hayran boldı. Soń kúyewiniń peshanasına alaqanın bastı. — Densawlığınnıń hesh teńesi joq... Negıptı, birew shawıp taslap pa?!

Jumabay palwan onıń qolın qağıp jiberdi.

— Ushıp ketipti!

Olar bir zaman únsiz qaldı.

— Pır-pır uyqılawdan basqanı bilmeyseń! «Qanday ğoza? Qanday ğoza?» Demde esińnen shığıptı dá! Men sağan sóyerde birinshi márte sóz salğanman...

Hayalı kúlip jibermew ushın áste ernin tislep turdı.

— Esimde...

— Sen sol irette de adam qusap juwap bermep ediń. Posa alğanımda shekeme salıp jiberdiń.

— Ne qılıwım kerek? Men-ám qaytarıp posa alıwım kerek pe edi?

— Yaq, endi ... dep gibirtikledi Jumabay palwan. — Qolıń menen betińdi basıp jılawıń kerek edi.

— Ho-o! Álle netken birew sennen posa alsa, sen biysharań shığıp jılap otırıwıń kerek á!

— Kim, álle netken birew?! — Jumabay palwan ornınan turıp kete jazladı. — Men álle netken birewmen be? Kúyewiń á?!

— Ol waqta kúyewim emesseń ğo.

Jumabay palwan sóz tabalmay irkilip qaldı.

— Báribir sen meni jaqsı kórmeyseń, — dep juwmaq jasadı ol. — Jaqsı kórgenińde óytpes ediń. Áne, Seyfulla arbakeshtiń qızı Nusiret artistiń balasın jaqsı kóredi. Bul attan anıq!

Hayalı dárhal sergek tarttı.

— Kim, kim? Seyfulla arbakeshtiń qızı Nusiret artistiń balasın ba?

Endi kesh edi. Jumabay palwan awzınan «gúllep» qoydı.

— Qayaqtan bildiń?

— Kórdim, — dedi Jumabay palwan. — Olar biz ushırasqan jerde, sol ğozanıń astında otırğan eken. Nusiret artistiń balası Seyfulla arbakeshtiń qızınan posa aldı, ol

jıladı... Sağan qusap shappat bermedi. — Jumabay palwan suwıq demin aldı. — Olardıń muhabbatı haqıyqıy eken.

Hayal onıń kókiregine basın qoyıp erkeledi.

— Bizlerdiki de haqıyqıy!

Endi Jumabay palwannıń kewli jay bolıp, hayalın bawırına bastı.

Kóp uzamay hayalı jáne uyqığa ketti. Jumabay palwannıń bolsa hesh uyqısı kelmedi.

Aradan eki kún ótti. Jumabay palwan kósheden ótip baratır edi, dárwazanıń aldındağı ağash sıpada búksheyip otırğan Xalman biybi onı shaqırdı.

— Háy, Jumabay, berman kel...

Jumabay palwan Xalman biybi menen qádimgidey amanlıq-esenlik sorastı.

— Jumabay balam, — dep gáp basladı Xalman biybi kóyleginiń jeńi menen kózlerin súrtip. — Sen bul jaslarğa násiyat-pásiyat aytıp, tártipke shaqırıp qoy, balam.

Jumabay palwan búyirin tayandı.

— Xosh?

Xalman biybi áste sıbırlandı.

— Balam, Nusirettiń Furqatı menen Seyfullanıń Guliyin tártipke shaqırıńqırap qoy. Olar ana nál atızdıń qasındağı ğoza bar ğoy, sol ğozanıń astında turıp, bir-birinen posa alısqanmısh...

Jumabay palwan ańırayıp qaldı. Xalman biybiniń qalğan gápleri qulağına kirmedi. Ol bolsa ele tınbay sóylep atır....

## «BIR PARSHA BULT, SHEKSIZ ASPAN»

Túni menen uyqılay almay shıqqan Said, shığanaqlap tóseginen yarım turıp, kurslası Kárim jatqan krovatqa qaradı. Ol heshnárseden xabarsız, tınısh uyqılap atırğan edi.

Sıbawları túsip bola kelgen ójireniń tınıshlığın stol ústindegi saattıń shırtıldısı ğana buzıp tur.

Said jáne dastıqqa qıysaydı. Kózleri jawın óte berip dağal-dağal bolıp qalğan pátikke tigiliwi menen uyqılamay, qıyalğa berildi.

... Olar kimsesiz qıyabanda ketip baratır. Ekewiniń ortasındaǵı únsizlikti buzıwǵa júrek ete almaǵanday, misli óz qıyalları menen bánttey, ǵaz-ǵaz qádem taslap barar edi. Misli, Mubarek onnan sol sózdi hesh kútpegen-dey, Said bolsa oǵan sol sózdi hesh aytajaq emestey.

Bir máhál jigittiń qolına qızdıń ıssı qolları tiyip ketkenin sezdi de, turǵan jerinde toqtap qaldı. Qız da toqtap, basın kóterip, úrkek kózleri menen jigitke qaradı. Olar ekewi de aldında lám-lim demey, jansız eskertkishtey bir-birine tigilip qarap qaldı. Tek eki júrektiń saattay dúkildep urıwları kimsesiz dalanıń tınıshlıǵın buzıp turar edi.

Sonda Said qızdıń jumsaq, ıssı alaqanların qollarınıń arasına aladı da, úrkitip alıwdan qorıqqanday, áste titiregen dawıs penen sıbırlaydı. «Men sizdi jaqsı kóremen Mubarek!» Sol zamat júregi bir zaman soqpay qalǵanday, betleri bolsa laplap qızıp ketkendey sezinedi.

Mubarek sol tákabbir aspan qızı óz «kóshki»sinen sıpqanap túskende, Said onı ásten ǵana bawırına basadı! Mubarektiń iyinleri dirildep, únsiz jılap atırǵanın sezedi. Ne ushın jılap atırǵanlıǵın bilgenlikten onı jubatpaydı. Keyin Mubarektiń júzlerin alaqanı menen názik sıypalap, basın kóteredi de, kóz jasınan lám bolǵan kózlerine, júzlerine lábin tiygizedi.

Said tozıwı jetken krovattı sıqırlatıp,. ana janbasınan mına janbasına awnadı, suwıq demin aldı. Bası solqıldap awırar, bir nárse kókiregine qorǵasınday batıp, azap berer edi.

«Yaq, men oǵan heshqashan súyemen dep ayta almayman!»

Ol qıysayıp turǵan aynadan sırtqa qaradı. Tań ata qoymadı. Bunnan artıq jata almadı. Turıp, tar bólmede ǵázeplenip, arman-berman júre basladı.

Kópten beri usı awhal! Said óz bólmesine kirip alıp, túni boyı uyqı kórmey qıyal súredi. Mubarekke «dárt» in aytıwdıń jolların oylaydı, sulıw-sulıw gáplerdi yadlap qoyadı. Lekin, erteńine onı kóriwden hámmesi yadınan kóteriledi. Lekciyalardı bolsa Mubarekke telmirip qaraw menen

ótkeredi. Sabaq dawamında bir sóz de onıń qulaǵına kirmeydi.

Sabaq pitken soń hár kim hár jaqqa asıǵadı. Said bolsa qaptaldaǵı imarattaǵı kitapxanaǵa kiredi de, ayna-nıń aldında telmirip otırıp aladı. Búyerden oqıw zalı alaqanda turǵanday kórinedi. Mubarek derlik hár kúni sabaqtan keyin usı zalǵa kirip, biraz waqıtqa deyin sabaqqa tayarlanadı, keyin úyine qaytqanda Said oǵan sezdirmey dárwazasına deyin shıǵarıp saladı.

Bir saparı Said alaqanların iyegine tirep, aynadan berilip sabaq oqıp atırǵan Mubarekti gúzetip tura-tura, shárt ayttı: «Boldı, házir hámmesine qoldı bir silteymen de zalǵa tuwrı kirip barıp, onıń stolına jaqınlayman. Mubarek kitaptan bas kóterip, ilajsız turıp baratırǵanda onıń qısınǵannan ba, quwanǵannan ba, dirildep turǵan qollarman áste uslayman da, onıń shıraylı kózlerine tik qarap» Mubarek, men seni jaqsı kóremen» deymen.

Said sonday sheshim menen ornınan turdı. Esiktiń awzına jaqınlaǵanda jańaǵı batırlıqtan namıw-nıshan qalmadı. Ol zalǵa kirgende dizeleri qaltırap, ayaqlarınan dińke kete baslaǵanın sezdi. Ayaqları bolsa Mubarek otırǵan stolǵa qarap emes, pútkilley basqa jaqqa qaray basladı. Said qızdıń oń tárepindegi bos stollardın birewine otırdı da, sumkasınan bir kitap shıǵarıp, aldına qoydı. Keyin áste Mubarek tárepke kózinin qırın saldı. Qız bolsa onı sezbedi de, erinleri áste jıbırlap, berilip kitap oqır edi.

Said demin ishine jutıp, dıqqat penen qulaq sala basladı. Mubarek kitap oqır edi:

... Bir parsha bult, sheksiz aspan,
Taqırlıqta tar ayaq soqpaq,
Táshwishlerden waz keship, saǵan,
Saǵan ushqım keler qanatlap.

Qız bir zaman tım-tırıs qaldı. Kishkene mushların iyegine tirep, kózlerin yarım jumıp qıyalǵa berildi. Usılayınsha uzaq otırdı. Keyin bolsa stol ústindegi

kitapların áste sumkasına saldı da, zaldan ses shıǵarmay júrip emes, misli ushıp shıǵıp ketti.

— Sen jabayısań! Onıń ústine qoyan júreksen! Awmasań! — Kárim ábden onıń jinine tiydi. — Sen kim, ol kim! — dedi bosaǵada ayaq astına qoyılǵan ılas látteni kórsetip.

— Onıń aldında sóz taba almay qalsam ne qılayın?! — dedi Said iynin qısıp, qapa bolıp.

— Onıń mına turısın kórip, Kárimniń gá kúlkisi, gá ashıwı keldi.

— Úseytip júrebberseń, bes jılǵa deyin-ám oǵan hesh nárse ayta almaysań! Keyin oqıw tamam boladı, ekewińiz eki jaqqa ketesiz! Saǵan tek birinshi muhabbat haqqında shiyrin eslewler qaladı. Ház etip eslep júreseń!

— Onda ne qılayın? — dedi Said jalınıshlı túrde.

— Ne qılayın ne? Jigitpiseń óziń?

Bar da ayt, seni jaqsı kóremen de, sensiz jasay almayman de, tamam, wássalam! Ne, ol seni pallaqqa asarma edi?

Said únsiz. Kárim haq edi. Kárim mıń márte haq. Hámme gápi tuwrı. Lekin ...

Kárim de ózindey, Táshkentke uzaq awıllardıń birinen kelgen. Oqıwdıń basında-aq bir-biri menen tanısıp, doslasıp qalǵan. Birge kireyge jay izlegen, mine endi sonnan beri birge turadı ...

Kárim Saidtıń dártinen xabardar, lekin onıń natıqlıǵına kúyip-pisedi.

— Kókiregiń górme seniń?! Mubarektiń de sende kewli barlıǵı kórinip turıptı ǵo!

Lekin, Said Mubarektiń ózinde kewli barın sezbeydi, sonıń ushın da ol Kárimge isenbeydi.

Bir kúni Kárim Saidtıń qolınan bekkem usladı da, súyregendey etip Mubarek otırǵan stolǵa keldi.

— Bos pa? — dep soradı da juwabın kútpesten Saidtı iyterip otırǵızdı. Ózi de otırdı.

Mubarek bolsa ózin kúlkiden zorǵa tıyıp, ornınan turdı da:

— Sizler biymálel jaygasıp otıra beriń, — dedi de, ózi basqa stolǵa ótip ketti.

Said pútkil auditoriya oǵan qarap turǵanın, qızlar bolsa alaqanı menen awızların basıp «pıq-pıq» kúlip atırǵanın sezdi de, ornınan shapshıp turıp, esikke qaray júrdi.

Kireberiste dus kelip qalǵan muǵallimge de názer salmastan teksheden tez-tez juwırıp túsip ketti.

«Nege onday qıldıń, Mubarek?»

«Uyaldım dá!»

«Neden?»

«Kórmediń be, hámme bizlerge tigilip turıptı. Keyin olar meniń ústimnen kúlip júrer edi... Onıń ústine aynadan kún túsip tur edi, ıssıǵa shıday almayman.»

«Endi olar meniń ústimnen kúlip júredi».

«Buyaǵın oylamappan, keshir. Endigi ret ózim seniń qasıńa barıp otıraman».

Lekin, tilekke qarsı bul sáwbet te ádepkilerindey, ekewiniń aralarında bolıp ótpeydi.

Said arman-berman júriwdi toqtatıp, krovatqa ayaq sozdı. Lekin, sol máhál stol ústindegi saat álemdi lárzege keltirgendey etip birden shıńǵırladı.

Kárim ushıp turıp, saattıń knopkasın basıp hawazın óshirdi, soń Saidqa qaradı. Ol kózlerin jumıp, uyqılap atırǵanǵa saldı. Búgin ekshembi. Búgin olar pútkil toparı menen tawǵa gúl teriwge barmaqshı edi. Saidtıń bolsa ayaǵı tartpadı. Júregine taw túwe qıl sıymas edi.

Kárim onı túrtip oyattı.

— Júr Said.

Said oyanıp, kózlerin uwqalap Kárimge qaradı.

— Barmasam ba eken dep turman...

Kárim onıń ústindegi kórpeni serpip tasladı.

— Bol tez!

Said kórpeni qaytadan jamıldı.

— Barmayman! Xoshım joq.

Kárim onı bul ret jatırǵan ornınan lappa kóterip, turǵızıp qoydı.

— Kiyin tez. Bolmasa keshigemiz.

... Avtobus Aqtashqa jaqınlaǵanda quyash endi uyasınan shıǵıp kiyatırǵan edi. Kóp-kómbek maysalarǵa búrkengen taw kisiniń kewlin kótergendey, gózzal kóriner edi.

... Said Mubarekti uzaqtan tanıdı. Ol onsha biyik emes tóbelikte dizesin qushaqlap qıyal súrip otırar edi. Mubarek sol otırısında taw shoqqısında ashılǵan úlken bir lalagúlge uqsap keter edi.

— Bar! — dep túrtti onı Kárim. — Usı rette de dártińdi ayta almasań, onda adamman demey-aq ǵo!

Keyin ózi saydı jaǵalap, tómenge túsip ketti.

Mubarek ayaq dawısınan seskenip, basın kóterdi. Qarsı aldında Saidtı kórip, júzi kúlimlep, biyıxtıyar ornınan turdı.

Said onıń qarsı aldında entigip turar, bir-birine sonday jaqın, aralarında sańlaq joqtay edi. Olardıń demleri bir-birine urılar, Mubarek te entigip dem alar edi.

Said bar jigerin boyǵa jıyıp, onıń qollarınan usladı.

— Men sizdi...

Said shıdam bere almay, názerin alıp qashtı. Lekin, dárhál jáne Mubarektiń kózlerine kózlerin tikti.

— Men sizdi jaqsı kóremen, Mubarek!

Mubarek áste iyildi de, onıń kókiregine basın qoydı. Said onı qushaǵına aldı, júzlerin xosh iyis taratıp turǵan shashlarına basıp turıp, qızdıń iyinleri dirildep turǵanday sezdi. Said onıń usı dirildep turǵan iyinlerinen asırıp qaradı: olar turǵan shoqqıdan on adımday arıda jalǵız ayaq soqpaq aǵarıp kóriner, tóbede sheksiz aspanda olarǵa háwes etkendey bir parsha bult gezip júrer edi.

## QÍZǴANÍSH BÁLESI YAMASA TALAPLARǴA MUWAPÍQ

Qasım aǵanıń hayalı japsaqlı bolıp, uzaq waqıt tósek tartıp jattı.

— Seni kóp qıynap jiberdim, — dedi bir kúni kúyewine. — Bul keselden ayıǵa almaytuǵın qusayman. Mine, bir jıldan ótti, óz ayaǵımda júre almayman. Seniń qarawıńnan kemis joq. Mıń márte ırazıman, aǵası. Biyqolay bolsa da

aytayın, erkek adamsız, qalaberse ádetińizdi de bilemen. Birli-yarım hayallar menen ushırasıp júrseńiz de meyli. Lekin, «ushına shıqqan» bolmasın. Xabarshı degen atıń bar.

Qasım aǵa hayalınıń betine tigilip qaradı: ol shın júrekten ashınıp aytıp atır edi. Aradan birneshe kún ótip, jekke qalǵanda hayalı jáne bayaǵı gápti qozǵadı.

Aq kókirek Qasım aǵa bul gáplerden qattı tásirlendi, ózin uslap tura almadı. Ótken saparǵı aytılǵan gápten keyin kúyewinen ajırasqan bir hayalǵa gáp aytqanın, ol bolsa oylanıp kóriwge wáde bergenin ayttı.

— Táwir nashar ma? — dedi hayalı miyirmanlıq penen uyań dawısta.

— Aytatuǵını joq, — dedi Qasım aǵa súysinip. —Zo-or!

— Jası neshede? — dedi hayal baǵanaǵı sının buzbastan.

— Jas! Sennen sarras on bir jas kishi!

Hayal quwandı. Tek balalarǵa qarawdı umıtıp ketpewdi zinharladı. Qasım aǵa ant iship wáde berdi.

— Aytpaqshı, aǵası, qáyerde isleydi? Atın da soramappan? — dedi hayalı gúna islep qoyǵan adamday ókinip.

— Juwabın ayta bersin, — dedi kúyewi, endi ózin pútkilley arqayın sezip. — Keyin aytaman. Atı da júdá sulıw.

Qasım aǵanıń gápi awzında qaldı. Hayalınıń kózi tas tóbesine shıqtı. Jatqan jerinen ısırılıp, shette turǵan hasasına umtıldı. Halı jetpegennen keyin qasında turǵan keseni aldı da, kúyewiniń bet aldına jiberip qaldı. Kesa basın iyiwge zorǵa úlgerip qalǵan kúyewiniń qulaǵınıń tusınan «zuw-w» etip ótip, esiktiń qaptalına qoyılǵan shkaftıń aynasına tiydi. Kese pashaq-pashaq bolıp, aynanıń joqarǵı betine birneshe sızıq payda etti.

— Iymansız! — dedi hayal tútigip. — Qashshan-aq bilip edim qıyalıńda ne barın! Ne qılar eken desem zorǵa júrgen ekenseń ǵo! Altı balań, bir hayalıń bar, onıń ústine jas qatın kúsep qaldıń ba? Há, qatında basıń qalǵır! Ballar kele bersin, qońsılardı shaqırtıp, shermendeńdi shıǵaraman. Bas redaktorıńa aytıp, jumıstan bosattıraman. Qatınpaz! Ant urǵır!

Qasım aǵa jalındı, jalbarındı, aqırı keshirim sorap, hayalın zorǵa tınıshlandırdı. Óz-ózinen uyalıp ketti. Lekin, bir nársege hayran qaldı: sonsha waqtan beri dimarı qurıp atırǵan hayal bunsha aybattı, bunsha kúshti qayaqtan taptı?!

Azanda jumısqa baratırıp hayalınıń aldına bardı. Bul onıń kúndelikli dásturi edi! Jumısqa baratırıp ta, kelgennen keyin de biytap hayalınıń aldına barıp, awhal sorasıp, soń basqa iske aylanısadı. Bul ret álpi alıspadı. Hayal aytarın ayttı da, qabaǵın úyip jatıp aldı. Jaydan shıǵıp baratırıp, shıtnaǵan aynaǵa kózi tústi de, ábden ruwxı tústi. Avtobusta baratırǵanda da hayalınıń esitiler-esitilmes etip, bárin zil menen aytqan gápleri qulaǵınan ketpedi. «Jumısqa waqtında barıp, waqtında keleseń, otırıspaǵa ruqsat joq. Men buyaqta tósekte jatsam, sen kewil xoshlıq etip júrseń... Oynaǵan ekenseń! Basqan adımıńdı tekserip baraman!» dedi de hayalı qasındaǵı telefonnıń trubkasın kóterdi. Jáne ornına qoydı. «Awıldaǵı toy-merekelerge de barasań da, qaytasań. Qáerde júrgenińdi xabardar etip turasań. Bolmasa ózińnen kór!»

Hayalı aytqan gápin orınlamay qoymaytuǵın qıylınan. Onıń ústine... júdá aqıllı. Qasım aǵa ishinen ózine-ózi keyidi. Qasındaǵı orınlıqta otırǵan kisi oǵan ájeplenip bir qarap qoydı.

Qasım aǵa jumısqa meyilsoq bolıp barıp-kelip júrdi. Biraz izlep júrip aynalı shkaf satıp aldı.

— Mınanı dalaǵa shıǵarıp qoyayıq, — dedi hayalına taza shkaf ákelgen kúni gónesin kórsetip. — Tap usın-dayınan alıp keldim. Tap-taza. Sen jatqan jerde sınıǵı menen turǵanı jaraspay tur.

Hayal quwanatuǵın shıǵar dep oylap edi. Jańılısqan eken.

— Usı tura bersin, — dedi hayal qabaǵın ashpay. — Hár kirip-shıqqanda ózińniń turqıńdı kórip turasań.

Qasım aǵa tım-tırıs boldı. «Sergegine qara» dep oyladı ishinen. Haqıyqattan da, aynanıń joqarı tamanı ayqısh-uyqısh sınıq bolǵannan keyin, onda adamnıń beti de múyesh-múyesh bolıp kórinetuǵın edi. Buǵan Qasım aǵanıń ashıwı keletuǵın edi.

Qızǵanıshtıń bálesi me, ya dári-dármaq barıp-barıp tásir etti me, hayalı kúnnen-kúnge sawalıp, ayaqqa turıp ketti.

Jańa shkaftı qızları ushın alıp qoydı. Aynası sınǵan shkaftı bolsa ózleri turatuǵın bólmeniń tórine kóshirdi. Álbette, jeńgeydiń talabına muwapıq.

## UZAQTAN ATILǴAN OQ

Dekabr baslansa da ele «jası úlkenler» jıyın-terimdi toqtatıwdı qıyalına keltirmedi. Paqallar qamıstay sıydamlanıp qalǵan. Kún tez batadı. Qalmırza shopan qoylardı dáslep joldıń boyına jaydı. Soń ján-jaǵına qarap, átirapta hesh kim kórinbegen soń paxta atızǵa saldı.

... Qoylardı semirtip bıyıl, tórt qoshqardı satadı, ornına bir qashar aladı. Quda «al qulım» dese eki-úsh aydıń ishinde bir buzaw paydaǵa qaladı. Onı eki jıl baǵadı...

Qartayǵanda jetpesinlik májbúrleyme, pul tabıwdıń túrli jolların oylaydı ekenseń. Lekin, házir siyasat qattı. Keshe Boribay uchastkovoy menen paxta atızdıń qarawılı Ámin piyań «won jeti gektarlıq»tan jigirmalaǵan qoydı alıp ketti. Endi aktlestirip ya húkimetke ótkerip jiberedi, ya ońbaǵanday shtraf saladı.

Miliysa bul «Sorkól» ge túnde kele almaydı. Lekin, Ámin piyańnan quday saqlasın. Qosawız mıltıǵın iynine salıp alıp, tentiregeni tentiregen. Qashan jatıp uyqılaydı, hayransań. Anası paxta atızdıń ishinde tuwǵan ba...

... Bunnan eki ayday kók egiske egilgen júweriniń piseyin dep turǵan basların qayırıp, jańa bir kenep toltırıp edi, tap túbinen mıltıq paq ete qaldı. Onıń oyınsha oq basınıń joqarısınan ótip ketti. Qalmurza otırıp qaldı... Sonnan kún batıp, qas qarayǵansha qozǵalmay otırdı. «Júregim jarılǵan shıǵar» dep eki-úsh kún tósek tartıp jatıp aldı. Keyin bilse Ámin piyań quslardı úrkitiw ushın mıltıq kóshirgen eken.

... Hámra geroy da kelip-kelip soǵan mıltıq berer me?

Sol jılı báhárde iytler topar-topar bolıp, shigit egilgen atızlarǵa awnap wayran qıldı. Ashıwı kelgen brigadir Hámra

geroy mıltıǵın iynine salıp, «On jeti gektarlıq» qa keledi. Ol mıltıqtı oqlap, iyt qıymıldamay turǵan waqta shúrppeni basadı. Bir erkek, bir hayaldıń bay-bayınan ózine kelgen brigadir juwırıp barsa, Sámender jansebil dústómenine túsip jer tırmalap atır.

— Dushpannıń úyi kúysin. Qambadan ılay alıp quyǵan gerbishimizdi de kóre almaydı. Endi úsh náresteni kim baǵadı? — dep hayalı dad salıp atır.

Brigadir bilse Sámender ılay toltırılǵan gerbishti qálipten quyıw ushın endi eńkeygen waqta shúrppeni basqan eken. Ol awhaldıń júdá qorqımshlı ekenligin bildi.

— Óshir hawazıńdı! — dedi brigadir. Ekewi de tım-tırıs boldı. Usı waqta ılayǵa túsetuǵın sennen basqa aqmaq joq. Gerbishti ózim quydırıp beremen. Úsh-tórt kún úyińde emleneseń. Dárińdi, ukolıńdı bergizemen.

— Jay salıwǵa balama jer bermeysiz be?

— Balań jańa tórtinshi klass boldı ǵo, nákas, — dedi brigadirdiń ashıwı kelip. — Ózińniń jeriń bolsa usınıń ózinde eki ese zıyat... tamam. Qáleseń sol, qálemeseń tórt jaǵıń qubla!

— Meyli, razıman, — dedi Sámender jansebil.

Brigadir ketti.

— «Volga» minetuǵın boldıń, aǵası? — dedi hayal betiawzın búristirip turǵan kúyewine. Awırıp tur ma?

... Ámin piyańnıń eshek arbası Sámenderdiń úyiniń aldına toqtaǵanda doktor da jetip keldi. Arbada dústómenine jatırǵan Sámenderdiń arqasınan kishkene temir alıp taslandı.

— Uzaqtan atılǵan eken, — dedi doktor mıńǵırlap.

Brigadir jazda gerbish quydırıp berdi. Sámender jansebildiń bolsa laqabına «pıtıra» sózi de qosıldı. Arqası demde pitip ketti. Sonnan keyin geroy mıltıqtı Ámin piyańǵa berdi. «Qartaydım, kózim ilmey atır» mısh. Áy, aǵaynim, shúrppeni basıw ushın kózden basqa aqıl da kerek» dep aytatuǵın bir márt joq. Ájeldiń erkin kelip-kelip bir alkashqa berip qoyasań ba? «Atızdıń qarawılı emish!» Bir shiyshe «Chashma» ushın kolxozdıń bir bas buzawı dep

Qalmurza qusaǵanlardı peshanasınan atıp qoyıwdan-ám qaytpaydı bul. Bas jawırın emes, tez pitip kete qoyatuǵın.

Qalmurza shopan usılardı oylap turǵanda birden ayaq dawısı esitildi. Dińkesi qurıp, dizeleri dir-dir qaltıradı. Qasında berilip otlap atırǵan qoydı áste uslap, shetke iyterdi. Bul maqluqtıń bası aylansa qánekey! Ayaq dawısı kem-kem jaqınlap kiyatır.

— Ki-im? — dedi Qalmurza qarańǵıda hesh nárse kórmey turıp.

— Aǵa, men.

— Atpa Ámin piyań, bul men, qıyametlik qońsıń — Qalmurzaman. Atpa táslim boldım, táslim, — dedi Qalmurza shopan eki qolın kóterip. Qolındaǵı tayaǵı da túsip ketti.

— He aǵa, sizge ne boldı?

Qalmurza shopan qarańǵıda ózine jaqınlasıp kiyatırǵan balasın kórip, ózine keldi.

— Áy, áwmeser, mıltıq kóshirip júregimdi jarayın dediń ǵo! — dedi ol balasına keyip.

## ARZA

Institutt pitkerip, kishkene bir mektepte jumıs basladım. Birinshi oqıw kúni kolxozımızdıń baslıǵı jańa oqıw jılı menen qutlıqlap, bıyıl zúráát mol bolǵanın, ata-anamızǵa járdem beriw kerekligin qayta-qayta túsindirdi.

Birimiz kúlip, birimiz qáhárimiz kelip, úyge qayttıq. Sonıń menen dekabrdiń ortalarında oqıw baslandı.

Mekteptiń bir bóleginde biz onı «Kamchatka» der edik, tórt klass bólmesi bolıp, ol altınshı klassqa arnalǵan edi. Sol jılı qıs qattı keldi. Tábiyiy gaz joq. Hár klasstan tórt-bes oqıwshı keledi, olardıń hámmesin bir klassqa jıynap alıp sabaq ótetuǵın edik. Qalǵan úsh-tórt muǵallim bos klasslardıń birinde pechkaǵa kómir jaǵıp, sorpa tayarlaydı, asxanaǵa barıp júrmey tórtewimiz usı jerde túslik qılamız.

Sonday túsliktiń birinde Sapar aǵa (sırtınan oǵan «ǵárrem» degen sózdi de qosıp aytısadı) qolıma birneshe bet qaǵaz berdi.

Ulıwma qasındağılardıń úshewiniń de laqabı bar edi. Nege laqabı barlığın keyin bildim.

— Mına arzada direktorımızdıń hám onıń sherikleriniń qılıqları pash etilgen. Sonıń óyer-búyerin dúzetip ber.

Shıbındı sıyağa batırıp, ushırıp jibergendey etip jazılğan xattı zorğa degende oqıp shıqtım.

— Sapar ağa, bunıń bári ótirik ğo, — dedim «jalğan ğo» dewge tartınıp.

Olar bir-birine qarastı.

— Jassań dá, — dedi Hadi-badi «átteń» degendey bas shayqap. —Túsinbeyseń. Mine, instituttı pitkerip keldińiz. Ǵayratlı, kúshli, bilimli qánigesiz. Nege sizge toğızınshı, onınshı klasslardı bermeydi? Nege? — Soń ózi juwap berdi. — Isenbeydi!

— Qáne jaslardı qollap-quwatlaw?! — dep izin alıp ketti Oraq aqıl. — Bir saat sabaq qaldırıp kór, sol kúni pedsovet shaqırıp, quyrıq-jalıńdı túyip qoyadı.

— Ózińiz oylań, men — ximik, Hadi ağańız — fizik, Oraq ağańız — matematik, — dedi Sapar ağa. — Jazğanımızdıń qátelerin tekserip ber dep atırmız tek. Qol qoymaysız, familiyańızdı da jazbaysız...

— Áy, mağan ber, — dep Hadi-badi ağa qağazdı julıp aldı da, úshewine de izbe-iz qol qoydı. — Mine, mine... óziń-ám shımshıq «par-r» etse, júregi «dir-r» etetuğın qıylınan ekenseń ğo.

— Gúrriń-púrriń jazaman degenge sizge kórsetip alayıq dep edik, — dedi Oraq aqıl betke qarap.

Men olardan jekkelenip qala baslağammdı sezdim. Qalaberse, shımshıq haqqındağı gápi arımdı keltirdi.

— Máyli, jazıp beremen, lekin, qol qoymayman, — degenimdi bilmey-aq qaldım.

— Oraq ağań direktor, Hadi ağań zavuch bolsa bizler de dalada qalmaymız, — dedi Sapar ağa.

Hárip qátelerin dúzetip, uyqasığın kelistirip, qaytadan kóshirip keldim.

— Sapar ağa, jáne gápke qalıp júrmeyik,—dedim kewlim bir túrli bolıp.

— Wáy, ne dep gáp tiyedi?! — dedi Hadi-badi. — Isen-beseńiz tómenine úshewimizdiń familiyamızdı jazıń. Jazıń, qorıqpań!

Olar májbúrlegendey etip familiyaların jazdırdı.

— Tap usınday etip kóshirip mağan beriń, ózim tiyisli jerine jetkizemen, — dedi oraq aqıl.

Bul waqıya umıt bolıp ketti.

Bir kúni rayonlıq xalıq bilimlendiriw bólimi baslığınıń «Villis»i mektep háwlisine kirip keldi. Úsh adam kún boyı mektepti tekserip bolğannan keyin oqıtıwshılar bólmesinde májilis ótkerdi.

— Orayğa mektebińizden arza túsken edi, — dep gáp basladı bilimlendiriw bóliminiń wákili. — Xatta kórsetilgen birde-bir fakt tastıyıqlanbadı. Sonıń ishinde eliw tonna kómir satıp jiberilgenligi, jer uchastkasınan ónǵen ónimlerdiń direktor tárepinen bólip alınğanlığı jala bolıp shıqtı. Mine, jáne nelerdi jazğan arzagóy, — dep wákil qolındağı qağazdı oqıy basladı. — «Azıq-awqat bağdarlamasın orınlaw ushın mektepte kishi xojalıqlar shólkemlestiriw haqqındağı qarardı basshılıqqa alıp, mektepte kishkene tawıq fermasın shólkemlestirgen edik. Mektep direktorı rayon inspektorı kelgende ayamay tawıq soyadı. Awzınan tawıq sorpanıń dámi ketpegen inspektor ash bolğanday bolsa biziń mektepke qaray keletuğın ádetti shığardı. Aqıbeti qanday boldı deń, ol motociklin pırpırlatıp dárwazadan kirip keliw menen tawıqlar tım-tıraqay qashatuğın boldı.

Otırğanlar kúlip jiberdi.

Birinshi bolıp Hadi-badi qol kóterdi.

— Ağayinler! Xattıń izinde meniń familiyam turğan bolsa da, men direktorımızdıń jumısların qollap-quwatlap kiyatırman. Qolımdı qoyıp, familiyamdı usınday iplas nelerge aralastırğan adamdı tawıp, qatań jazalawıńızdı talap qılaman! — dedi ol.

Sapar ğárrem de onıń sózin tákirarladı.

— Hámmeden diktant alıp, qol tańbasın tekserip kóriw kerek, — dedi.

— Ǵıybatshı oqıwshılardıń birewine aytıp turıp ta jazdırıwı múmkin, — dep gápti ilip alıp ketti Oraq aqıl. Atı jónimniń usınday ǵıybat sózlerge tirkelip turıwı men ushın namıs. Men áminmen, ǵıybatshı aramızda. Eger anıqlansa, onıń menen qáytip sóylesiwdi ózim bilemen.

Sapar ǵárremniń gápi hámmege maqul tústi. Mennen basqa hámme qolına ruchka qaǵaz aldı. Men jazbadım. Biraq... Bári-bir jazıwǵa tuwra keldi. Tek diktant emes, óz qálewim menen jumıstan bosaw haqqında arza.

## «SAATBAY» ÁŃGIMELERI

Salimov kún tártibin qattı uslaytuǵın edi. Sonıń ushın oǵan birge islesetuǵınlar «Saatbay» dep laqap qoyǵan. Salimov jumısqa dál waqtında keledi, túslikke de tap sonday, waqtında shıǵadı. Túslik tamamlanıwǵa bir minut qalǵanda úshinshi qabatqa kóterilip kiyatırǵanın kóreseń. Ayırım «saatı artta qalıp qoyǵanlar» onıń kelip ketiwine qarap saatların dúzetip alatuǵın edi.

Eger májilis sozılıp ketip, saat strelkaları jumıs waqtınıń tamam bolǵanın bildirse, Salimov dım úndemesten jıynalıstan shıǵıp ketedi. Buǵan tez-tez almasıp turatuǵın bas redaktorlar da kónligip ketken.

Ayırım waqıtları (ayrıqsha aylıq beretuǵın kúnleri) hayalı da keńsege kelip turadı. Ol dúnyada bir adamdı ǵana, yaǵnıy hayalın moyınlaydı. Hesh kimnen gáp esitpeydi, gáp alıp-ám qalmaydı. Bólim baslıqlıq wazıypanı kewildegidey alıp baradı, qálemi de jaman emes.

Lekin, pulı barma, joq pa, ishpey júrmeydi. Sol sebepten be, hayalı qáytse de qaltasın tez-tez «tazalap» turadı. Lekin, ol qansha más bola bersin esiginiń aldına kelgende ózine keledi, ornına jatpastan aldın qasına lágen ákelip qoyıwdı tapsıradı. Azanda lágendi ózi tógedi.

Hayalınıń da mártligi bar. Más waqtında bir awız sóylemeydi. Erteńine «xoja kórsin» ge tońqıldaǵan boladı. Biledi dá, aqırı, mıń sóylegen menen paydası joq. Bir tırnaqqa zar bolsa da ekewin bir-birine baylap turǵan nárse, aralarındaǵı muhabbat edi. Olar bir-birin sonday jaqsı kóredi.

Ol óziniń atın sonday maqtanısh penen ayttı deyseń, Salimov óz-ózinen qolaysızlanıp, qızǵa qaradı.

Stol ústindegi bir bet qaǵazǵa úńilip, qıp-qızıl bolıp ketken qız onıń názerinde kúlkiden ózin zorǵa tıyıp turǵanǵa uqsar edi. «Masqara qılmasa bolar edi» dep oyladı, «Saatbay».

Ele de puldan úmitin úzbegen Salimov hayalınıń shelekti kóterip sırtqa baratırǵanın kórdi de shıday almadı, jolın tostı.

— Hayal, shelekti ornına qoy, sipsekeshimiz bar, júdá bolmasa ózim...

— Yaǵaw, siz kóshede musor kóterip júresiz be?

— Aqırı, úyde kóterip júrmen ǵo.

Hayalı ámeliyatqa kelgen qızǵa bir qarap aldı da:

— Úy basqa, keńse basqa, — dedi.

Kúyewin aylanıp ótpesten burın stol ústindegi shırpıǵa qol sozǵanda Salimovtıń kózleri alarıp ketti. Esiktiń jabılǵan dawısınan ózine kelgen Salimov juwırıp aynanıń aldına keldi. Bul waqıtta qız eki qolı menen betin basıp, isheksilesi qatıp kúler edi.

Shıǵındı salınatuǵın temir qutı aynanıń aldında alaqanda turǵanday anıq kórinip tur edi.

— Áne, shıqtı, — dedi Salimov taqatsızlanıp. Shelekti awdardı. Qaǵazlardıń yarımı tústi, yarımı. Pul sol qalǵan yarımında bolsa kerek. Hadal da, hadal... qolı menen alıp taslap atır...

Ol birden ıńırsındı.

— I-i-iy.

Qız birden kúlkiden tıyılıp, oǵan qaradı.

— He, ne boldı? — dedi ol taqatsızlanıp.

— Jaǵıp jiberdi.

Salimovtıń úskini quyılıp, ornına otırdı. Gúrsinip bir noqatqa tigilgenshe únsiz qaldı. Azmazdan keyin hayalı kirip keldi.

— Átteń, eki blok sigaret alıwǵa jetetuǵın edi.

Hayalı onıń gápin túsine almay qaldı.

— Ne dedińiz?

Salimov kisesinen papiros qutısın aldı. Aqırǵı papirostı ernine qoydı. Qutını mıjmırlap, házir ǵana hayalı bosatıp kelgen shelekke tasladı.

## JUMISTAN SOŃ

Jas injener Razaq Joraev jumıstan ólerdey sharshap qayttı. Úshinshi qabatqa—óz úyine kóterilip kiyatırıp, hayalınıń hár kúngi bajıldısı esine túsip, bezigip ketkisi keldi.

Esikke kelip, qaltasınan gilt qıdırdı. Lekin, esik ashıq eken. Úyge kirdi. Úy jıynalmaǵan. Stol átirapında stullar tártipsiz qoyılǵan, hayalınıń hám balası Murattıń jayrap atırǵan kiyimleri...

Múyeshtegi kátte balası uyqılap atır, hayalı bolsa kresloda bir jambasqa minip kitap oqıp otır. Razaq kelgende ol ornınan qıymıldamadı da. Tek kitaptan kózin alıp bir qaradı da, qaytadan oqıwın dawam etti.

Razaq bosaǵanıń awzında bir zaman sárriyip turdı. Soń tufliyin sheship, balasına qaray júrdi.

— Tiyme, — dedi hayalı kitaptan basın kóterip. — Zorǵa uyqılattım.

Razaq turǵan jerinde toqtap qaldı. Lekin, hesh nárse demedi. Sheshiniw ushın qońsı bólmege kirdi. Kiyimlerin almastırıp bolıp, asxanaǵa ótti. Qarnı ash edi. Suwıp qalǵan awqattı ısıtpaqshı bolıp, gazdi jaqtı. Lekin, sol zamatı-aq ishteyi baylandı. Qarm da toqtay sezildi. Gazdi óshirdi.

Stol ústinde tártipsiz shashılıp atırǵan gazetalardan bir dáste aldı da, divanǵa jatıp, kózden keshire basladı.

Bir máhál esiktiń qońırawı shıńǵırladı. Razaq hayalın ashar degen oyda gazeta oqıwın dawam ete berdi. Lekin, hayalı qońıraw dawısın esitpedi me, otırǵan ornınan qozǵalmadı.

— Esikti ash!

— Óziń ash!

Ol sóginip jibermew ushın ernin tislep, ornınan turdı. Barıp esikti ashtı, bosaǵada qádirdan klasslas dostı Ilǵar tur edi.

Kewillenip, úyge mirát etti. Biraz waqıtqa deyin ótken-ketkennen gúrrińlesip otırdı.

— Jora, men házir... — dedi de Razaq ornınan turıp, hayalı otırǵan bólmege kirdi.

Hayalı balasın oynatıp otır edi. Razaqqa itibar da bermedi.

— Awqat-pawqatqa...

— Úyde hesh nárse joq, — dedi hayalı awzın julıp alǵanday etip.

— Nege hesh nárse joq? — dedi Razaq qońsı bólmedegi dostı esitip qoymaw ushın pás dawısta. — Gósh bar, may bar, kartoshka-piyaz bar, jáne ne kerek?

Hayal oǵan bejireyip qaradı, kózlerinde ǵázep otı janıp tur edi.

— Qonaq seniki! Seniń ushın keldi me, awqattı da óziń pisireseń!

— Solay ma? — dedi Razaq gijinip. Ashıwı kelgeni sonshelli, tisleri ǵıshırlap ketti. — Sen ózi kimseń, qatınbısań, ya...

— Qatın! — dedi hayalı onnan beter qızıp. — Qatın! Lekin, malay emes!

— Óshir únińdi!

— Óshirmeymen! — Endi ol jańaǵıdan da qattıraq dawısta shańqıldadı. — Óshirmeymen! Jeter usı waqqa deyin óshirip kelgenim! Endi óshirmeymen!

Ilǵar shawqımdı esitip, hayalın urıp júrmesin degen oy menen qońsı bólmege kirdi.

Hayalı balanı bawırına basıp alıp, dawısının barınsha aybaraq salıp atır edi. Miymannıń ústine kirip kelgeni de qıyalday kár etpedi oǵan.

— Ózińizdi basıń kelin, — dedi Ilǵar álpayımlıq penen.

Ol hayaldı qolındaǵı qorıqqanınan shıńǵırıp jılap atırǵan balası menen qosıp, divanǵa otırǵızdı. Razaqtı bólmeden alıp shıqtı.

Razaq uyalǵanınan qıp-qızıl bolıp ketken edi. Ózin ashıwdan zorǵa irkip, divanǵa otırdı. Ilǵar da onıń qasına otırdı. Usılayınsha olar birazǵa deyin tım-tırıs qaldı.

Ilǵar da qolaysız awhalda qaldı. «Ne qılıw kerek? Razaqqa táselle ayta ma? Ne dep aytadı? Hámmesi jónge túsip ketedi desin be? Onıń bul kelispegen jubatıwına Razaqtıń kewli tınıshlana qoyarma eken?... Óziniń úyindegi jaǵday da qarıq emes ǵoy. Onıń ózi de sol dozaqtan qashıp, bir zaman bolsa da miyim tazalansın dep bunıkine kelgen joq pa edi...?»

— Meni shıǵarıp sal, — dedi Ilǵar harǵın dawısta. — Men qaytaman. Saǵan másláhátim — sabırlıraq bola ber.

Razaq oǵan otır dey almadı.

Tómenge tústi. Ilǵar qaltasınan sigaret alıp, Razaqqa usındı. Ekewi ún-túnsiz temeki tutattı.

— Sen ne, meni sonday pás jigit dep oylaysań ba? — dedi Razaq birinshi bolıp. — Qatın menen qatın bolıp, salǵılasıp otırayın ba?

— Yaq, óy dep oylamadım.

— Óziń bir oylap kór, ne jetispeydi oǵan?! — Ǵamgún dawısta sóyley basladı Razaq. — Óziń bileseń, jaqsı kórip turmısqa shıqtı maǵan... Tabısım jaman emes. Úyde hámme nárse jetkilikli. Awılda kempir-ǵarrı menen onıspadı. Mine, endi basqa shıǵıp keldim. Endi ne kerek oǵan? Jumıstan sharshap kelgenimde bir shaynek shay qoyıwdıń ornına, mıńǵır-mıńǵır... Awqatımdı da ózim jılıtıp ishemen. Úydi bolsa kórdiń, ıbırsıp atır.

— Bilmedim, jora, — dedi Ilǵar da ǵamgún dawısta. — Bilmeymen, ırasın aytsam meniń jaǵdayım da bunnan qarıq emes. Meniń-ám úyge barıwǵa júregim zırq etedi... Ol bir zaman úndemey qaldı, keyin qosıp qoydı. —Bálkim ózimizden de bar shıǵar? Hayallarımızdı túsine almay atırǵan shıǵarmız...

Ekewi de únsiz qaldı.

Ilǵar birden studentlik dáwirindegidey baqırıp jiberip, Razaqtıń iyninen qaqtı.

— Shıda, jora, shıda! Há demey ótip ketedi bul sessiya!

Razaqtıń da júzinde kúlki payda boldı.

— Xosh, — dedi Ilǵar qol berip.

— Basqa waqta bir kel, — dedi Razaq shın kewli menen. — Kelin menen balanı da ertip kel.

— Álbette alıp kelemen! — dedi Ilǵar. — Yaqshı, onda!

— Yaqshı.

«Bálkim ırastan da onı túsinbey atırǵan shıǵarman», — dep qıyalınan ótkerdi Razaq kóterilip kiyatırıp. — Bálki...

Úyge kiriwi menen... balası ele sol shırıldap jılawı menen jatır. Hayalı bolsa kresloǵa jambaslap, tırnaǵın tárbiyalap otır.

Razaq túsindi: hayalı bunıń bárin qırsıǵıp islep otır. Ábden qaq bólinsin dep otır.

— Esitpey atırsań ba, bala jılap atır?

Hayalı úndemedi. Úndegeni jaqsı edi, lekin ernin qıymıldatpadı. Kúyewiniń barı-joǵın elestirmey, óz talabı menen bola berdi.

Razaq bunnan artıq shıday almadı.

— Saǵan aytaman! — dep dápindi.

Hayalı kózin alartıp bir qaradı. Razaq onı jelkesinen uslap, ornınan turǵızdı.

— Qolıńdı tiygizip kórshi! — dedi hayalı jılanday ısqırıp.

— Ne qılasań tiygizgende?!

— Tiygizip kór ádep! Keyin óziń aman qalar ma ekenseń? Meniń-ám súyegimdi soraytuǵınlar bar.

— Solay ma?!

— Solay! olar meni saǵan urǵızıp qoymaydı.

Hayalı gápin aytıp úlgermesten, kúshli soqqıdan múyeshke barıp jalp ete qaldı.

— Nege urasań, qudaydan tapqır! — dedi eki búklenip jatıp. — Ilayım qollarıń shorta sıngay!

Keyin ornınan turdı da, esikti tars ettirip jawıp shıǵıp ketti. Kúni menen olardıń shawqımınan qorqıp tınshıp qalǵan bala qaytadan jılawǵa qaradı.

— Natuwrı qıldım, — dep ókindi Razaq. — Ózimdi uslawım kerek edi. Qanday bolǵanda da hayal adamǵa qol

kóteriw námárttiń isi. «Ashıw araz, aqıl dos» degen ıras eken. Urmawım kerek edi.

Ol bul gáplerdi dawısın shıǵarıp ayttı.

Keyin balasın jubatpaqshı boldı. Aradan qansha waqıt ótkenin bilmeydi, bir waqta esiktiń qońırawı shırıldadı. «Kim eken? Hayal bolǵanda ózi kirip kele berer edi» dep oylaǵan Razaq esikke keldi.

— Kim?

— Ash!

Razaq dawısınan tanıdı, hayalınıń inisi Aziz!

Ol esikti ashıwı menen hayalınıń inisi hám bir jorası zońq etip ishke kirdi.

— Uyat emes pe, jezde?! — dedi Aziz tisin ǵıshırlatıp. — Hayal adamǵa qol kóterip.

Razaq hesh nárse demesten onıń betine tigilip tura berdi.

— Kúshiń bilegińe sıymay ketti me? — dedi, Aziz mısqıllı kúlip. — Palwan bolıp kettiń be?!

— Ket, Aziz! — dedi Razaq. — Jaqsısı, sen aralaspa ket!

— Aralaspa?! — dep dawısınıń barınsha kiylikti Aziz. — Sen onı hár kúni iyttey sabaysań! Men aralaspayman, solay ma?!

Razaq keńsirigine kelip tiygen kúshli mushtan teńselip ketti. Azizdiń jorası sekirip, kókiregine tepti. Razaq pát penen polǵa jıǵıldı.

Keyin búyirine, beline, jelkesine, ayaǵına sanawsız tepkiler kelip tiye basladı...

Razaq aldın tepkilerdi, keyin esinen tana baslaǵanın sezdi. Keyin hesh nárseni...

Ol solayınsha qansha jatqanın bilmeydi. Ózine kelip kózin ashtı... hám balası Murattıń shıńǵırıp jılap atırǵanın esitti. Sál qıymıldap edi, tula boyı qaqsap awırdı.

— Házir, balam, házir, — dedi Razaq. — Mine házir hámmesi ótip ketedi. Házir balam, házir...

## SAYAXATSHI QUMIRSQA

Ózin usı malxananıń ishinde eń shıraylı, eń keleshegi aydın jánlik dep esaplap júrgen qumırsqa báhárdiń ájayıp kúnleriniń birinde hesh kimge sezdirmey zuwalalap qoyǵan tezektiń arasınan órmelep shıqtı da, jińishke murtların pıshıq quyrıqtay oynatıp, hawanı iyiskey basladı.

Báhárdiń jaǵımlı shamalı, endi ǵana nısh urıp kiyatırǵan maysalar erip, salmalardan aǵıp atırǵan qar suwları, jumsarıp, lámlengen jer iyisi bılbıraǵan kóń iyisi menen aralasıp, álleqanday, sóz benen táriplep bolmaytuǵın bir iyis taratar edi.

Bul iyislerden qumırsqanıń bası aylana basladı. Ol awzın keń ashıp, toyıp nápes aldı. Báhár samalı menen jańaǵı iyis kelip turǵan sańlaqqa kóz tikti. «Qáne endi meniń de eń bolmasa qońızaqtay kishkene qanatlarım bolsa, dep oyladı ókinish penen. Anaw sańlaqtan ushıp shıǵıp, taza hawadan toyıp-toyıp nápes alar edim. Bul ájayıp iyis taratıp turǵan japıraqlar arasında jasar edim.

Ol qapa bolıp, kúni menen telmirip qarap turǵan sańlaqtan názerin burdı. Lekin, sol waqıt malxana diywalınıń tómeninde kishkene tesikti kórip júregi xanasına sıymay ketti. Quwanǵanınan murtları shappat urıp jiberdi.

«Ushqır qanatlarım bolmasa da, shapqır ayaqlarım bar» dep qıyal etti qumırsqa tómende kórgen inine qaray jorǵalap. Jáne bir márte ózin baxtı kúlgen jánlikler qatarında sezip qoydı.

Ol kóz ashıp jumǵansha ózin inde kórdi. Kóp oylanıp turmay, tómenge sekirdi. Jerge túsiwi menen domalap ketti. Lekin, dárhál qáddin tiklep, átirapqa qaradı. Qaradı da, ruwxı túsip ketti. Bul jerde malxananıń jarıǵınan turıp kórgenlerinen namıw-nıshan joq edi. Átirapta endi qıltıyısıp shıǵıp kiyatırǵan kók shópler menen puwı shıǵıp turǵan topıraqtan basqa hesh nárse joq. Zuwala qılǵan tezek penen úyilgen kóń hesh jerde kórinbeydi. Onıń ústine hawada da oǵan biytanıs bir iyisler ańqıydı.

— Aqmaq, aldadı! — dedi Qumırsqa ókinish penen.

Qumırsqa ózinen sál bılayraqtaǵı zuwalalanǵan tezekke uqsas domalaq, biraq kishkene sarı túsli nárseni kórip quwanıp ketti. Sol jaqqa jorǵaladı. Lekin, oǵan jaqınlawdan murtları tikreyip, ápsheri búrisip qaldı. Onnan zuwala tezek iysi emes, qandaydur bir jaǵımsız iyis keldi.

Bul — gúl edi...

— Puh-h! — dedi Qumırsqa ájeplenip. — Kóń menen zuwala tezek turǵanda tábiyat bunday jaǵımsız iyisli nárselerdi jaratıp ne qıladı eken?!

Keyin ol gúlge ayanısh penen qarap qoydı.

— Áy, sorqaynaǵan, halıńdı bilgende sen-ám bunday jaǵımsız iyistiń ornına tezektiń iysin taratar ediń. Lekin, ilaj qansha. Dúnyada hámmege de áwmet kúlip baǵa bermeydi. Basıńa túsken soń, kóneseń dá! — dedi Qumırsqa.

Kútilmegende shıqqan kúlki hawazı onı tez ózine keltirdi. Qumırsqa dawıs shıqqan tárepke qaradı: úsh-tórt kishkene qızlar shawqımlasıp oynap, bir nárselerdi izlep júr. Birewi gúldi abaylap úzdi de, qumarlanıp iyiskedi.

— Áy, biyshara, — dep qumırısqa qızǵa ayanısh penen qaradı. — Sonday jaǵımsız nárselerdi iyiskeydi. Zuwala qılınǵan tezek penen kóńniń iyisin bilmeydi dá! Bilgende om iyiskep júrmes edi, — dep gúbirlendi ishinen.

Qumırsqa qızlarǵa rehimi kelip hám ayanısh penen qarap turǵanda birewi onı basıp alayın dep qaldı. Qumırsqa gúldiń tasasına zorǵa ótip úlgerip qaldı. Onıń jaǵımsız iyisinen demigip, zorǵa otırdı.

— Uh, dem alıw múmkin emes! — dep ıńırsıdı qumırsqa. — Tezirek ótip keteǵoysa, mına qápesten shıǵar edim. Shıǵaman da tuwrı malxanaǵa baraman. Endi óle-ólgenimshe malxanadan shıqsam, qumırsqa atımdı basqa qoyaman. Ol usını aytıp, ant ishti. Lekin, qızlar juwıqarada kete qoymadı. Qayta olardıń birewi qumırsqa jasırınǵan gúldi de áste úzip aldı. Qumırsqanıń demi ishine túsip, qıymıldamay otır.

Qız gúllerdi úyine ákelip, stakanǵa saldı da, stoldıń ústine qoydı.

Demigip, ólerge kelgen qumırsqa gúldiń japıraqlarınıń arasınan ásten sığaladı! Bólme ishi hár túrli biytanıs nárseler hám iyisler menen tolıp ketken. Negedur zuwalalanǵan tezek penen kóń kórinbeydi.

— Jaman turadı eken, — dep ayadı qumırsqa.

Ol usı jerde bir kún demigip jattı. Erteńine qız solıǵan gúllerdi alıp, sıyırdıń aldına tasladı. Olardıń ornına bolsa taza, jaynap turǵan gúllerdi saldı.

Qumırsqa birazǵa deyin óziniń qáerge kelip qalǵanın bilmey turdı da, soń ózine tanıs iyis hám átiraptı kórip quwanıp ketti. Endi órmelep shıǵayın dep atır edi, jalmawız sıyır gúllerdi eki jalmap, bir jutıp jiberdi. Qumırsqa tırmasıp-tırmasıp, onıń awzınan zorǵa qutılıp qaldı. Lekin, shep jaǵındaǵı murtı ońbaǵır sıyırdıń awzında ketti.

— Meyli, ketse bir murtım ketipti, bul quraqım tiri qalǵanıma shúkir, — dedi qumırsqa ózin-ózi jubatıp. Bir máhál qıdırıp-qıdırıp, úyi-zuwalalanǵan tezekti taptı da, bir waqıtları ózi órmelep shıqqan jarıqtan qaytıp ishke kirdi. Onıń qaytıp kelgenin kórgen qumırsqalar dárhál átirapın orap aldı.

Sayaxatshı qumırsqa óziniń jalǵız qalǵan murtın jıbırlatıp, olardı tınıshlandırdı da, óziniń ózge jurtqa qılǵan ájayıp sayaxatı haqqında aytıp bere basladı. Ol sonday kelip asırıp táriyipledi deyseń, ómirinde usı zuwalalanǵan tezekten basqanı kórmegen qumırsqalardıń awzı ashılıp qaldı. Olar tańlanǵannan murtları hárriysip, berilip tıńlar edi.

Bir máháli jas, kerbaz shıraylı qumırsqa onnan «shep murtıńız qayda?» dep sorap qaldı. Sayaxatshı qumırsqa oǵan bir qarap «sulıw eken» dep kewlinen ótkerip qoydı da, sol jat jurttaǵı giddiman bir maqluq penen alısıw waqtında bir murtınan ayırılǵanın berilip kelip aytıp berdi deyseń, keyninde ózi de isenip qaldı.

Bir murtı joq bolsa da onıń ózge jurttı kórgeni hám mártligi ushın kerbaz jas qumırsqa onı unatıp qaldı. Sayaxatshı qumırsqa da kóp oylanıp otırmay, oǵan úylenip aldı.

Lekin, endi ol bir murtı joqlığı sebepli áwelgidey shıraylı emesligin oylap, dıqqattan qalıp baratırǵanday sezer edi ózin. Sonıń ushın da sayaxatshı qumırsqa sol ózge jurtqa saparın tez-tez qaytalar, hár qaytalaǵanda qosıńqırap, kópirtirtip sóyler, aqır ayaǵında ózlerine kóń hám zuwalalanǵan tezekler arasında jasaw sıyaqlı baxıtqa miyasar ekenligin tastıyıqlap qoyar edi. Endi basqa qumırsqalar da kóń hám zuwala tezek haqqında túsinigi joq ózge jurttaǵılardı ayaytuǵın boldı.

Aradan biraz waqıt ótip olardan kishkene balalar, ańasıńday kerbaz qızlar tuwıldı. Olar da ákesiniń ózge jurtqa sayaxat etkenlerin esitip ósti.

...Eger balalarınan birewi sál tenteklik qılsa sayaxatshı qumırsqa «ózge jurtqa quwıp jiberemen!» — dep qorqıtatuǵın boldı. Sonda biyshara balalar qorıqqanınan zuwala tezekke bekkem jaylasıp alıp, ákesine múlayım názer salıp, tım-tırıs bolar edi.

Solay etip, shala murtlı sayaxatshı qumırsqa ómiri-niń aqırına deyin ózi bir waqıtları gúllerdiń japıraǵınıń arasında demi qısılıp otırıp ishken antına sadıq qaldı. Ol zuwala tezekten bılay-bılay jıljımay, óziniń ózge jurtqa islegen sayaxatın dástan qılıw menen jasap ótti.

## LALA GÚLDIŃ IYSI

Aytóbe... Ayday bálent tóbe.

Biziń awılda báhár usı jerden baslanadı. Kók shópler birinshi márte usı jerde kórinedi. Óyerdegi bir jup terek awıldaǵı tereklerdiń hámmesinen burın búrtik shıǵaradı.

Aytóbe...

Balalıq gezimnen jaqsı kórer edim búerdi. Házir oǵan páste turıp zawıqlanıp qarar ekenmen, kókiregim misli balalıq payıtlarındaǵıday quwanıshǵa tolıp ketti. Quyashtıń ómir baǵısh nurları menen jańa boy kórsetip kiyatırǵan kók shópler báhár samalı menen áste terbetiler edi.

Sol máhál kók shópler arasında áste ırǵalıp turǵan lala gúlge kózim tústi.

— Báhárdiń birinshi gúli! — dep júregim quwanıshtan hallaslap tóbelikke órmeley basladım. — Birinshi gúl! Awılımızǵa báhár keliwi menen ashılǵan birinshi gúl!

Lala gúldiń qasına keldim. Gúldi úzbekshi bolıp qol sozdım da, birden irkilip qaldım! Gúl jipek samal menen sulıw terbeliste edi.

Insan júreginiń túp-túpkirinde shiyrin qıyallar bultlarǵa búrkenip jatadı.

Qıyallar — appaq qanatlı quslar.

Qıyallar — jumsaq párli, oyshań-ótkir kózli appaq qanatlı, appaq quslar!...

Qıyallar, bul appaq quslar, qus uyqısı menen múlgip, uyqılap jatadı. Qanatlarına elp etken samal tiyse sol zamatı oyanıp ketedi de, kókirek qápesindegi basqa bir qustı oyatıp, sayray baslaydı: gá quwanısh penen sayraydı, gá muńlı.

Qıyallar — gá ǵamǵun, gá shadlı hawazda sayraytuǵın appaq quslar...

Men paytaxt universitetiniń birinshi kurs studenti, ele ózim úyrenip úlgermegen shawqımlı sháhárdi artta qaldırıp, úyge qaytıp kiyatırman. Awıhmdı, qádirdan dalamdı sonday saǵındım deyseń, bir jerde otırıp taqatım bolmadı.

«Tashkent-Nókis» poezdı da meniń saǵınıshımdı sezgendey pısqırıp jelip kiyatır.

Biz qaladan qattı tezlik penen uzaqlasıp, onnan «qashıp» keler ekenbiz, jol boyındaǵı daraqlar, bir-biri menen qol uslasıp dizilisken telegraf baǵanaları, páskeltek-páskeltek úylerden ibarat kishigirim awıllar hám sheksiz dalańlıqlar biz qusap qattı tezlik penen qalaǵa qaray zıńǵıp barar edi.

Giddiman dóńgelekler polat relstiń jalǵanǵan jerlerine kelgende «taraq-turuq» dep pátli hawaz shıǵarar, bul hawaz jol boyındaǵı tereklerdi aylanıp ótip, sheksiz dalańlıqlardaǵı kók shópler arasına sińip keter edi.

Báhár quyashınıń tańǵı nurları vagon aynalarınan ótip, izbe-iz oyanıp vagon ishinde arman-berman júrgen jolawshılar ruwxına báhárdiń jıllı lebin alıp keler edi.

Men vagonnıń aynasınan dógerekke názer salıp baratırman. Úyge qansha asıqsam da lala gúllerge búr-

kengen dalańlıqlardan kóz úzgim kelmeydi «Qáne endi ilajı bolıp, poezdı toqtatıp, páske sekirseń. Qushaq kerip báhárdiń jipek samalına júzińdi tutıp juwırsań! Uzaq juwırsań! Lala gúllerden terseń, qushaǵına sıymasa dústómenine jatıp, onı, júzleriñdi usı áziz topıraqqa bassań...»

Lekin, poezd dógerek átirapqa itibar da bermesten tınbay zuwlar edi.

Dalalar tamamlanıp, jáne páskeltek úyler baslandı. Poezd tezligin áste páseytip, keyin pısh-sh etip barıp toqtadı.

Bul kishkene bir stanciya edi.

— Bes minut irkilemiz, — dedi provodnik ózlerin sırtqa urıp atırǵan jolawshılarǵa.

Stanciyada derlik hesh kim joq edi. Tek tórt-bes adam ǵana ózleriniń vagonın izlep oyaqtan-buyaqqa juwırar edi.

Men stanciyada lala gúlin satıp otırǵan hayaldı kórip, aldına bardım. Sebeti tola lala buketleri edi.

Adamlar hayaldı qorshalap alıp, hár qaysısı ózlerinshe gúl tańlap atır. Men de kópshilikke aralasıp, bir dáste gúldi alıp iyiskey basladım.

— Wáy, tırjıq-áy! — Kútilmegen dawıstan selk ete qaldım. — Wonsha kep tırjıyıp iyiskeyseń! Iysi joq ǵo, onıń! Almaysań ba, bılay tur, basqalarǵa kesent berme!—Satıwshı hayal meniń qolımdaǵı lala gúldi julıp aldı da, sebetke tasladı.

Meniń ruwxım túsip ketti. Lekin hesh nárse ayta almadım.

Poezd gudok berip, ornınan awır qozǵaldı. Barǵan sayın tezligi asa basladı...

Shekpekshi bolıp kisemnen sigareta hám shırpı aldım. Pashkada hesh nárse joq eken. Bos pashka menen shırpını qosıp, aynadan ılaqtırıp jiberdim.

Aynanıń sırtındaǵı sheksiz dalańlıq endi maǵan burınǵıday zawıq baǵıshlamas, kewlimdi qandaydur qap-qara duman qaplap alǵan edi. Kóp uzamay poezd jáne júriwin tosańlattı da, qandaydur bir razezdiń aldında toqtadı.

«Qarsı kiyatırǵan poezdı ótkerip jiberiwi kerek shıǵar» dep oyladım men.

Tanburǵa shıǵıp, vagonnıń esigin ashtım.

Júzimdi shamalǵa tutıp tursam, relsti jaǵalap kiyatırǵan kishkene bir qız benen balaǵa kózim tústi. Balanıń qolında eki sumka birewi qızdıń sumkası, qızdıń ústinde appaq kóylek, qolında bir dáste lalagúl menen mektepke baratır.

Qızdıń kózi maǵan tústi de, balaǵa bir nárseler aytıp relsti jaǵalap maǵan qaray kele basladı.

— Sálem! — dedi ol jetip kelip keyin qolındaǵı gúldi maǵan usındı. — Má, alıń!

Qız gúldi maǵan uslattı da, jáne relsler boylap, sekirip-sekirip bala tárepke juwırıp ketti.

Men oǵan raxmet aytıp ta úlgere almadım.

Poezd jáne jolǵa tústi. Qız benen bala maǵan kúlimsirep, qol bılǵap qaldı.

Kókiregimdi kerip, lalagúldi toyıp-toyıp iyiskedim.

Awa, iysi bar edi onıń!

Onda mına áziz hám saqıy dalanıń iysi bar edi!

Onda sheksiz aspan hám appaq bultlardıń iysi bar edi!

Onda azat, jelbizek samaldıń, shımbırlaǵan móldir bulaq suwlarınıń iysi bar edi!

Onda mektepke qatnap, endi ǵana hárip tanıp atırǵan bala menen qızdıń gódeklik iysi bar edi?

Onda...

* * *

Aytóbe... Ayday bálent tóbe...

Jipek samal menen lalagúl áste terbeledi. Onıń iysi shamal menen átirapqa, tuw-w anaw biziń awılǵa, soń pútkil úlkemizge tarqaladı.

Lalanıń iysi joq, dep kim ayttı ózi?

Áziz dostım... Áziz dostım, sen onı bir márte iyiskep kórgenbiseń?!

Sen onı bir márte kóksińe basıp, qálbiń menen iyiskep kórgenbiseń, áziz dostım?!

...Bir túp lala gúli jipek samal menen áste ırǵalar edi.

## SHOPAN

Shopan bir ketkennen eki-úsh ayǵa deyin qarasın kórsetpeydi. Tawǵa qoyların bir aydap ketse, dúnyanıń ǵalmaǵalın qıyalına da keltirmey júre beredi. Eki-úsh aydan qaytıp kelgende onıń ózin de, baqqan qoyların da tanıy almay qalasań. Qoylarınıń júnleri ósip, semirip ketedi. Shopan bolsa sóylewdi umıtıp jibergendey, tutlıǵıp-tutlıǵıp bir nárselerdi aytqan boladı, túsinip jarımaysań. Qoylardıń awılǵa qaytıp aydap keliniwi uzaq kútilgen saltanatlı máresimniń baslanıwına uqsaydı.

Balalar kósheme-kóshe sekeleklep juwırısadı.

— Qoylar keldi, qoylar keldi!

Usı sózdiń ózi jetkilikli. Adamlar ómirinde qoy kórmegendey sırtqa shıǵadı.

— Qáne, qáne? — dep birin-biri túrtkilep, biri-birinen soraydı.

Kóp ótpey batıs táreptegi kók jiyekten bulttay bolıp, tozańgıǵan shańgıt kórinedi. Áne, sol shańgıt arasında súriw kiyatır.

Shopannıń hayalı, balaları asıǵıp-úsigip esiginiń oyaqbuyaǵın sıpıradı, úyin jıynastıradı. Bul háreketler miymanlar ushın, olar tap tań aǵarǵansha shopan menen sóylesip otıradı. Shopan olarǵa ayıw menen qalay alısqanın tutlıǵatutlıǵa aytıp beredi.

— Bir qarasam, shırsha daraǵınıń artınan bir nárse tóbeshiktey bolıp kórinedi, ne eken dep serlep qarasam— ayıw!

Adamlar tańlanıp, birazları qorıqqannan bir seskenip qoyadı.

— Qorıqpadıń ba? — deydi jáne biri kóz aldına ayıwdı elesletip.

— Ádebinde qorıqtım, — deydi shopan adamlardı biraz ıntıqtırıp bolıp.

— Keyin ne?

Shopan keyin qanday waqıya júz bergenin esine túsirip atırǵanday, alaqanın qısımlap turadı.

— Ózi de júdá báháybet eken. Meni kórmedi, kórgende de onı qolın qol, putın-put etip taslaytuǵınım anıq edi, — deydi.

Tıńlap otırǵanlar shopannıń dáwjúrekligine tásiyin qaladı, ayıw waqıyasın esitpegenlerge húreylenip, aytıp berip júredi. Aqır ayaǵında sonday áńgimeler payda boladı: shopan qolındaǵı tayaǵı menen ayıwdıń gállesin mılja-mılja qılǵan boladı.

— Sol tayaqtı kózim menen kórdim, — dep ant ishiwden de qaytpaydı.

Aradan úsh-tórt kún ótip, adamlar menen aralasıp ketkennen keyin hámmesi umıtıladı. Shopan qádimgi adamlardıń birine aylanadı. Hayal-bala shaǵası bolsa aradan tórt-bes aylardıń tezirek ótiwin, shopannıń qoyların aydap taw bawırına ketiwi, onı ıntıǵıp kútiwdi, ájayıp kúnlerdiń birinde uzaqtan shań-tozań kóterip, súriwdi aydap keliwin saǵınıp kútiw menen júredi.

## QISTIŃ SUWIQ KÚNLERI

— Farhad, tur, turaǵoy balam!

Farhad kózin ashsa apası bas ushında tur eken.

Úy muz kesek. Onıń hesh turǵısı kelmes edi.

— Búgin qala kún ǵo, — dedi Farhad qosjaqpaslıq penen. — Ele erte.

—Turaǵoy, endi, — dedi anası jalınıshlı hawazda. — Dayı apańdikine barıp kel, úyde un túwesilipti.

Farhad ilajsız ornınan turdı.

Anası hár saparǵıday urıstı, ǵarǵap-silep, qolına un shanashtı uslattı.

Farhad iynine ákesiniń pida bolıp ketken shapanın jamılıp, ayaǵına etigin kiydi de sırtqa shıqtı. Keshe jawǵan qar ayaǵınıń astında ǵıshır-ǵıshır etedi. Kún suwıq edi. Ol diywalǵa amanat ǵana ilinip turǵan dárwa-zadan shıqqanda, ǵarrılıqtan qawsap turǵan iyti Alapar da birge erdi.

Dayı apası bulardan bes shaqırım bılayıraqtaǵı awılda turadı. Jezdesi urıstan jaqında qaytıp keldi. Bir ayaq penen

qayttı. Birewi ağash ayaq. Olar erli-zayıplı júdá tatıw turadı. Bálkim aralarında perzent bolmağan soń sonday shığar. Hár saparı úyde un túwesilse solar kúnine jaraydı.

Farhad ayağındağı ákesiniń úlken hám awır etigin gúrpildetip, zorğa kóterip barar edi. Shamal qardı ushqınlatıp, kózin ashtırmaydı. Alapar aldına ótip alıp, úyilgen qarlardı iyiskenedi de, jáne alğa júredi.

Farhad dayı apasınikine jetip kelgende quyash arqan boyı kóterilgen edi. Apası quwanıp, úyine kirgizdi, apasın, sińlisi Nazakatlardıń amanlığın soradı. Suwıqqa tońıp qalğanğa ba, Farhadqa úy júdá ıssı kórindi. Dayı apası dasturqan jayıp, aldına nan, súzbe qoydı.

— Ağańnan xat keldi me? — dedi gáp aralarında.

— Yaq, ele... — Farhadtıń kózinde jas jıltıradı.

— Kelip qalar, balam. Ele kórerseń...

Farhad jezdesin kútip otırmadı. Quday bilsin, qashan keledi ol. Dayı apası menen xoshlasıp, jolğa tústi. Alapar onıń qolındağı túyinshikke telmirip qaradı, bir nárse alıp berer me eken dep táme eter edi.

— Qoy, Alapar, úyge barğansoń bunnan awqat isleymiz, — dedi Farhad iytiniń basınan sıypap. — Sağan da sonnan beremiz. Súzbeni sen jey almaysań.

Keyin ishley quwanıp, dayı apasınıń aytqanların tákirarladı. Keshikpey qıs ótedi, bahár keledi. Erikler, almalar gúllep, miywe saladı. Kún jılıydı...

* * *

Farhad dárwazasınıń aldında turğan Xalil pochtanı kórdi de, tonğanın da umıtıp, úyine qaray juwırdı.

Pochtanıń qolında xat bar edi. Ağasınan!

— Xat! Ağamnan xat keldi! — dep Farhad anadaydan baqırıwı menen jetip keldi.

Xalil pochta protez ayaqların ğıshırlatıp, artına burılıp qaradı da, qatıp qaldı: Onıń qarsı aldında suwıqqa tońıp, betleri kógerip ketken Farhad turar edi.

Xalil pochta naylaj xat uslaǵan jalǵız qolın artına jasırdı. Onıń kózlerinde jas tamshıları jıltırar edi.

## QOLLAR

Oǵan súwret berdi. Ózinin súwretin. Siziń súwretińiz dep berdi.

* * *

Ol hár saparǵıday túslikten erte kelip, jáne sol qaǵazlarǵa kómildi. Biraz waqıttan keyin bólmedegi kásiplesi kirip keldi.

— Mine súwretińiz, alıń, — dedi kásiplesi bir súwretti onıń stolına qoyıp. — Qaǵazlardıń arasınan shıqtı.

Keyin óziniń stolına barıp, iske «qumbıl boldı».

Ol súwretti qolına aldı. Súwrette ol kóz áynek taqqan, barmaqların bir-birine ayqastırıp, stolǵa qoyıp, tuwrıǵa názer taslap otırıptı.

Ol hayran boldı! Súwret oniki emes edi. Ol heshqashan kóz áynek taqqan joq, bunday jaǵdayda súwretke de túspedi. Lekin, súwrettegi adam oǵan júdá-júdá usaydı. Uqsaǵanlıǵı sonshelli, eger óziniń onday bolıp súwretke túspegenligin eslemegende sózsiz ózimniń súwretim der edi.

Kásiplesine:

— Raxmet, — dedi de, súwretti kostyumınıń tós qaltasına salıp qoydı.

— Arzımaydı, — dedi ol qaǵazdan bas kótermesten. —Meniń sizge doslıq keńesim endi de súwretińdi áytewir qaǵazlardıń arasına taslap qoya bermeń. Súwretińiz báribir sulıw hayallardıń emes, men qusaǵan erkeklerdiń qolına túsedi.

— Máslahátińiz ushın raxmet! — dedi ol. — Bunnan buyaǵına esimde boladı.

Ol qansha awır minezli bolsa da, házilleskendi jaqsı kóretuǵın edi.

* * *

— Saǵan bir súwretinidi kórsetemen, — dedi jigit bir kásiples tanısına ol kirip kelgende. — Sen om qashan túskenimdi aytıp beresen, yaǵnıy, neshe jıl burın túskenimdi.

— Ol nege kerek boldı?

— Kerek.

— Nege?

— Kerek tá! Kórseteyin be?

Ol súwretti kásiplesine berdi. Kásiplesi oǵan uzaq tigilip qaradı. Soń qaytıp berdi.

— Uzaǵı menen bir jıl.

— Raxmet.

Ol súwretti qaltasına salıp qoydı.

— He, júdá qáte ayttım ba? — dedi dostı tańlanıp.

— Yaq. Tup-tuwrı taptıń.

* * *

— Saǵan bir súwretti kórsetemen, — dedi ol qádirdan dostına.

— Kórset, — dedi Qádirdan dostı.

Kórsetti.

— Jaqsı, — dedi Qádirdan dostı

— Zor, — dep maqtadı Qádirdan dostı.

— Maǵan sawǵa et usı súwretińdi — dedi keyninde Qádirdan dostı.

— Máyli, — dedi ol súwretti Qádirdan dostınan alıp. Soń súwretti qaltasına salıp qoydı.

— Iras aytaman, maǵan ber, — dep taǵı ótinish etti Qádirdan dostı. — Sennen estelik bolıp qaladı. Mende jaqın arada túsken bir de súwretiń joq.

— Yaqshı, — dedi ol.

— Kóriskenshe.

* * *

Hayal súwretke uzaq qarap otırdı. Stoldıń ústine qoyıp, eńkeyip úńildi. Aylandırıp kórdi. Keyin kúyewine qaradı.

— Qashan túsip ediń?
— Bir ay boldı.
— Jaqsı, — dedi hayalı. — Bir awız aytpaysań-ám!
— Gazetaǵa xabarlandırıw berip edim, — dedi ol. — Baspadı.
— Solay ma? — dedi hayalı kúlkiden óziń zorǵa uslap.
— Solay, — dedi ol súwretti alıp.

* * *

— Usı súwretińizdi maǵan beriń, — dedi kishkene qızı.
— Hámme jaqsı nárse balalarǵa, — dedi ol.
— Maǵan beriń, albomǵa.
— Yaqshı, — dep razı boldı ol. — Lekin, bul súwretti emes. Saǵan basqa súwretimdi beremen. Eń shıraylısın. Kelistik pe?
— Boladı, — dedi qızı. — Eń shıraylısın.
— Sonday boladı, shıraylısın beremen, — dep tastıyıqladı ol. Súwretti qızınan qaytıp alıp atırıp.

* * *

— Bul súwretimdi sizge sawǵa etemen, — dedi ol anasına.
— Qáne? — Aqlıǵına toqıp atırǵan qolǵabın bılay qoyıp, súwretke qaradı kekse kempir.
Ol súwretti anasına berdi.
Anası súwretke tigildi. Kóz áynegin alıp, lám kózlerin súrtip, qaytadan tikti. Tigilip qaradı, keyin balasına. Keyin jáne súwretke úńildi. Soń súwretti balasına qaytıp berdi.
—Bul seniń súwretiń emes.
Birden onıń júregi misli soqpay qalǵanday boldı. Ayaqlarınan dimar ketip, qarsı aldındaǵı kresloǵa otırdı.
— Qáyerden bildińiz?
— Qollarınan, — dedi anası.
— Qollar seniki emes.

## «SIZDI BIR SINAYIN DEP EDIM»

1936-jıl. Hámra Axmedaliyev aldıńgı kolxoz baslıq sıpatında xalıq xojalıǵı kórgizbesine Moskvaǵa bardı. Qaraqalpaqstanlı joldası menen birge miymanxanaǵa ornalastı. Eki adamlıq, ayaq astına payandoz tóselgen sulıw bólmeni kórip, zeyni ashıldı. Kostyumın sheship shkafqa ildirdi de, ózin krovatqa tasladı. Birazdan keyin kresloǵa shalqayıp otırdı. Quwanıshı ishine sıymas edi. Qáne, endi awıldaǵılar onı házir bir kóreǵoysa!

Esikti ashıp dálizge shıqtı. Vestyubildegi kándildi uzaq tamasha qıldı. Dálizdiń ana basına deyin barmaqshı edi, erindi, uzaq eken. Jaqsısı, jayǵa kirip dem aladı. Jolda biraz sharshadı da. Keyin birden hawlıqtı! Qaysı bólme edi meniki? Bári bir-birine usaǵan esik... Sherigimniń izine erip kete berippen. Nomerine de qaramappan?

Lekin, Hámra Axmedaliyev tapqır adam edi.

Ol biraz oylanıp turdı da, qarsı aldındaǵı esikti qaqtı.

— Hámra Axmedaliyev usı jerde tura ma? — dep soradı russhalap.

— Kim? Yaq! — dep juwap berdi krovatta jatıp jurnal oqıp atırǵan semiz hayal.

Hámra jáne bir esikti qaǵıp, sorawın tákirarladı. Jańaǵıday juwap aldı.

Solay etip, ol biraz adamnıń mazasın aldı.

Talabı kelispedi. Onı uwayım bastı. Endi ne qılıw kerek? Ya bir hújjeti, ya bir som pulı joq. Hámmesin hayalı kostyumnıń astarına qoldan salǵan qaltaǵa tıǵıp qoyǵan edi. Mańlayınan suwıq ter quyıldı. Aqır soń qarsı aldındaǵı esikti ashtı.

— Hamra Axmedaliyev usı jerde jasay ma?

— Haw, Hamra aǵa, sizge ne boldı? — dedi joldası hayran bolıp.

Hamramıń júzleri jaynap ketti, lekin sır bermedi.

— Á-áy, Hamra Axmedaliyevtı tanırmekensiz, dep bir sınayın dedim dá, — dedi kúlip.

## QASIM AĠANIŃ SHAMLARI

Qasım aġa awıl xojalıq yarmarkasınan repartaj jazıp alıw ushın jańadan ashılġan jayma bazarġa qarap júrdi. Siyrek tabılatuġın zatlar tek wálayat awıl xojalıq yarmarkasında arnawlı talonlar menen ġana beriletuġının bilgen Qasım aġa tanıslarınan eki talondı da aldı.

Talonġa eki paketli zat satıp aldı. Paketlerde sháynek-kesa, jasalma gúl salġıshtan basqa sırtına «svechi» dep jazılġan eki qutısha da bar edi.

Yarmarkadan kelgen Qasım aġanıń bólmesi kásiplesleri menen lıq toldı. Hámme onıń ákelgen zatların birim-birim háwes penen kóre basladı. Sat dep úgitlep kórdi. Lekin, ol satpadı.

— Dım bolmasa mına qutıshalardıń birewin sat, —dedi sanaat bóliminiń baslıġı Riza. — Kórmeyseń be, «Svecha» dep jazıp qoyıptı. Eki qutı shamnıń bárin ne qılasań?

Qasım aġa onıń rayın jıġa almadı. Institutta birge oqıdı. Qalaberse, kólemli bir maqalası sol bólim arqalı shıġayın dep turıptı. Qutınıń birewin berdi.

Mártlik etip pulıŋ da alġan joq.

Riza qutını alıp ózinin jayına ketti. Lekin, yarım saattan keyin taġı qaytıp keldi.

— Qasım jora, anawsın-ám ber. Pulın eki ese etip tóleyin. Qudayġa shúkir, svet bargo, shamdı ne qılasız?

Riza izine túsip, qoymadı.

— Dostım, aġamnıń mazası joq. Ólip qalsa sham kerek boladı. Jaġıp qoyaman. Rux shamdı aylanadı eken.

Riza ózin tuta almay kúlip jiberdi. Soń Qasım aġaġa qutınıń qaqpaġındaġı sulıw gúllerdiń arasındaġı «shokolad» degen jazıwdı kórsetti.

Qasım aġa óz peshanasına ózi shappat urdı.

— Berman ber meniń shok... shamlarımdı

— Áy, Qasım jora-a, — dedi Riza kúlip. — Shamlarıńdı qashshan «jaġıp» boldıq. «Jarıġı» zor bolmaġanda taġı sorap kelemen be?

## KEBIR AWİL

Bul awıldıń adamları hesh awzı birikpeydi eken. Tuwrı gápti de, qıysıǵına buradı, joq jerden shań shıǵarıp, bir-biriniń sırtınan ton pishedi. Ásirese, suw tartısı erte báhárden tap qara gúzge deyin dawam etedi eken. Gezek penen insaptı ortaǵa qoyıp suw alıwdıń ornına, birewi-birewine kúsh kórsetip atırǵan, sonda da biri eki bolmaytuǵın bereketsiz awıl eken bul.

Báhár jawın-shashınlı kelipti. Túni menen jamǵır quyıp, azanda quyash jarqırap turar eken.

Bul naǵız diyqanshılıqtıń bereketli bolatuǵının bildiredi. Lekin, sonda da suwdıń ústinde tawsılmaytuǵın ǵawǵa.

Sonday talas-tartıslardıń birinde appaq saqalı kókiregine túsken bir qariya olardı aqıllandırmaqshı bolıptı.

— Allaǵa shúkirlik eteyik, bıyıl jawın-shashın mol boldı. Suw ushın búytip bet jırtısa bergenińiz uyat boladı.

Bárqulla ǵárremlik etip júretuǵın úsh-tórt jánjelkesh:

— Jamǵırdıń atı—jamǵır, — dedi ǵarrıǵa. — Suwdıń ornı bir bólek.

Olar basqalardı da sózine awdırıptı. Olardıń da kewline shaytan kirip, aspannan túnergen qap-qara bult kelgenin de sezbey qalıptı.

Gúldirmama gúldirlep, shaqmaq shaǵıp, bultlarǵa «qılısh» urıptı: Kúshli samal menen sonday bir nóser quyıptı, jap penen joldıń parqı qalmaptı. Daraqlardı sındırıp, qoralardı jeksen etipti. Eginlerdiń bári suw astında qalıptı. Adamları boy tasalaǵanday pana tabalmaptı. Bul bar joǵı on minuttay ǵana dawam etken eken. Bult ótip ketipti. Samal tınıptı. Kebir awıldıń adamları átirapqa qarap hayran bolarmısh.

Bul qalay boldı? — depti diyqanlardıń biri jılaǵanday bolıp. — Usınsha jamǵır kerek waqtında bólip-bólip japqanda bolmay ma?

— Bul — Allanıń ǵázebi, — depti baǵanaǵı qariya. Aldın shamal da, jamǵır da bir jón edi. Ol Allanıń miyrim-shápáátí edi. Bul sizlerdiń peylińizge bola Allanıń jibergeni.

Hámme tım-tırıs bolıp qalıptı.

## «ENDI ÓSIW JOQ»

Qasım aǵa bir kúni dostına shaǵındı.

— Jay xızmetker bolıp ótip ketetuǵın qusayman.

— Háreket etiw kerek, — dedi dostı. — Zamanbayǵa qara, eki jıl islep, bólim baslıǵı bolıp aldı.

— Á-áy, onıń qáytip lawamızǵa kóterilgeninen xabarıń joq pa?

— Yaq.

— Bir kúni gazetada familiyasız ebindey bir qosıq járiyalandı. Jıynalısta hesh kim tilge almaǵan sol qosıqtı Zamanbay aspanǵa shıǵarıp maqtadı. Familiyasın qabıllamaǵanına qattı ókinishin bildirdi. Men hayran boldım. Kóp uzamay onı bólim baslıǵı etip tayınladı.

— Onda sen de basıńdı islet.

Qasım tez kóteriliwdiń «receptin» Zamanbaydan soradı. Ol sol qosıqtıń bas redaktorı ekenligin aldınnan biletuǵının, sonıń ushın ádeyi maqtaǵanın ayttı. Qasım sonnan baslap kútip júrdi. Bas redaktordı ilham tárk etti me, qaytıp onday qosıq shıqpadı. Zamanbayǵa qayttan shaǵındı. Ol bas redaktor awıl xojalıq bóliminiń baslıǵın jaqtırmay júrgeni, sol bólimnen shıqqan maqalanı bórttirip kritikalasa jaman bolmaytuǵının ayttı. Qasım iske kirisip ketti. Baxtına sol bólimnen júdá bir sayız jazılǵan maqala shıǵıp qaldı. Hákisine bas maqalaǵa tema qoyılmaǵan edi. (wonı kópshilik waqıtları bólim baslıǵı tayarlaytuǵın edi). Qasım jıynalısta on minuttay sóylep, bas maqalanıń póstegin qaqtı. Bas redaktordıń da qattı ǵázebi keldi me, qap-qara bolıp, tútep ketti. Hámme jım-jırt tıńlap otır.

Qasım sóylep bolıp, ornına otırdı. Sol waqıtları Zamanbay qulaǵına sıbırladı.

— Wayran qıldıń, bas maqalanı baslıqtıń ózi jazıp edi ǵo...

— Gójeni tógippen dá, onda?

— Basıń islemedi, dostım, islemey qaldı. Endi bas redaktor ketkenshe ósiw bılay tursın, usı ornıńda islep tursań quwana ber.

## SHÚKIRSHILIK

Bir kisi azanlı-kesh joqshılıqtan nalır edi. Onıń bul ádeti janına tiyip, hayalı barına shúkirshilik etip, kóbirek miynet etiwdi másláhát beripti. Ol bolsa hayalına jekirinip, úyine kirip ketipti.

... Úyine bir topar adamlar kelipti.

— Úlken balańdı alıp ketemiz, — depti olardıń baslığı. — Ornına bir qora qoy beremiz.

Áke olardıń aldında diz shógip, ótinish etipti.

— Onda ortanshı balańdı alıp ketemiz. Máyli, ketse bizden ketsin, esesine bir úyir jılqı beremiz, — depti olar.

Jańağı adam jáne jılap jiberipti. Balasına tiymewin ótinipti.

— Onda genjetay balańdı alıp keteyik. Esesine bir gúze altın, kóp pul beremiz, — depti.

Biyshara áke tınıshına qoyıwın ótinish etip, Allağa jalbarınıptı hám óz dawsınan oyanıp ketipti.

— O-o, úlken baylıǵım perzentlerim hám ózimniń tınıshlıǵım eken ǵo. Áy, Alla, bergenińe shúkir, — dep táwbege kelipti.

## KEWILDEGI GÁPLER

Hesh kim bul dúnyaǵa tosınnan kelgen emes, hár kimge minnetlengen wazıypalar bar. Eger hárbirimiz moynımızǵa júklengen wazıypanı hadal hám shın kewilden atqarǵanımızda edi, ómir haqıyqıy jánnetke aylanar edi.

* * *

Hár insannıń kewlinde ózi jasap atırǵan dúnyadan kórgen-bilgenleri tiykarında muqaddes hám jerkenishli sezimler payda boladı. Sonıń ushın da biz aqıl-sanamızǵa ılayıq dúnyanı aq-qara reńlerge ajıratamız.

* * *

Hárqanday nızam-qaǵıydadan—adalat, adalattan góre miriwbet, miriwbetten bolsa miyrim-shápáát joqarı turadı degim keledi. Eger insan óz kewlinde jaqsı niyetlerdi jámley alsa ómirde nızam iskenjesinde qıylanbas edi. Bálkim, qarsı alǵan hárbir tańınan zawıqlanıwı múmkin.

* * *

Biz ómirde kimdi hám neni xor etsek, soǵan zar bolamız. Eger hárbir insannıń kewlinde ullı miyrim-shápáát hám miriwbet tasıp tursa, baxıtsızlıq degen ashshı kórgilikke dus bolmas edi.

* * *

Ómirde jaqsı adamlarınan tek óz mápi ushın paydalanıwdı ádet qılıp jasaǵan adam, bir kún bolmasa bir kún ózine dártles insanǵa mútáj bolıp qalatuǵını anıq. Sonda qasında dártine sherik bolǵanday bir jan tappay, ǵamgún halatqa túsedi.

* * *

Ómir miyrim-shápáát penen ullı. Eger dúnyada ózińnen basqa jaqsı kóretuǵın adamıń bolmasa, onda jasawdıń da mánisi qalmaydı.

* * *

Átiraptaǵılar pisent qılmasa da, eger ol mártlik, hújdan hám iyman degen muqaddes sezimlerge ámel qılatuǵın bolsa, ol insan haqıyqıy baxıtlı insan.

* * *

Ómirdiń qıyınshılıqları menen bir qatarda lázzetli tamanları da kóp. Sonday lázzetli demlerden biri awır qıyınshılıqlardı jeńip ótken waqıttaǵı kewilde payda bolatuǵın zawıq.

* * *

Óner, kásip ańsatlıqta qolǵa kirgizilmeydi. Onıń qıyınshılıqların jeńip ótiw, sırların bilip alıw ushın bazda azap hám qıyınshılıqlarǵa kómilip ketiwiń múmkin. Sol qıyınshılıqlardı jeńgen insan ǵana gózlegen maqsetke erise aladı. Áne, sonday qıyınshılıqlardı jeńgen insanǵa bunday qıyınshılıqlar keyin ala ápiwayı shınıǵıwǵa aylanadı. Yaǵnıy, sabır-taqat, shıdam — baxıttıń gilti.

* * *

Eger basshı erisken jetiskenliklerdiń bárin «Men», «Men» dep ózine baylanıstıra basladı ma, demek, ol úlken qátelerge jol qoya baslaǵanı.

* * *

Kishipeyillik hám ápiwayılıq insannıń kimligin bildiriwshi belgiler.

* * *

Kiyiniwdiń ózi adamnıń kimligin ańlatadı.

* * *

Adam miynet ushın qansha sabır-taqat, qansha qunt sarp etse, soǵan jarasa oǵan da sol qurlım baxıt inam etiledi.

* * *

Adam daraq egip, onıń miywasın jıllap kútedi. Biraq, daraq bergen miywa pútkilley dámsiz bolıp shıǵıwı da múmkin. Sonıń ushın da egip atırǵan náldiń sortın aldın ala bilgen diyqan ǵana jańılıspaydı.

* * *

Bazda átirapımızda kimler barlıǵına itibar berip turıw zárú boladı. Sebebi, bir kún kelip seniń kimligińdi sol adamlar bel gilewi múmkin.

* * *

Sen táriyiplep atırǵan gózzallıqtı shın júregiń menen sezin alsań ǵana, seni tıńlaǵan adam onnan tásirleniwi múmkin.

* * *

Adam óz jaqınlarına kerek emesligin sezse, onıń aldında túp siz tuńǵıyıq payda boladı.

* * *

Jaqsılıqtı jaqsı adamlarǵa islew kerek. Jaman adamǵa islenge jaqsılıqtıń aqıbeti úlken jınayat penen tamamlanıwı múmkin.

* * *

Tek ǵana «tabarman-tutarman» bolıw ushın kásip iyelege adam ómir jolınıń bir qıyabanında sergizdan bolıp qalıp ketiw múmkin. Kásip ushın shın kewilden súyiw hám háweslik kere

* * *

Maqsetke erisiw ushın insan óz waqtında hám óz dáwirind attı qamshılawı kerek. Bolmasa hámmesi ármanǵa aylanıp qalad

* * *

Opadarlıqqa qıyanet etken adam, qartayǵan shaǵında bolsa d báribir juwap beredi.

* * *

Jası biraz jerge barıp qalǵan adam «Men ne ushın jasadım degen sorawdıń zawalınan qutılıw ushın, ol bul sorawdı jaslıqt hár kúni ózine berip barıwı kerek.

* * *

Niyeti buzıq adamlardıń kimligin sezgen zamatı onna uzaqlasıw kerek. Bular kútilmegen jaǵdayda apatshılıqqa duwsha etedi.

* * *

Bazda sonday gápler qulaqqa shalınadı «Erkek adam úyinen taba almaǵan izzetti kósheden izleydi». Tiykarında xojalıǵına, perzentlerine miyrim-shápáátli, óz wazıypasın umıtpaǵan insan izzet-húrmetti kósheden izlemeydi.

* * *

Haqıyqat degen ne? Haqıyqıy hújdan hám iymannıń juwmaǵı.

* * *

Insannıń insanǵa jalǵan múnásibeti, bir zamanlıq esken jelge megzeydi. Ol sál ótpey tınadı.

* * *

Geyde siz húrmet etetuǵın adamlardıń da zeynine tiyip alatuǵın payıtlar boladı. Sen qansha haq bolsań da, sol isińe keyin ala ish-ishińnen pushayman bolasań.

* * *

Eger insan jasap atırǵan kúnin aqırǵı demlerim dep esaplasa, kemnen-kem qátelikke jol qoyar edi.

* * *

Eger insan óz erkin basqara alsa, ondaǵı aqıl-kúshke húkimiranlıq qılsa, aqıbeti baxtiyarlıq belgisidúr. Bunıń kerisi ármanda qaldıradı.

* * *

Er adamnıń ar-namıs tayanıshı — hayaldıń moynında.

* * *

Namıssızlıq penen mıń jıl ómir súrgennen haqıyqıy insan bolıp bir kún jasaǵan abzal.

* * *

Hárqanday jaqsı niyet wazıypa menen birleskende paydalı iske aylanadı.

* * *

Hújdan azabı — húkim menen berilgen awır jazadan mıń ese awırraq.

* * *

Hárqanday hárekettiń nátiyjesi ortalıqqa baylanıslı. Sebebi, hárqanday jaqsı nál de tas ústinde óse almaydı.

* * *

Baxtıyar insanlardıń ómir jolları kóbinese bir-birine uqsap ketedi. Bul jollardıń uqsaslıǵı — qáteler, olardı qıyınshılıq penen joq etiw hám olardan shıǵarılǵan nátiyjeni esten shıǵarmastan alǵa umtılıw bolıp tabıladı.

* * *

Bazıbir adamlar «Meni kóre almaydı» dep jaqınların ginalaydı. Eger mereke-meylislerde jaqın-juwıq, dos-yaranları om jaqtırmay atırǵan bolsa, ayıptı ózinen de izlep kóriwi kerek.

* * *

Balanıń keleshegi ushın hárqanday mal-dúnya aqıl-násiyattan ibarat sawǵa aldında arzımaǵan nárse bolıp qaladı.

* * *

Men turmıs tájiriybeme tiykarlanıp, alımlardı úsh taypaǵa bólgim keledi. Birinshi taypadaǵılar — aqıllı insanlar. Olar hátte basqalardıń qátelerinen de juwmaq shıǵara aladı hám onday jaǵdayǵa túspeydi. Ekinshi taypadaǵılar — qılmıslarınıń jemisin tatıp kórgennen keyin ǵana aq penen qaranıń parqına baradı. Úshinshi taypadaǵılar — qátelerinen qansha jábir shekse de, onnan juwmaq shıǵara almaydı.

* * *

Eń qáwipli dushpan — dosqa aylanǵan dushpan bolıp esaplanadı. Sebebi, ol seniń eń ázzi tamanlarıńdı jaqsı biledi.

* * *

Ar-namıssız insannan hárqanday masqarashılıqtı kútse boladı. Sebebi, ol heshqashan el-jurttan uyalmaydı.

* * *

Dos penen dushpandı ajırata biliw, aqıllı insannıń isi. Adamdaǵı usı qábilettiń ózi hárqanday bále-qádelerden saqlawı múmkin.

* * *

Jaqsılıq penen jamanlıqtıń ortasında belgilengen shegara bolmaydı. Tigisligin bildirmeytuǵın birewler hátte ózleriniń dushpanlıǵın da jaqsılıq dep túsindiriwi múmkin.

* * *

Insan hámel paǵanasına qansha kóterile bersin, óz ústinde baxıtlı bolmasa, onıń tapqan baxıtı—yarım.

* * *

Ustaz shákirtine bir tarawda bilim beriwi múmkin. Lekin, turmısta zárúr bolǵan júzlegen ilimlerdi ómirdiń ózi úyretedi.

* * *

Ustaz hámme shákirtlerine bir qıylı jetik bilim beriwi múmkin. Lekin, shákirtlerdiń hámmesi zıyalıhq dárejesine erise bermeydi. Tek shákirttiń peyil-ıqpalı ǵana joqarı dárejege kóteriledi.

* * *

Bir-birine jaqın júrgen, jolında ushırasqan qıyınshılıqlardı birge jeńip, ómirde ushırasqan qáteliklerdiń ashshı miywaların birge tatısıp baxıtqa eriskenlerdiń doshǵı máńgi boladı.

* * *

«Miynet túbi ráhát» degen ápiwayı bir maqalday seziledi. Lekin, onıń tamırında úlken máni jasırıngan. Sebebi, haqıyqıy sabır-taqat hám qaysarlıq penen miynet etken insan ǵana gózlegen maqsetlerine erisedi hám dúnyadan ármansız ótedi.

* * *

Nızamlardı jámiyetti tártipke keltiriwshi úlken kúsh dep bilemiz. Lekin, analar júregindegi miyrim-shápáát sezimi hárqanday tártip qaǵıydalardan mıń ese miyrimli, qúdiretli hám ádalatlı.

* * *

Siz eń jaman degen adamıńızdı sınap bilesiz be? Eger ol ómir jolında izine keminde úsh-tórt adamdı ertip júre alǵan bolsa, ol demek adamgershilikten pútkilley ayrılmaǵan eken.

* * *

Nağız pazıyletli insan jasaw ushın gúreslerde janın qurban etse etedi dá, páslikke barmaydı.

* * *

Birewdiń sózi menen kisini jaman atlı qılmastan burın, sol sózdi kimniń jetkerip kelgenin de oylap kór.

* * *

Diyanatsız, sóziniń turağı joq adam qansha bay dáwletli bolsa da, onnan mádet kútpegen maqul. Onnan negizi, paydadan góre kóbirek zıyan keledi.

* * *

Úysiz, watansız jasap atırğan adamdı haqıyqıy jalğız dep ataw múmkin.

* * *

Nadan hám qıtımır adamğa jaqsılıq etiw, eń jaqsı náldi appaq kebirge otırğızğan menen barabar.

* * *

Shańaraq hárbir insannıń arzıw-úmitlerin iske asıratuğın súyengen tawı. Sonın ushın da ol ne tapsa sol jerge alıp baradı. Tiykarında, Watanğa da usınday múnásibette bolıw zárúr. Shańaraq — kishkene watan. Demek, Watan da úlken úyimiz.

* * *

Hayal qanshelli názik bolmasın, izinde súyener adamı bolsa pútkil dúnyanıń salmağın jelkesinde kóterip turıwğa qúdireti keledi.

* * *

Júz jigit xoshamet qılıp tursa da qız, solardıń ishinen eń súykimlisin, gápke sheshenin, sózi menen aspandağı aydı alıp beriwge wáde beretuğının tańlaydı. Biraq meniń baqlawımsha gápke sheber adamlardıń bári de ómirde ol oylağanday bolıp shıqa bermeydi.

* * *

Ómirdi hárqaysısı hár túrli túsinetuğın jigit penen qız turmıs qursa aralarında úlken tosıq payda boladı. Olardıń keleshekte baxıtlı bolıwları sol tosıqtı joq ete alıwına baylanıslı.

* * *

Eger hámme bir qıylı oylap, bir qıylı pikir júritetuğın bolğanda dúnya ermekke aylanğan bolar edi. Biz negizinde jaqsı pikirlerden órnek alamız, jaman pikirlerge qarsı gúresemiz hám sol arqalı alğa ilgerileymiz.

* * *

Adamlar jaqsılıqtı da, jamanlıqtı da umıtpaydı. Sonıń ushın da qáterjam jasawda qálegen adam qolınan kelgeninshe jaqsılıq islewge háreket etiwi kerek.

* * *

Mútáj adamnıń awırın jeńil etiw insanğa zawıq bağıshlaydı. Jamanlıq keltirip shığaratuğın aqıbet kiside jek kóriwshilik sezimin oyatadı.

* * *

Arıslan balaların asıraw ushın ólimge betpe-bet barıp ań awlaydı. Ol hátte oljanı ortağa taslap, balaları toyğanınsha nápsin tıyıp turadı eken. Bazda aqıl-sanalı ayırım insanlardıń óz perzentlerin kóshege taslap qoyğanın kórip jağa uslaysań!

* * *

Adamlar eń birinshi náwbette wádesine opasız insanlardı jek kóredi.

* * *

Qáte qılıp, onnan juwmaq shığarmay jáne sonday qáte qıla beretuğın adamnan soqır adam mıń márte artıq. Sebebi, soqır hasasın bir márte joğaltadı.

* * *

Baqıl adam menen keńpeyil insan arasındağı parıq sonnan ibarat, baqıl adam hátte tuwısqam jábir kórip atırsa, sonnan

ráhátlenedi. Keńpeyil adam dushpanı azaplamp atırsa da oǵan jan ashıtadı.

* * *

Eń qıyın jaǵdayda da adamgershilik pazıyletin joǵaltpaǵan adam haqıyqıy insandúr.

* * *

Hárbir jastıń aldında eki jol turadı. Birinshisi,—jelkesine awır mashaqatlı júk artıp, ómirdiń qırlı soqpaqlarınan júrip ótiw, ekinshisi—ata-ananıń toplaǵan dúnyasına súyenip, ráhátte jasaw. Bunday jaǵdayda kún menen tún, jaqsı niyet penen jawızlıq orın almasqanınday jaǵday júz beriwi anıq.

* * *

Jaslıq waqtında insan jaqsı niyetler jolında qansha miynet etken bolsa, qartayǵanda sonshelli izzet-húrmette boladı.

* * *

Jámiyetimiz shákirtleriniń familiyasınıń joqarısına óz familiyasın qosıp qoyatuǵın alımlardan tezirek tazalansa, rawajlanıwımız da sonshelli tezirek boladı.

* * *

Sabır-taqatlı insan islep atırǵan jaqsılıqları bahalanbasa da jaqsı niyetler jolınan qaytpaydı hám minnet qılmaydı. Insannıń jaqsı peyli de, islegen jaqsılıqları da bir kún kelip óz bahasın alatuǵını anıq.

* * *

Azǵana tabıslarınan marapatlanıp, «Men birinshimen» dep kókiregine uratuǵın insan óz dáwirinde heshqashan gózlegen mártebesine erise almaydı.

* * *

Ǵıybatshı ushın dúnyada jaman adamnıń ózi joq. Tek te onıń aytqanına júretuǵın hám júrmeytuǵın, oǵan paydası tiyetuǵın hám tiymeytuǵın adamlar bolıwı múmkin. Mısh-mıshlar mshanası tiykarınan paydası tiymeytuǵın hám ozıp ketkenlerge qaratıladı

* * *

Dúnyada keńpeyil, jetik hám hújdanlı adam ushın da, nadan hám baqıl adamlar ushın da jat bolmaǵan bir sezim bar. Ol da bolsa— muhabbat.

* * *

Oylanbay, aqılsızlarsha basılǵan bir ǵana qádemnen bir adam hújdan azabında qalıwı múmkin.

* * *

Jaqın-juwıqlarınan joqarıǵa kóteriliw ushın baspaldaq sıpatında paydalanǵan adam, waqtı kelip jıǵılar bolsa, qol ushın bergendey hesh kimdi taba almay sarsan bolıwı múmkin.

* * *

Insan óz baxtın tek mal-dúnya tabıw menen emes, paydalıraq kásip iyelew menen baylanıstırsa, bul jaǵday maqsetke jetiwdegi isenimlirek jol boladı.

* * *

Insapsız adamǵa erkin beriw, záhárli jılanǵa qanat baylaw menen barabar.

* * *

Bir-birewge múnásibet joǵalǵan jerde ortalıq buzıladı, ortalıq buzılǵan jerde ómir aynıydı.

* * *

Hárbir insan ózligin umıtpawı kerek. Haqıyqıy xalıq sonday insanlardan quraladı.

* * *

Bilim maqsetke hám jetiklikke baslaytuǵın jarıq juldız.

* * *

Insandı jaqsı tamanǵa ózgertiw ushın ádep onıń mehrine erisiw hám oǵan mehir kórsetiw kerek.

* * *

Insan turmıstıń ashshı sınaqların qanshelli jeńip ótse, sonshelli aqıllı hám epshil boladı.

* * *

Ómir tolqınlarınıń eń aldında márt insanlar júredi.

* * *

Insan kewli ómir ushın ne nárse áziz hám qımbatlı bolsa, sol nárseni sezgirlik penen ańlaydı. Sonıń ushın da ol muhabbat aldında qınınan shıqqan pákidey ótkir.

* * *

Sonday waqıtlar boladı, bul máwritler insannıń ómir boyı yadında qaladı. Bul dáwir, insan keleshegin belgilewshi qararlar qabıl etetuğın payıtlar.

* * *

Insan ózligin sezinip, ózin qanshelli túsine baslağan sayın, kúndelikli jiberetuğın qáteleri sonshelli azaya beredi.

* * *

Baxıt — áwmet kúlip bağıwında emes, óz maqsetlerine jetpegenshe gúresiwden sharshamaytuğın, tınımsız miynet qılatuğın adamğa tiyisli qádiriyat esaplanadı.

* * *

Ómirde óz abırayın saqlap, oğan daq túsirmey jasaw ushın hárbir qádemdi oylap basıwğa tuwra keledi.

* * *

Hárbir insan ómirde atqan qádemi ushın erte me, kesh pe juwap beredi. Shıntlap umtılsa qátelerin jaslar dúzetiwi múmkin. Lekin, qartaygandağı hújdan azabınan quday saqlasın.

* * *

Ómirdiń shın mánisi muhabbattan ibarat ıshqı kimlerge atalğan degende usılay juwap bergen bolar edim. Ol bárinen burın — Watanğa, ata-anağa, perzentke, kewilge jaqın insanlarğa, sheksiz dalalarğa, bağıw-shámenlerge, ırğalğan egisliklerge, haywanatlar álemine bolğan kewil sezimleri sizdi qádirlegen jer menen aspan da muhabbatqa ılayıq. Bunı tek ğana ómirge muhabbat kózi menen qarağan insanlar túsinedi.

* * *

Insan waqtı-waqtı ózine ne ushın jasap atırman dep soraw berip tursa, onıń turmıs qálpi de, niyetleri de pútkilley basqasha bolar edi. Átteń, bunday sorawlardı ómirde ózine bir mártebe de berip kórmegen insanlar bar.

* * *

Turmısta yarına opalı, sabır-taqatlı, sadıq hayal joldas bolǵan erkek hárqanday qıyınshıhqlardı ańsat ǵana jeńip ótedi. Eger hárqanday miyirman, aqıllı hám keń peyilli erkek kewlindegini qas-qabaǵınan ańlamaǵan hayal menen bir dastıqqa bas qoysa, bunday xojalıqtıń keleshegi haqqında bir nárse dew qıyın.

# MAZMUNI

Oqılmaǵan xat *(povest)*............................................................ 3
Jeti ıqlım ıshqısı *(ádebiy scenariy)*........................................................ 19

## Gúrrinler

Isbilermen táwip ............................................................ 47
Ómir mazmunı............................................................54
Nawrız jamǵırı ............................................................ 57
Sol ǵozanıń astında............................................................ 61
«Bir parshabult,sheksiz aspan»............................................................ 66
Qızǵanısh bálesi yamasa talaplarǵa muwapıq ............................................................ 71
Uzaqtan atılǵan oq ............................................................73
Arza............................................................75
«Saatbay» áńgimeleri............................................................ 78
Jumıstan soń............................................................ 80
Sayaxatshı qumırsqa............................................................85
Lalagúldiń iysi............................................................ 89
Shopan............................................................ 92
Qıstıń suwıq kúnleri ............................................................93
Qollar ............................................................95
«Sizdi bir sınayın dep edim» ............................................................ 98
Qasım aǵanıń shamları............................................................ 99
Kebir awıl............................................................100
«Endi ósiw joq»............................................................101
Shúkirshilik............................................................102
Kewildegi gápler ............................................................103

BAHADÍR XUDAYBERGENOV

# OQÍLMAǴAN XAT

«Bilim» baspası
Nókis—2016


Redaktor *U. Yusupova*
Xudojnik *B. Reypnazarov*
Xud. redaktor *I. Serjanov*
Tex. redaktor *Z. Allamuratov*
Operator *N. Qaypbergenova*

Licenziya: AI №108, berilgen waqtı 2008-jıl 15-iyul.

Basıwǵa ruqsat etildi 11. 07. 2016-jıl. Formatı 84x108 $^1/_{32}$. «Times KRKP» garniturası. Ofset baspa qaǵazı. Ofset baspa usılında basıldı. Kólemi 3,625 b.t. 5,88 shártli b.t. 5,78 esap b.t. Nusqası 7200 dana. Bahası shártnama boyınsha. Buyırtpa № 441.

«Bilim» baspası, 230103. Nókis qalası, Qaraqalpaqstan kóshesi, 9.

Elektroń mánzil: bilim.baspa@inbox.uz

JSHJ «NISO POLIGRAF» tipografiyasında basıp shıǵarıdı.
Tashkent oblastı, Urta Chırchıq rayonı «Oq ota» KFY,